


MIBVUNZO NEMHINDURO

 . . . pano, ndangoupeta zvakare. Unoti:

24b. Munitora here zuva muchifunga zvinhu izvo zvamuchazotaura manheru?

Chokwadi zvinogona kutora zuva, handizvo here?

Kwete, Mukristu, hama yangu, ini handimbofungi zvandichazotaura kana ndava papurupiti. Ini ndinoverenga Gwaro pane imwe nzvimbo. Uye ini—ini ndakazivisa kakawanda pandaizoenda kupurupiti, ndaizoparidza pamusoro pechimwe chidzidzo, ndasvikako, zvino Mweya Mutsvene wonditenderedza kudzokera zvakare, woita kuti ndiite zvimwewo.

Ndakazviedza kaviri kana katatu kunyora zvinyorwa uye ndigoparidza nezvinyorwa. Chero bedzi ndichingotarisa pazvinyorwa izvi, pfungwa dzangu dzinobva dzabva panaMwari. Saka ndinofanirwa kungoenderera mberi ndozvitswanyatswanyanda ndozvirasira pasi uye chero zvaAnenge ataura. Dzimwe nguva ndinotangira nemuna Genesi zvino ndozopedzisira ndave muna Zvakazarurwa, ini. . . Saka ini handisi zvakanyanya mumwe—mumwe wevashumiri kungo—kungo. . . Ndinofanirwa kuwana mharidzo dzangu kubva Kumusoro.

Zvino ndi—ndinoverenga Gwaro, sezvandataura, pane munembo wechikara. Ini. . . Mudzimai wangu, amai vangu, uye nevamwe vanoziva, ambuya vangu vagere pano, vari kumba zvino kwechinguva, ndinongo, tingati nguva dzathree o'clock masikati, ndinotanga kunamata. Ndoenda mukati, ndotanga kunamata. Zvino ndinobva ndadzika, ndinofunga, “Zviya, ndati ndichataura manheru ano pamusoro pe*Munembo WeChikara*.” Ndichaendako. Zvino ndaunza, manheru ano, kuitira mhinduro konikodhenzi ya—yaCruden. Zvino ndeyekuti ndiwane mhinduro, kana, kwete—kwete mhinduro, asi imi munoziva kuti konikodhenzi chii: mashoko ose emuBhaibheri akanyorwa pasi. Saka, ini ndinongovhima mukonikodhenzi iyi kuti ndiwane, dzimwe nguva, kuti mubvunzo wemunhu uri papi.

Asi kazhinji kacho, sekuona kwandaita imwe yeshamwari dzangu tasangana muchitoro, kana pachitoro masikati ano, iye. . . tange tichitaura pamusoro pemibvunzo iyi, nezvakadaro, saizvozvo.

Zvino, hupenyu hwangu hwose hwandava nahwo, kubvira zvakaita mushumiri, ndagara ndine hondo potse nezvinhu zvose hazvo. Ini handina kumbobvira ndakaenda kuchikoro cheseminari. Uye zvinhu zvoga zvakadadzidza zvaive izvo zvaAkandiudza. Zvino ini ndokubva ndangogara pazviri uye—uye ndikazvitenda. Uye ndaitofanirwa kurwira potse

zvose hazvo zva—zvandinotenda, pasi rose. Ini...Ivo... Uko kuAfrica, munzvimbo dzakasiyana-siyana muminda yekuvhangerwa yekunze kwenyika, unowana zvitendwa zvisina kana kumbofungwa neAmerica. Zvino izvozvo zvinobva zvakandirwa kwauri. Asi chinhu chikuru ndakaedza nguva dzose kungomira paShoko rino, ipo pano; munoono, kwete paGwaro rimwe bedzi, zvinofanira kuuya nenzira yose nemuBhaibheri.

Zvino, unogona kutora Gwaro rimwe woriita kuti ritaure zvese—zvese. Munoziva here kuti vasingatende vanoshandisa Bhaibheri iri sebhuku ravo rekuitisa gakava? Ichokwadi. Asi zvinofanirwa kunge zviri zvimwe chete nzira yose. Zvino, kana mukaregererawo chirevo ichi (Ini, ndichangodaro, kuitira, senzira yekuti tikwanise kudzidza), iro Bhaibheri rakafanana nemufananidzo uri muzvidimbu zvakachekwa-chekwa zvikavhenganiswa. Ndizvo chaizvo. Zvino unotofanirwa kutarisa kuna Kristu Jesu, Patani yacho, kuti uzoziva kuti unozviisa sei pamwe chete. Ukasadaro, wotora pfungwa dzako, zvino unozobuda pakuonekwa kwazvo, mombe ichinhonga huswa pamusoro pemuti, ndicho chinhu chokutanga chaunozoziva. Hazvizomboshanda zvakakanaka. Asi kana ukangorega Mweya Mutsvene; chingorega kushandisa pfungwa dzako kana uchinzvera Bhaibheri. Kana ukaedza kushandisa ruzivo rwako kana pfungwa dzako, zvirokwazvo unozogara wakatenderedzwa nguva dzose. Maona?

Nokuti sokutaura kwakaitwa naKristu, “Ndakazvivanza kubva mumaziso eseminari, vachenjeri nevakangwara, uye ndichazvizurura kune vacheche avo vanogona kudzidza.” Munoono. “Ndakazvivanza.” Saka hapana zvikoro, nemabhodhi, ne—nemabhodhi echechi, anodzidzisa Rugwaro sezvarwunofanira kuitwa. Zvino, ichi chinhu chikuru chokutaura. Vanogona kunge vane zvakwadi yakawanda, asi Mweya Mutsvene anozvizarurira kudungamunhu. Saka, Mweya Mutsvene ndewe munhu mumwe nomumwe. Ndicho chikonzero icho sangano richibvisa vanhu mugwara raMwari nguva dzose. Nokuti Mwari vanogara vachipa chinhu chitsva nguva dzose, Vari kufambira mberi saizvozvo. Zvino, asi izvi zvinogara zviri nhangaruvanze. Tarisai uye moona pazvinokwatanuka kubva muBhaibheri, zvitariisei kuti zviri kukwatanuka sei zviri munguva. Saka unogona kuona kuti uri kuenda kupi.

Zvino, mumhinduro idzi, sekutaura kwandaita, ini ndiri mudzidzisi asinganyatsokwanisi. Asi ndinoda kutaura zvandinoziva pamusoro pazvo, ndingade ku—kuzvitsanangura kune vamwe. Zvino kana uchipesana uye woti, “Zvino, Hama Branham, ini handizvitende nenzira iyoyo,” zvakakanaka hazvo, izvozvo hazvitipatsanure zvokusazove hama zvachose, munoono. Isu tingori hama. Ini...Kana uchida kuve mu—mu—mu... kuve nhengo yeTemple of Continuity, unoziva, zvakanganaka

neni. Munooni. Uye kana uchitenda muna Ishe Jesu Kristu, tichingori vabati pamwe chete uye toenderera mberi. Zvino—zvino ndinotenda kucheneswa kwechinyakare kwakanaka kunokuita kuti unzwe saizvozvo pamusoro pazvo. Hamudaro here? Ndizvozvo chaizvo, zvinoita kuti tiwirirane.

Somurume uyu aive akamira manheru apfuura, amire pano chaipo, ane chinzvimbo chakadaro. Zvino—zvino ndakasangana. . . Heuno achibhishopi weIndia ari pano, ane vanhu vanodarika mamiriyoni mazana mana ane makumi manomwe evanhu. Zvino akauya, uye akanzwa pamusoro pazvo achibva auya kuno, akati, “Ichi ichokwadi here?”

Ini ndakati, “Ichokwadi.”

Iye ndokuti, “Ko ndinogamuchira sei Mweya Mutsvene?”

“Nokuiswa maoko pamusoro.” Ndokuisa maoko pamusoro pake, zvino Mweya Mutsvene uchibva wauya paari.

Akamira muChicago, pano, masvondo mashoma apfuura, pamusangano mukuru weChristian Business Men, akati, “Ini ndakava nemakadhinari uye nezvimwe zvose vachiisa maoko avo pamusoro pangu ikoko; varume vakuru, mabhishopi makuru, nevamwe vakadaro, vachiisa maoko avo pamusoro pangu apo pavakandigadza kuita muachibhishopi weIndia, muachibhishopi weEpiscopalian weIndia uye nemukuru weChristian Fellowship yeIndia.” Mucherechedzo wepamusoro-soro muzvinamato muIndia. Zvino ndokuti, “Hapana kana chakamboitika pavakaisa maoko avo pandiri.” Akati, “Ini ndakauya kuno kune muchinda akange asingamboziva maABC ake, zvachose, zvino iye ndokuisa maoko pandiri, zvino ndichibva ndagamuchira Mweya Mutsvene.” Ndizvozvo chaizvo. Zvaishamisa, handizvo here? Munooni.

Saka, hazviuye nokudzidza kana nezivo; zvinouya nokuzvininipisa pachako pamberi paMwari. Ndizvozvo chaizvo.

Zvino saka, heano maziviro auchaita kuti uri Mukristu: Nezvibereko zvaunobereka. Zvino, kwete nokudaizira kwaunoita. Ini ndinotenda mukudanidzira, asi hazvisi zvokuti unodanidzira here, kana kwete, ini. . . kana—kana kuti unotaura nendimi here, kana kwete. Izvozvo. . . Ndinotenda mukutaura nendimi. Hazvisi zvekuti unopodza varwere here, kana kwete. Ini ndinotenda mukupodzwa. Asi hezvinoi zvibereko zveMweya: rudo, mufaro, rugare, kutsungirira, hunaku, hunyoro, moyo murefu. Ndizvo zvibereko zveMweya. Maona? Zvino kana zvibereko izvi zvichikutevera, zvino ini—ini ndinotenda kuti ndizvo zvandakanzi naJesu nditarise.

Iye akati, “Neizvi vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vaNgu, kana mune. . .” [Ungano inoti, “Rudo mumwe kune mumwe.”—Mupepeti.] Ndizvozvo chaizvo. “Kana muine rudo mumwe kune mumwe.” Kunyangwe munhu wacho achipesana newe, asi unongomuda zvakadaro. Maona?

Oo, saka kana ukada avo vanokuda, ko unowana mubairo wakadii? Vatadzi vanoita zvimwe chetezvo. Maona? Maona? Asi unofanirwa kuda avo vanokuvenga, kwete kungonyebedzera sokunge unovada, asi kunyatsovada chaiko. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Maita henyu. Ndizvozvo chaizvo. “Ameni” ndizvozvo. Maona? Kana munhu achinyatsokuvenga, uye onyatsoratidza kuti akakuvenga, kunyange zvakadaro mumoyo mako uchimuda, iwe wave pedyosa noHumambo. Ndizvozvo chaizvo.

Zvino kwete kungomuda, woti, “Zvino, ini ndinoziva kuti ndinofanirwa kuzviita.” Asi iwe unongomuda zvakadaro. Kana usingamude kubva mumoyo mako, kana ukati unomuda usingarevese, unoziva kuti zvinokuitei? Munyengeri. Munoono. Saka usafambe woenda zvino womuudza kuti unomuda kusara kwekunge uchinyatsorevesa. Zvino kana usinganzwe kudaro, iwe ingogara ipo pano kusvikira wave kunzwa kudaro. Nokuti ndinokuvimbisa, kuti pane nyasha dzakakwana dzinogona kukuita kuti unzwe zvakadaro. Ndizvozvo chaizvo. Zvichanyatsoitika.

Zvino—zvino, mibvunzo iyi... Uye rangarira zvino, zvinofanana nemushumiro, zvinhu zvose izvi zvinenge zvisina kunangana nechechi yemumwe munhu, matendero echeru munhu, kwete zvachose. Ini ndingori mutabhenakeri yangu duku pano ndiri kungotaura manzwiwo angu pane zvidzidzo izvi. Munoono.

Uye zvino, kana uchipesana nazvo, izvozvo zvakanonaka. Unoziva here kuti hapana, zvachose, chero vaviri vedu pano, uye hapana kana mumwe wedu pano ane munwe wakafanana. Hapana mhino dzedu dzakafanana. Ndinofungidzira unofara kuti hauna yakafanana neyangu. Asi—asi zviri... Asi hapana pano vakafanana. Munoono? Saka zvino isu tichasiyana. Zvino, ini ndinogona kuda cheri payi uye iwe uchida yeapurosi, asi tose tiri kudya mapayi. Ndizvozvo zvacho zva—zvazviri. Saka, isu... Ndiyo pfungwa yacho. Chero bedzi tichingoda Ishe Jesu, uye takazvarwa patsva neMweya waMwari, tiri Makristu. Zvino, chechi haigone kukuitira izvozvo. Jesu anogona kukuitira izvozvo. Munoono.

Zvino, mumibvunzo iyi, tichitarisa pano, pane mimwe inoti tswinyei imomo. Zvino saka, pakuipindura zvino, munhu wese ngaanyatsozviongorora izvi, munoono, zvinyorei pasi: Ini ndiri kungoipindura sokuzivisisa kwangu kubudikidza neShoko raMwari. Maona? Zvino kana usina kupindurwa nemazvo kwauri... zvino iwe, mumwe mubvunzo, handiti, iwe uri... Ini ndingade kuti uudzose zvakare papuratifomu kana kuti uya uzotaura nesu nezvawo, kana chimwe hacho chinhu chatinokwanisa kuita. Zvino pamwe Hama Neville neni pano, tinogona kuona zvinhu zvatisingangoonerana pamusoro pazvo.

Zvino—zvino VaBaxter, mumwe wevanoshanda pedyosa neni mumusangano wangu, VaBaxter, tave pamwe chete kwemakore akawanda; uye mujekesi wechokwadi weBhaibheri ndizvo zvavari, asi havatende mune zveMireniyamu. Zvino ndakauya, ndikati, “Hama Baxter, zvino imi muchanzvenga seyi Gwaro iri?” Ivo vaisvetukira kune rimwe divi, ini ndoti, “Zvinoka, musaite semhashu. Imi garai makagadzikana.” Munoono. Zvino ndikati, “Uye vakagara vakatonga naKristu kwechiuru chemakore panyika.” Ndokuti, “Ko izvika izvi?”

Ivo ndokuti, “Ini ndinotenda kuti chiuru chemakore zvinongoreva kwechimwe chikamu chenguva.”

Ini ndikati, “Zvino, imbomirai zvishoma, muri kutora zvepfungwa. Bhaibheri rakati, ‘chiuru chemakore.’” Uhuhuh. Ivo—ivo ndokuramba vachingosvetuka-svetuka. Asi ivo, munoono, isu hatina, asi, isu hatina kuvengana pakuti kune Mireniyamu here kana kwete; tiri kuenda kumusha Kudenga, pamwe chete, nokuti iye akazvarwa patsva uye ane Mweya Mutsvene.

Saka ndiyo nzira yandinoda kuti munzwe pamusoro pemibvunzo iyoyi: Iyi iri sepamaziviro angu akanakisisa kwamuri.

Zvino ndikaona mumwe munhu agere pano, uye achitenda kuti Jesu ari kuuya akatasva bhiza jena, zvino ini ndichitenda kuti Ari kuuya ari pagore jena; zvino, ini ndikati “bhiza jena” nokuda kwekungoti shamwari yangu inotenda kuti bhiza jena, asi, paMagwaro, ini ndichitenda kuti Ari kuuya akatasva gore, ini ndinenge ndave munyengeri. Ndizvozvo chaizvo. Ndinofanirwa kuzvita urira sezvazviri uye ndopa zvikonzero zvangu kuti sei.

Pauro akati, “Gara wakagadzirira pa—pamwaka yose, iva pakare ipapo, mumwaka, uye nokunze kwemwaka; wakagadzirira kupindura munhu nokuda kwetariro iri mauri.” Munoono. Uye ndizvo zvatinoedza kuita.

Zvino, ndinonzwa kuti Magwaro aya, mimwe yacho pano, inongori zvitaurwa zvidiki, nezvimwe zvakadaro, zvino ndichaedza kuipindura kutanga, zvokuti ndaedza kuipatsanura. Zvino ndinogona kuti ndive neizvi, ndoshandisa konikodhenzi kwekanguvana kuti ndibuditse zvimwe zvacho pachena. Zvino zvakare, imo muno, kana ndikataura zvisirizvo kanawo zvimwe, ingonyatsondiratidzai, munoonaka, mondinyorera kagwaro, uye mondiudza.

Zvino, tisati taedza kuvhura izvi . . .

Zvino, chikonzero ndiri kuita izvi, shamwari. Ndichakuudza, zvine chikonzero. Imi mose munozviziva izvozvo. Shumiro iyi yanga ine chinangwa. Ini ndinotenda kuti Mwari vandidzosa, mune dutu riya rechando, kure uko, ndokundizosa nokuda kwechikonzero ichochi pano. Zvino pane

chimwe chinhu chakatsveyama zvishoma patabhanakeri pano kwenguva yakareba. Ndinoda kuchiwana. Kana ndachiwana, zvino ndichazoono kuti pane here zvandinogona kuita pamusoro pazvo. Ndizvozvo chaizvo. Zvino ndinoda kuti chechi ifambe iri muhumwe. Zvino pane chimwe chinhu chiduku chakatsveyama, nokuti hamuzi kuenderera mberi. Muri kuita kuti vanhu vaponeswe, ndezvechokwadi, zvinofadza kwazvo, asi hamuzi kuenderera mberi sezvamunofanirwa kuita. Isu tinofanirwa kunge tichibuditsa vaparidzi nezvimwe zvose. Mharidzo inofanirwa kunge ichienda mberi.

Ndaive nehama yangu, mufundisi, kunze, zvino takapinda panguva dzakaamarara pamwe chete, Hama Neville neni takazviita. Zvino ini—zvino ini ndinoda kuona kana... Semumwe wevafudzi venyu, i—ibasa rangu. Zvino husiku hwapfuura... Pandinongoona chero chinhu zvacho chingori muchechi zvino, ndosaka ndisina kumboshambadzira musanganano uno. Ndakangozvipa zvakadaro; kungoti, handiti, munhu wese anogamuchirwa. Chokwadi, tinoda kuti muuye. [Chibenga patepi—Mupepeti.] Zvino, asi, zvingori muchechi ino bedzi.

Zvino ndafunga, “Kana ndikadzidzisa manheru okutanga, kuti chechi nhasi... uye nezera, maererano nejogirafi, muBhaibheri, apo panzvimbo patakagara, ipapo chechi ichabengenuka pane izvozvo. Zvino tozotaura pamusoro pe ‘munembo wechikara,’ zvino tovaita kuti vaone kuti ichocho chii; uye zvadaro ‘Chisimbiso chaMwari.’” Ndizvo zvinofambirana nezvinopesana zvacho iye zvino, ndiro rima neChiedza pari zvino, zviri pakuve mukati kana kunze iye zvino, uye ndicho chinhu chakanyanyokosha chingadzidziswa panguva ino.

² Zvino ndinokuudzai, shamwari, ndinotaura izvi zvichibva pamoyo wangu, pamberi paMwari, ndakazvininipisa, ini handisati ndambonzwa chizoro cheMweya Mutsvene zvokuti nditaure mashoko andange ndichitaura husiku hutatu hwapfuura. Ndizvozvo chaizvo. Asi zvakabva zvangonditakura kuenda kure. Ndaienda kumba, ndichitadza kurara mushure mekunge ndave kumba, chingori chizoro chakadaro!

³ Zvino, ini ndakanda *izvi* kunze kuno ndiine tariro yekuti ndichawana chimwe chinhu pane imwe nzvimbo. Maona? Ndowana ma—manzwiwo evanhu ose ari pachidimbu chepepa pano. Kana ndikasazviwana nenzira iyi, uye Ishe vakasazvizarura kwandiri, ndicharamba ndichidaro kusvikira ndazviwana. Uye Mwari vachazvipa kwandiri. Ndizvozvo chaizvo. Zvino kana tachiwana, chinogona kunge chiridiki chigodo chidiki, chakavigwa kune imwe nzvimbo, asi Akani aive nechimwe, zvakare. Munoziva, isu tinofanirwa kubvisa chinhu ichocho, zvino tonyatsouya tofambira mberi tiri muHumambo hwaMwari.

4 Zvino, Ishe vakuropafadzei. Zvino tisati tavhura Shoko... Uye zvino—zvino, mumwe nomumwe wenyu ane Sunday school mangwanani, ndizvovo, muri...Ini—ini handingade kukukumbirai kuti murovhe Sunday school yenyu, ndiyo—ndiyo nzvimbo yenyu yebasa muchechi menyu. Ndizvozvo. Asi, zvino, kana musingaende kuSunday school, huyai kuno mutione mangwanani. Uye kana chechi yenyu isina shumiro mangwana manheru, nomusi weSvondo, imi tinokugamuchirai. Tingafare kunge tinemi nguva ipi zvayo. Zvino saka Ishe ngavakuropafadzei. Uye ndikwazisireiwo Makristu ose; ini handiuye kuno kakawanda.

5 Ndanga ndichitarisa mukamuri umu, kapepa kaduku kandakanyora imomo kachiripo pano serangaridzo kucheche ino. Zvino ndakati, “Ishe vari kundidanira kumwe,” zvino tose takachema uye nokuhwihwidza. Ndinorangarira husiku hwekutanga hwandakaenda. Imi muchiri kurangarira kudanwa kwangu kwokutanga here, pane munhu aripo here? Mese makaunganidza mari kuti munditumire kuSt. Louis, uko kwakapodzwa Betty Daugherty mudiki. Ndakagara...

6 Munorangarira, ndakakwereta jazi remumwe munhu pano kuti ndipfeke. Ndakange ndisina jazi rokupfeka. Zvino ndakaendako uye ndikanogara pachigaro chemuchitima ndichienda kuSt. Louis. Muchiri kurangarira here nguva yacho? Zvino ndakakwereta jazi reimwe hama, raive rakakurisa kwandiri, zvino ndakaritakura paruoko rwangu; nokuti kwaive kuchitonhorera uye ndainge ndisina jazi.

7 Zvino ipapo takaendako, ini ndikaenda kuSt. Louis zvino ndokusangana neHama Daugherty ikoko. Kamusikana kavo kaduku, vanachiremba vose vaiveko, uye navanamazvikokota nezvipatara, vaive vamutadzirira. Iye aive achinge semupengo une ukasha. Vashumiri vose vemuguta vaive...kwese-kwese, imomo vachimunamatira. Zvino ini ndakapinda imomo ndikanomunamatira, zvino vanhu ava vanonzwisa urombo vaive vachiratidzika kuve vachena musoro. Zvino kamusikana kaduku kaivemo, kachizhamba uye nokuchema, kachirwisa.

8 Zvino—zvino aive asisaite ruzha serwemunhu zvino, aiita kunge mhuka, iye aive ashoshoma kwazvo kubva...oh, ingave mwedzi mitatu kana mina. Yaive iri meningitis yemumusana kana...kwete, chirwere cheSaint Vitus dance, chaive—chaive chiri mumusana. Zvino miromo yake midiki yaive yose yadyika, ichijuja ropa. Uye minwe yake midiki ichingojuja ropa posepose, paaive achiruma minwe yake, nezvimwe zvakadaro, uye achingozhambatata achidaro.

9 Zvino ndakanamata, ndikaenda kucheche. Ndakamirira kwemaawa nemaawa. Ndokugara mumotokari tsaru ndichimirira. Ndakange ndisiri kuzosiya nyaya iyoyo kusvikira ndanzwa kubva Kudenga. Zvino ndakagara imomo mumotokari,

chiratidzo chakabva chauya pamberi pangu, chikati, “Enda unoudza baba vacho, zvino baba vacho...” Zvikanzi, “Enda unoudza mudzimai kuti rimwe zuva, zasi muguta, akatenga kaketero kaduku, kachena. Hakasati kamboiswa mvura makari.” Uye ndokuti, “Muudze atarise mudhirowa rechitatu zvino achawana hengechepfu iri mukati mechipepa, isati yamboshandiswa zvachose. Muudze kuti aizadze nemvura. Womisa baba kurudyi kwako, uye nasekuru vacho kuruboshwe kwako, zvino modzokorora, ‘Baba Vedu, Avo variko Kudenga...’ Zvino pamunongotanga kudaro, mudzimai ngaapukute kumeso kwake nechijira chacho. Zvino mave pakati pemunamato itai kuti mudzimai abate maoko ake, tevere tsoka dzake. Zvino womira wobva wati, ‘ZVANZI NAJEHOVHA!’”

¹⁰ Munoziva zvakaiteka, hamuzive? Akabva apodzwa pakare ipapo. Zvino takaisa maoko edu pamwe chete ndokutanga kufamba tichidzika nemugwagwa uye tichibva tanwa soda pop, pamwe chete tiri pekudyira. Ndizvozvo chaizvo. Izvi zvakazunguza St. Louis; musangano wangu ikoko, zviuru gumi nezvina pahusiku hwekutanga. Ndizvozvo chaizvo. Mu St. . .

¹¹ Zvakangoshata kwazvo kuti ndakabva pazviri; kuenda ndoita kuti vatange kuuya nemumutsara, mumwe achingotewerwa nemumwe, mushure nemumwe. Ndongoenda kune imwe imba ndogara ikoko kusvikira zvapera, ndodzokera kumba, ini ndinotenda kuti zvingadai zviri nani pane pamisangano.

¹² Zvakanaka, ngatikotamisei misoro yedu tichitaura nemuNyorri weShoko rino, zvino.

¹³ Mutsiye nyoro dzaIshe wedu Jesu Kristu, tinouya kwaMuri, Baba wedu. Uye nemuZita raKe tinokumbira tsitsi dzaMwari, kuti Mutiregerere zvivi zvedu uye nokudarika kwedu kwatinoKutadzirai. Uye kana pane chivi mukati mechechi ino diki manheru ano, tinonamata, Ishe, se—semuranda ndakamira pano, semufudzi pamusoro pemakwai. . . Sekutaura kweBhaibheri rakati, “Zvichenjererei pamusoro peboka iro Mweya Mutsvene wakakuitai vatariri pamusoro paro, kuti muape zvokudya.” Uye zvino, Baba, ini ndinovareverera, kuti Muvarepafadze uye mogovaregerera zvivi zvavo zvose. Podzai hurwere huri pakati pevanhu. Uye, Baba veKudenga, ndinonamata kuti tsitsi dzeNyu dzive pamusoro pedu iko zvino.

¹⁴ Zvino pano paradzikwa pamberi pangu, zvakanorwa pamapepa, zvichibva kune dzimba dzakawanda uye nevanhu vakawanda, pane zvikumero, mibvunzo yemazvirokwazvo yakadzika yemuBhaibheri inopfuura dzidzo yemazuva ose. Zvino tinoda rubatsiro rweNyu, Ishe Jesu. Zvino tichangonhonga iyi zvino, patafamba tichipinda mukamuri, ndokuva nemunamato, ndokubuda kunze, tichiipatsanura pano, uye tichiisa iyo inofanira kupindurwa iko zvino parutivi, uye

nemamwe anofanira kupinda nemuMagwaro, kune rimwe. Ndzivo zvoga zvandinoziva panguva ino, Ishe.

¹⁵ Uye ndinonamata kuti kubvira iko zvino Muchitora kubva zvino kuenda mberi, uye mogozodza vanhu veNyu pano manheru ano, miromo yemutauri, uye nenzeve dzavari kunzwa. Uye dai Mweya Mutsvene wauya wozotora Shoko zvino woRifambisa mune hana yose, uye dai Ragamuchirwa mumweya une mutsa, uye dai Rikapihwawo zvimwe chetezvo. Zvino dai, panopera shumiro manheru anhasi, dai taenda kumba, tichiti, “Moyo yedu haina kutsva here matiri nokuda kweHupo hwaKe uye nemaropafadzo aKe?” Ishe, ndisiri kuziva zvokutaura, ndinozvikumikidza kwaMuri nemibvunzo iyi, muZita raJesu Kristu, kuitira mhinduro. Amen.

¹⁶ Ndinokutendai, shamwari, nokuda kwekuremekedza kwenyu. Ndiri kungoda kungokuratidzai kuti mizhinji yacho, yakawanda yemivhunzo iyi yaive yezvei.

Hama Bill, ndapota endererai mberi nemusvondo rinouya.

Ndapota garai rimwe svondo.

Ndapota garai kwechimwezve chinguva.

Hama Bill, ndapota garai svondo rinouya, kwechimwe chinguva, mweya yedu ine nzara yeChikafu chemhando iyi.

Ko chechi ino inodzidzisa here kuti imi. . . Uyu unogona kunge wangodonhera imomo. Uri panzvimbo isiriyo.

Ini ndine vanakomana vaviri, vane makore maviri. . . Uyu, ndaisanganisa, ndinofungidzira kudaro, pairi. Zvino, pano, regai nditore uyu ndouisa nechepano apa, zvakare, izvi zvine chekuita nenyaya yezvemumwe munhu.

Hama Bill, hamunga—hamungada here rimwezve svondo? Tingade rimwe zvakare svondo rekudzidziswa kweEvhangeri uku.

Chikumbiro changu ndechokuti mugare rimwezve svondo. Ndingade zvikuru kuti mugare kwechimwezve chinguva, munoziva kuti isu tinogogara. . . tinogona kugara tichidzidza zvakanwanda.

Zvino, mungagara here rimwezve svondo, ndapota?

Hama Bill, ndapota tiparidzirei kwerimwezve svondo. Isu tinoda izvi.

Hama Bill, munamato wangu ndewekuti Mwari vashandure pfungwa dzenyu vokuitai kuti mugare rimwezve svondo.

Muvhunzo wangu ndewekuti: Chii chinonzi ndiro dzinobhururuka, uye zvimwe zvinhu here zviri kubva kuna Mwari zvichitumirwa kunze sechiratidzo? Uye ndiri kukukumbirai kuti mugare rimwezve svondo.

Ndapota garai rimwezve svondo.

17 [Hama Branham vanotaura neHama Neville—Mupepeti.]

18 Zvino, pane mumwe ati ndingade...ndi—ndinoyemura kubvunza kwakadai. Zvino Mwari Samasimba anova Iye Mutongi wangu, ndimire zvino pano panzvimbo yakayereswa... ndisati ndabva kumba, Mweya waShe wandiudza, ndokuti mubvunzo uyu uchange uripo pano manheru anhasi. Ini hapana chandange ndichiziva pamusoro pawo, asi ndaziva kuti uchange uripo pano:

Ko veZvapupu zvaJehovha ibato renhema here?

19 Munoono, mumwe munhu...Zvino Mweya Mutsvene, kumba pa...ndakamira muimba yangu yekugezera, ndisati ndauya zasi kuno; Mwari, ari Iye Mutongi wangu wechokwadi, andiudza, “Uyu uchange uri papuratifomu,” uye zvikanzi handifanire “kutura chinhu pamusoro pawo; ingopfuurira mberi.” Maona? Saka ini...Imi munoziva zvandakataura husiku hwapfuura, hamuzive here? Zvakanaka, ndizvo zvazvakange zviri.

20 Zvakanaka, zvino tichatanga nepano apa pane mimwe yeiyi.

21 Ini handingofariri zvokubva wanyatsotaura pamusoro pechimwe chinhu, uye woti mumwe nhingi kana mumwe munhuwo zvakadaro. Ini ndinongoda kuzvidzidzisa nenzira yekungo...kungokanda zvole pamwe chete. Zvino—zvino munonzwisisa, handiti? Kana ndikamira pano ndoti, “Zvino, Hama Neville vari *zvakati nezvekuti* uye chinhu *chakati chakati*”...Kana ndine chakadaro chokutaura pamusoro pawo, ndaienda kumba kwavo uye ndovadaidza kunze zvino ndotaura navo pamusoro pazvo. Munoono, ini ndai—ndaitaurira Hama Neville.

22 Asi zvino, pano pane mimwe mibvunzo. Zvino, handizive wekutanga nawo, chingori chinjumba chayo chiri pano. Unoti:

25. Zvino pane kubatana kwakadii kwamaireva pamusoro pechechi yechiProtestanti yainayo nechechi yeKatorike?

26. Ko “mufananidzo wechikara” zvinorevei?

23 Zvino, uyu wange uri mumwe wemibvunzo kubva pane...zvichida wanga uri pevanhu...Zvino, ndichaedza nepose pandinogona, nerubatsiro rwaMwari, kuti ndiipindure zvakanakisa pakuziva kwangu. Zvino kana Akandipa ruzivo rwacho, nokuti Mwari vanoziva ini—ini ndangoinhonga, ipo pano papurupiti.

Zvino, pane kubatana kwakadii kwamaireva pakati pechechi yemaProtestanti nechechi yeKatorike?

24 Zvino, ndichapindura iwoyo kutanga, Mwari vachindibatsira. Ini ndakati chechi yeKatorike yaive iri...Isu takaona kuti munembo wechikara, husiku hwemarimezuro, kuti unofanira kubuda kubva muRome. Handizvo here? Haugone kubuda uchibva mune imwe nyika kusara kweRome. Ipapo

ndipo pachakagara, ndipo pachakaiswa. Zvino ini ndakati handina chandinopesana nevanhu veKatorike, handina ane chandinopesana naye. Tose tiri vanhu vanofa vari kuedza kuenda Kudenga.

²⁵ Zvino papa muchinda mumwe chete anodzidzisa, achibhishopi weCanterbury ndemumwewo, nemumwe, nemumwe, nemumwe; uye ini ndingori mumwe wevadzidzisi, ndizvozvo chete. Ivo vanodzidzisa vachiti, pamwe, ini ndiri mupengo uye ndakatsveyama, nezvimwe zvakadaro. Zvino ndine kodzero...kana ndikakwanisa kuzviratidza neGwaro. Kana kuti ivo vakakwanisa kuzviratidza neGwaro kuti ndinopengereka, zvadaro ndinopengereka. Asi kana ndikakwanisa kuzviratidza neGwaro kuti ivo vakatsveyama pahurongwa hwavo, zvadaro zvakatsveyama; Rugwaro nderwechokwadi. Zvino hauna nzvimbo imwe chete zvino, zvinofanirwa kufamba nemuBhaibheri rose, kwese.

²⁶ Zvino, ndakati, “Chechi yeKatorike ndiyo amai vemachechi,” uye ndizvozvo chaizvo. Chechi yeKatorike ndiyo amai vemachechi, kana zvave zvemachechi emasangano. Chechi yeKatorike ndiyo chechi yokutanga kugadzirwa, zvekuma...nhoroondo yemandorokwati, ndeye kuma A.D. 606, necheikoko apo madzibaba ekutanga, boka rechipiri kana rechitatu, revaapostora. Vaive vafa zvino ndokutanga kupararira mutuzvitendwa tuduku. Zvino vaRoma, vachitendeuka, Humambo hweRoma hwaitonga nyika, zvino chechi nehurumende zvichibva zvatatana pamwe chete zvino ndokutanga chinamato chinonzi “chinamato chepasi rose.” Zvino inzwi rokuti *Katorike* rinoreva kuti “pasi rose.” Ivo vakaronga chechi, kwaive kwokutanga apo zvekunamata, chinamato cheChikristu, pachakaitwa sangano munhoroondo yose yepasi rose.

²⁷ Chinamato chechiJudha hachina kumbobvira chaita sangano. Vaive vanhu vakasununguka. Vaive nemachechi, asi vaive vasina sangano. Zvokuti, Mwari vaishanda nerudzi, kwete nesangano. Vaive rudzi.

²⁸ Uye zvino. Zvino, zvakare, chechi yeKatorike ndiyo yakave sangano rokutanga. Zvino takazvitora izvozvo muBhaibheri kuti tione kuti sangano iroro raive chii. Zvino maererano neShoko raMwari, raifanirwa kutungamirirwa nemunhu ari oga, munhu mumwe chete. Zvino munhu iyeye aifanirwa kunge ari muchechi yakagara pane zvikomo zvinomwe muRome, maererano neBhaibheri. Hapana kana...Uye aifanirwa kuve nesimba rokutonga munyika yoga-yoga iri pasi rose, simba rekutonga rezvinamato. Hapana imwezve pasi rose.

²⁹ Zvino—zvino Communism, isu takaona, yaive isiri—isiri antikristu uyo akataurwa naJesus. Communism haisi—haisi nyika, seRussia. Communism mweya. America yakadyiwa nawo.

Uri mumachechi, uri muvanhu, uri mumabhizimu, wakapinda kwese-kwese. Communism, mweya wacho, uri muzvikoro, mumisha, kwese-kwese.

³⁰ Zvino ipapo—ipapo pavakaronga chechi iyi zvaive zvichipesana. . . Uye zvino takatora Mazera Manomwe eKereke, uye nechiporofita, chaizvoizvo nenzira iyo Mwari akazviunza kubudikidza nemuBhaibheri pano kwatiri. Zvino takaona nenhoroono uye neBhaibheri, kuti zera roga-roga rinongouya zviru maererano neBhaibheri, zviru maererano nenhoroono; rimwe nerimwe rinouya chaipo panguva yacho, kudarika nemumazera erima. Zvino chechi yeKatorike yakavambwa muZera reRima.

³¹ Zvino kuvandudzwa kwakauya, kunova Martin Luther. Zvino Martin Luther aive nechiedza, chiedza chokuti “Vakarurama vachararama nokutenda; kururamiswa nokutenda,” muku—mukuvandudzwa. Muprisita wechiJerimani uyo akaramba uye ndokuti kutorwa kwechirairo paakanga akachibata. . . Zvino vaifanirwa kuti “uyu *ndiwo* muviri waKristu,” zvino achibva achikandira pasi ndokuti, “Uyu *hauzi* muviri waKristu; kahwendefa kechingwa!” Saka iye akabva aramba chechi yeKatorike, mukudaro, zvino akabva abuda ave mukuvandudzwa kwepakutanga. Martin Luther akazviita, zvino uku kwakave kuita kwaishamisa.

³² Zvino, mhosva, apo pakanganiswa naLuther, Luther akazogadzira rimwe boka ndokuita sezvakaitwa nechechi yeKatorike, ndokuisa vanhu muhurongwa.

³³ Zvino, pakare ipapo, chiedza chitsva chakabva chauya. Zvino pakauya chiedza chitsva, Mwari vakabva vabuda nevanhu vaVo. Vanhu vaive muhurongwa muchechi yeLutherani, ivo vakabva vagara nechechi yavo kuitira kuti vave. . . Ndizvo zvimwe chetezvo sezvakazove maKatorike, asi maKatorike mazhinji akabuda kunze zvino vakave maLutherani. Saka, zvino pakauya Wesley nemharidzo yokucheneswa, ipapo maLutherani mazhinji havana kukwanisa kusiya chechi yavo; asi vazhinji vavo vakazviita, uye vachibva vagadzira chechi yaWesley.

³⁴ Zvino mushure mekururamiswa uye nokucheneswa, kwakazouya Pentekosti. Zvino ipapo Pentekosti, vazhinji vakabuda kubva muMethodisti, nedzimwe dzakadaro, uye vachibva vaita Pentekosti nokuti chaive chiedza chaidarika pakukura. Iye zvino Pentekosti yakaitwa sangano zvimwe chetezvo zvakaitwa nevamwe vose!

³⁵ Zvino, Bhaibheri rinotaura kuti. . . Aya mashoko akaomarara, asi ndichaaverenga kubva muBhaibheri. Zvino imi teererai chiremba wenyu, nevakadaro, vachitaura izvi, zvino ini ndiri hama yenyu iri kudzidzisa kubva muMagwaro. Bhaibheri rakadana chechi yeKatorike “chipfeve, pfambi, p-f-a-m-b-i.” Zvino Akadana machechi echiProtestanti aitevera, vanamai. . .

kana kuti vaive “mhombwe dzaamai ava.” Zvino kwakange kuri kubatana kwakadini, kuti chechi yeKatorike yakaronga chinhu chokuti vanhu vose vatende sechiedza chavaive nacho ipapo, kana chavaive vanacho ipapo. MaLutherani vakaita zvimwe chetezvo. Zvino Bhaibheri rinoti iye aive mudzimai ane mukurumbira wemhando iyoyo.

³⁶ Zvino imhandoi yemudzimai akadaro? Mudzimai anorarama achiita hupombwe. Zvino machechi ari kuita hupombwe hwepamweya ne—nevanhu. Maona? Ivo vari—ivo vari . . . Herinoyi iri Bhaibheri rinodzidzisa Izvi, zvino vanogadzira butwa rezvitendwa nezvakadaro zvisinei nechokuita neBhaibheri. Zvino, nokudaro, atove makore anenge makumi maviri *neanoraudzira* andamira ipo pano ndichikumbira chero hake mushumiri, nguva ipi zvayo, kuti auye ogotora . . . kwete bhuku rako rezvidzidzo, chitendwa chako, asi wouya wotora Bhaibheri, muChiedza cheBhaibheri, woratidza kuti Izvi zvakatsveyama. Maona? Ndizvozvo chaizvo.

³⁷ Zvino pamusoro pezvinopesana, ivo vanoti, “Zvinopesana!” Ndakatovimbisa mubhadharo wemwedzi miviri kune anogona kundiratidza kupesana kumwe chete kuri muBhaibheri. Hazvimo. Iwe unofunga kuti zvirimo, asi hazvimo. Kana Bhaibheri richitaura richizvipikisa pachezvaRo, zvino harina kunaka zvachose, haugone kuritenda. Shoko rose rakafemerwa uye hapana panombopesana muBhaibheri.

³⁸ Zvino chechi yechiProtestanti, muhurongwa hwayo, iri (maererano neShoko raMwari) mukubatanidzwa zvimwe chetezvo nechechi yeKatorike.

³⁹ Zvino, handina chandinopesana nevanhu vechiKatorike. Dzimwe dzeshamwari dzangu dzandinodisisa, vagere muno zvino, mabukira evanhu vechiKatorike. Pano, husiku hwamarimwezuro, apo pandakapa mharidzo yakakwasharara kubudikidza neMweya Mutsvene, pamusoro pemaProtestanti uye nemaKatorike, muKatorike akafamba achibva auya paartari pano ndokukwazisa ruoko rwangu. Ivo vanhu vakangofanana nesuwo.

⁴⁰ Haugone kutaurirana nevaprisita veKatorike, nokuti havatende Bhaibheri iri kuti ndiro rose Shoko. Ivo vanoti, “Ichechi.” Isu tinoti, “IBhaibheri!”

⁴¹ Mukatorike anoti, “Isu maKatorike tinoenda kuchechi kunonamata. Imi maProtestanti munogara kumba moverenga Bhaibheri.”

⁴² Ini ndikati, “Hongu, imi munoenda kuchechi kunonamata, asi chii?” Ndicho chinhu chinotevera, munoona.

⁴³ Zvino, asi Mwari vakati Vari muShoko raVo. Iri ndiro Shoko raMwari uye ndinoRitenda. Ini ndiri munamati weBhaibheri. Ndicho chikonzero ndisingawirirane nechiprotestanti ne—nenzira ingori ye—yesangano rechechi, nokuti vanodzidzisa

zvinhu zvisiri Shoko raMwari. Saka ini hapana zvandingaita pakusawirirana navo. Ini handiputse hukama navo; kwete, changamire, ivo ihama dzangu. Zvino ini handiputse hukama navo, asi ini ndinopesana navo nokuda kwekuti ndinofanira kutora zvinotaurwa naMwari ndorega zvimwe zvose zvova nhema. Maona?

⁴⁴ Zvino izvi ndizvo zvinobatanidza . . . Zvino Bhaibheri rakati mudzimai uyu, chechi yeKatorike, iyo yaifanira kudaidzwa, muBhaibheri, Zvakazarurwa chitsauko 17, “Chipfeve,” iye aive, “MAI VEMHOMBWE.” Zvino tinoona kuti Bhaibheri rakataura kuti *mudzimai* anomiririra “chechi.” Saka zvino kana aive nevakunda vaive mombwe, havaikwanisa kuve vari vakomana; vaifanirwa kuve vanasikana, saka aifanirwa kunge ari machechi. Zvino chiProtestanti chakazvarwa kubva muchiKatorike.

⁴⁵ Uye zvino unotevera, chikara . . . Kana kuti, chinhu chinotevera chinotaurwa neuyu:

Ko “mufananidzo wechikara” zvinorevei?

⁴⁶ Uyu—uyu mubvunzo wakabatana neuya, zvino munhu aubvunza ane mubvunzo wakanaka. Changa chiri chii zvino, kana . . . Bhaibheri rinonyatsodzidzisa zviri pachena kuti chechi yeKatorike ndiyo—ndiyo chikara. Bhaibheri rakati *chikara* zvinoreva “simba.” Ndizvozvo here? *Chikara*, Bhaibheri rinotaura kuti *chikara* zvinoreva “simba.” Zvino *chikara* chaive “Guta reVatican,” ihwo “hurongwa hwehutungamiri hweKatorike.” Ndizvozvo. Uye, zvino, rakanga riri simba rechechi raive chikara.

⁴⁷ Zvino chechi yechiProtestanti yakabuda kubva muchechi yeKatorike, zvino vachibva vazvironga pachavo, kasimba kaduku. Ndiwo mufananidzo.

⁴⁸ Kana chero chinhu . . . Kana chimwe chinhu chakagadzirwa nemufananidzo wangu, chinofanirwa kufanana neni. Kana chimwe chinhu chakagadzirwa nomufananidzo wechechi ino, chinofanirwa kufanana nechechi.

⁴⁹ Chimwe chinhu chakagadzirwa, chikara . . . ndokugadzira mufananidzo wechikara ichi, chaive chiLuther, chiMethodisti, chiBaptisti, chiPentekosti, chiHoliness, zvese zvitendwa zvakaumbwa kuita sangano uye ndokugadzira mufananidzo wakafanana nechikara. Hezvoka izvo!

⁵⁰ Zvino, “Munotaura here zvino, Hama Branham, kuti ose Makatorike, ose maMethodisti, uye ose maBaptisti vari kuenda . . . ?” Ini handina kudaro.

⁵¹ Pane zviuru nezviuru uye nemakumi ezviuru eMakristu akaberekwa patsva mumachechi iwayo. Asi, musangano ravo, ivo vari kuedza kuvaendesa kuchitendwa, uye ivo havagone kumira nacho. Che—chechi, kana ikazvironga, inobva yave pasi pechitendwa.

52 Zvino ini handina chitendwa asi Bhaibheri. *Ichi* ndicho Chitendwa chaMwari, zvino Mweya Mutsvene ndiwo Mududziri waRo, zvino AnoRiunza kubva pane chimwe Chiedza kuenda kune chimwe. Iyo Evhangeri yandiri kuparidza nhasi, kana ndikazorarama kuti ndione rimwe zana remakore, kana tikadaro, pachazenge pane Chiedza chakawedzerwa. Nguva nenguva, Chinogara chichiuya.

53 Maisimbofamba muri muchikochikari chemombe, baba vasekuru vako, pavakaenda kunoona ambuya. Baba vakaenda kunoona mai vari muT-Model. Asi iko zvino tave potse kutoenda tiri mundege. Munoono, tiri kufambira mberi; sainzi, iri kufambira mberi; dzidzo iri kufambira mberi; Vhangeri, riri kufambira mberi. Zvino Bhaibheri rakati vachadaro, hanzi, “Vachamhanya vachikwira nokudzika, uye zivo ichawedzerwa.” Saka ndicho chibatandizo chacho. Ndiko kusaka pane . . .

54 Iwo masangano echechi dzechiProtestanti ndiwo mufananidzo wechikara, nokuti akaitwa sangano sezviri chiKatorike. Zvino Mwari havana kumbogara vaita kuti Chechi yaVo ive yakaitwa sangano muzera ripi zvaro, asi vakagara vachizvitsiura zvakasimba! Zvino mazvibata here izvi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kwete vanhu; chechi!

55 Pavanoedza kuunza vanhu pasi pe—pechiedza che... Nhai, ko dai vanhu vakaedza kukudzoserwa shure wotanga kumhanyidzana nechikochikari chemombe? Hamungamiriri zvakadaro; tave kurarama muzera riri nani. Ndizvo zvazvaive kare uko. Dai mumwe munhu akaedza kunditaurira, “Oo, chinhu bedzi chaunofanira kuita *ndeizvi, nezvozvo*.” Ndiri kurarama mune rimwe zera! Ini... Ndiro dambudziko nevashumiri, vanogara vachitarisa kumashure.

56 Pano, mumwe muFrench wezvesainzi akati, makore asingadariki mazana matatu apfuura, “Kana munhu akamhanya zvinotyisa kwemamaera makumi matatu paawa, simba renyika rinodhonzera pasi raimutora kubva panyika. Mamaera makumi matatu paawa!” Zvino, munofunga kuti vesainzi vangataura nezvazvo nhasi? Hazviite kana! Kwete, changamire. Ivo vari kuita kuti amhanye mamaera mazana mapfumbamwe kana gumi paawa. Hongu, dzimwe nguva ari muchitundumusere-musere, zvino ave mazana gumi nematanhatu emamaera paawa. Zvino zvichingori kumuendesa mberi!

57 Sainzi yaendeswa munhu mberi, mberi chaizvo, zvinhu zvikuru nepfungwa dzake kupfuura izvo... Uye ndicho chinhu bedzi chaainacho, muti weruzivo. Kupfuura apo vashumiri pavasvika neMweya waKe, uyo usina magumo. Asi hezvinoi zvazviri pano. Zvino sainzi haizi kutarisa shure kune zvakataurwa nesainzi makore mashoma apfuura; sainzi iri kutora zvanazvo iye zvino vachitoenderera mberi nezvimwewo.

58 Asi ukabvunza muparidzi; “Saka, tichaona kuti Moody akati kudii pamusoro paZvo, tichaona kuti Wesley akati kudii pamusoro paZvo.” Handina basa kuti vakati kudii pamusoro paZvo. Ndinoziva kuti Mwari wakati kudii pamusoro paZvo *zvino*. Izvi ndiZvo, uye ndichiri kutarisira zvikuru zvinodarika! Ndizvozvo. Ndicho chikonzero . . .

59 Bhaibheri rakati, “Mweya yetsvina mitatu yakabuda kubva mumuromo wechikara.” Munombozivei? “Mweya yetsvina,” zvikanzi, “kunge matatya.” Makambocherechedza here kuti datya rinotarisa sei? Datya rinogara rakatarisa kumashure, harimbotarisa kumberi; rinotarisa shure, nguva dzose shure, rinotarisa shure.

60 Asi zvipuka zvina zvaive zvine misoro mina yakasiyana-siyana, muna Ezekieri, zvaive zvakatarisa mberi uye hazvaikwanisa kuenda shure. Zvaifambira mberi nguva dzose. Kwese kwazvaienda, zvaingoenda mberi chete. Munoon mutsauko?

61 Zvino, ndiko kubatana kuripo pakati pechiProtestanti nechiKatorike.

62 Zvino munogara muchikandira kune maKatorike, asi “poto haigone kudaidza ketero kuti ‘inhema.’” Ndizvozvo chaizvo.

63 Ini ndinoti, “Uri Mukristu here?”

64 “Ndichakupai kunzwisisa kuti ndiri wechechi yeBaptisti.” Hongu. Izvozvo hazvinei nechokuita zvachose naZvo sekungoti iwe uri wekunze uku . . . imwe purazi kumwe kunhu.

65 “Handiti, ndiri wechechi yeKatorike.” Izvozvo hazvo hazvigone kukuita Mukristu. Kuve uri nhengo yeBaptisti kana chechi yeMethodisti hazvikuite Mukristu.

66 Pane nzira imwe bedzi yokuti uve Mukristu. Izwi rokuti *Mukristu* rinoreva kuti “kuve saKristu.” Zvino haugone kuzviita, haugone kuzviita pachezvako, hapana nzira zvachose yaungazviite. Unofanira kuzvikanganwa pachako, wofa kune zvauri, zvino wosiya Kristu achiuya mukati zvino orarama Hupenyu hwaKristu mauri.

67 “Kunze kwekunge munhu . . .” Hezvino zvakataurwa naJesu achiti, “Kusara kwekunge munhu aberekwa neMweya uye nemvura, haakwanise kupinda muHumambo.” Kunyange ari muKatorike, Methodisti, Baptisti, kana chii zvacho, unofanirwa kutobhabhatidzwa mumvura kuti zvivi zvako zvieregere uye wogamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kana kuti wakatorasika. Iri iShoko raJesu pachaKe. Saka zvino kana uri muMethodisti, uye wakagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, wakabhabhatidzwa mumvura, Jesu akati uchapinda Denga. Kana uri muKatorike uye wakaita zvimwe chetezvo, uchapinda Denga.

68 Asi kana wakangobatirira pachitendwa ichocho chechechi yeKatorike, kana Methodisti, kana chechi yeBaptisti, iwe uchakarasika. Zvino ndosaka tine chinhanho ichocho chiri munyika, chatinacho nhasi uno, nokuti vanhu vangori chaizvo...Ivo vanoti, “Izvozvo zvinopesana nekutenda kwangu.”

69 “Unotenda here mukupodza kwaMwari?”

70 “Izvozvo zvinopesana nekutenda kwangu.” Izvozvo zvinopesana nechechi yako; chitendwa chechechi yako chakaita kuti zviite saizvozvo, munoono, unofanirwa kuita zvinotaurwa nechechi. Zvino iwe unodanidzira kune muKatorike; ndizvo zvimwe chete zvavanoita. Zvino ndicho chikara nemufananidzo wechikara! Zvino Bhaibheri rinoti, “Ani nani akatora haakwanise kupinda muHumambo hweDenga, asi vacharasirwa kunze kune imbwa nevauki, uye nezvakadaro, zvino vachazotambudzwa nemoto uye nesuruferi, pamberi peNgirozi tsvene uye neGwayana, narinhi-narinhi.” Buda mazviri, shamwari! Gadzirisana naMwari! Hongu, changamire.

71 Zvino regai nditore uyu. Zvino, isu tichaibvisa munzira. Zvino, mumwe munhu andibvunza nhasi; kaviri kana katatu pandaubvunzwa.

27. Hama Branham, tichitaura pamusoro pe “munembo wechikara,” hamutende here kuti vachaisa nyora dzenhamba pahuma pako, kana nyora yezvimwe paruoko rwako? Kwete, changamire! Usambotaraisira izvozvo.

72 Izvi zvichange zviri zvekuramba! Chaizvoizvo! “Hapana munhu anogona kutenga kana kutengesa kusara kwekunge ari nhengo yemubatanidzwa wemachechi.” Ndizvozvo chaizvo. Zvino, zvichauya sokubatana, kubatanidza zvinhu zvacho, zvichizviunza mukubatana kwezvinamato. Tarisisai mashoko angu, hazvizi kure zvakanyanya! Muchazviona, zvave pedyosa.

73 Chikonzero sei musingazivi zvinhu izvi, munenge muri kuno pamusha nguva dzose. Chimbonditeverai kune nyika idzo dzokuti chiKatorike chine chisimba, kamwe chete, mogoona kuti chii chinoitika. Hama, vanovaudza zvose zvokuita uye nezvekusaita.

74 Zvino pano Bhaibheri rinotaura kuti United States, takazvinhonga muchiporofita, yakauya ichinge *gwayana*, “rusununguko rwekunamata,” zvino vakabva vanyatsobatanidza zvinhu izvozvo pamwe chete, zvino yakataura sechikara uye ndokuratidza simba rimwe chete raive nechikara shure kwayo. Ndiyo USA! Ndizvozvo chaizvo.

75 Mumwe mushumiri akati kwandiri nguva pfupi yapfuura, shamwari yangu, yakati, “Hama Branham, Mwari havazomboita kuti United States iwe, nokuda kwenheyo yemadzibaba avo ekutanga, vakaiteya panheyo yezvekunamata.”

⁷⁶ Ini ndakati, “Iye akarega maJudha; chokwadi vachitorwa, uye vaive nechinhano chiri nani kupfuura isusu.” Ndizvozvo chaizvo. Mwari havaremekedzi chimwe chizvarwa chakapfuura; zviripakuti iwe wotofamba pamutsara kana kuti uri kunze kweHumambo, ndizvozvo chete. Chokwadi! Izvi zvakati kwashararei, asi ndizvo zvakakunakirai. Ndizvozvo chaizvo. Ndiro Gwaro. Zvino isu tine, isu . . .

⁷⁷ Zvino dambudziko racho, nhasi . . . Vamwe venyu vekare munozviziva izvi. Tine kuvhangerwa kwechiHollywood kwakanyanyisa. Ndizvozvo chaizvo. Zvakawandisa zveizvozvo zviine ruzha rwakawanda nokungoenderera, kushamisira kwakawanda nezvimwe zvose zvakadaro, uye kuzvirumbidza, uye nezvakadaro; zvino, “Ndiani achamira ogamuchira Kristu seMuponesi wake? Mwari vakuropafadzei, hama, uri kuenda Kudenga iko zvino.” Izvozvo inhema! Izvozvo inhema!

⁷⁸ “Kusara kwekunge munhu aberekwa patsva!” Zvino kana aberekwa patsva, Ropafadzo rimwe chete rinouya kune uyu ari apo richauyawa zvakare kune uyu ari pano. Zvino takapfuura nemazviripakuti izvozvo, kakawanda, uye kubudikidza nemuMagwaro muvhiki rapfuura. Zvino tinoona kuti vanhu veKumabvazuva, apo Mweya Mutsvene pawakawira pamaJudha, avo vaive vekumabvazuva, vanhu veKumabvazuva, Mweya Mutsvene wakadonha uine zviratidzo zvikuru nekuratidzwa kwacho. Bhaibheri rakati pachange paine potse ngu—nguva apo hazvaigona kuratidza, kunge husiku kana masikati. Kwaive kwakaita sezuva rine makore, zvichidzika kusvikira pachikamu chokupedzisira chemanheru. Zvino zuva rozobuda kwenguva shoma kwekupedzisira, manheru. “Kuchava neChiedza munguva yemadekwana.” Ndizvozvo here? Zvino, ndivo vanhu veKumadokero, veMarudzi, vachigamuchira Mweya Mutsvene mumwe chete uyo wakambogamuchirwa nemaJudha kumashure uko, uine zviratidzo zvimwe chete uye nekuratidzwa kwazvo. Ndizvozvo.

⁷⁹ Zvino, ndizvozvo, vanhu, nyika ichakudana kuti “mupengo, wakatsemuka musoro.” Iro Bhaibheri, Jesu wakati vachazviita. Muri vanhu vane mutsauko, uye hamunzwisiswe nokuti Izvi zvine mutsauko wakanyanya.

⁸⁰ Ndinozvicherechedza munharaunda yangu kumba, vanhu vari ikoko. Ivo, kunyangwe vana vangu vadiki; isu tinoedza kuti vave vakachena uye vachirarama zvakadzikama sezvazvingave, asi unogona kuona vavakidzani vachiisa mutsauko mune vana. Maona? Ivo vanoisa mutsauko.

⁸¹ Zvino ndinoziva, ndine nzira yokuziva zvinhu (uye imi munozviziva, makazviona mumusanganano), kuziva kuti vafudzi vemuguta vanoti, “Saka, zvino, Billy mukomana akanaka, isu hatina chatinopesana naye. Asi, munoona, ivo vangori vanhu vemhando yakasiyana zvisihoma pane izvo zvatiri.”

Tinotenda Mwari! Ndizvozvo chaizvo. Tinotenda Mwari! Ndiwo Mucherechedzo. Heunoi Mucherechedzo watiri kutaura nezvawo.

⁸² Tarisai, husiku hwapfuura, apo Mweya Mutsvene pawakafanotaura, makore mazana mapfumbamwe maJudha asati agamuchira Mweya Mutsvene, uye uchibva wavataurira zvazvaizove. “Runyanga rweingi, murume aive nechinyoreso cherunyanga rweingi akaenda nepakati peJerusarema uye ndokuisa mucherechedzo pahuma dzavo.” Ndizvozvo here? Ndokumbotaura nezvaWo chechi isati yatongerwa kuparara naMwari. Zvino Tito wakakomba madziro yeJerusarema, muna A.D. 96, uye achibva apisa guta. Zvino pakasara pasina kana dombo rakasara riri pamusoro perimwe, maererano nechiporofita. Zvino, nhasi, chinhu bedzi chakasara chepatemberi chidziro chitsaru chimire apo pavakaunganidza matombo, uye apukutwa kusvika pakutsvedzerera apo maJudha anochema nokuungudza ari ipapo paWailing Wall, chinhu bedzi chakasara chetemberi. Zvino Omar yemaChawa yakamira panzvimbo imwe cheteyo.

⁸³ Zvino Jesu akati, “Sekutaurwa kwazvakaitwa nemuporofita Dhanieri; zvino kana mooni chinyangadzo chinoparadza chomira panzvimbo Tsvene,” zvino Iye akabva aisa mutsetse pasi pachu, mumabhuraketsi, “(regai uyo anoverenga anzwisise.)” Maona? Ndizvozvo chaizvo. Hezvoka izvo zvazvaiva. Zvino Akataura kuti aive mazuva mangani...inguvai yaizenge iripo kusvikira Marudzi ave...nguva yaizodimurwa; ivo vakatsikira madziro pasi, zvino Mwari vaizodzokera kumaJudha. Zvino isu tiri chaipo panguva iyoyo! Haanoi maJudha achidzoka, muzviuru, mumakore mashoma achangopfuura. Uye munoziva kuti takapfuura sei nemazviri husiku hwapfuura, uye kuti Rugwaro zvakakwana...sekunge kuverenga pepanhau, uye zvakati wedzerei kujeka nokuti iwe unowana pfungwa dziri nani kubva paRiri zvino.

⁸⁴ Asi, zvisinei, Mucherechedzo wakaiswa pamhanza waive usiri wenyora. Waive here? Waive Chii? Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zvino ndeupi Mucherechedzo unozova wezuva rino rokupedzisira? Bhaibheri rakati, “Chisimbiso chaMwari chaive rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kuvanhu vemuzuva rokupedzisira.” Zvino hakuna...VaEfeso 4:30, “Naizvozvo musachemedze Mweya Mutsvene waMwari uyo wamakasimbiswa nawo kusvikira pazuva rokudzikinurwa kwenyu.” Bhaibheri rinotaura. Uye vaEfeso 1:13 inotaura zvinhu zvimwe chetezvo, dzimwe nzvimbo dzakawanda, kuti “Iwo Mweya Mutsvene ndicho Chisimbiso chaMwari.”

⁸⁵ Chisimbiso chii? Chisimbiso hachigone kuiswa pane chinhu zvacho kusvikira chaperi. MaLutherani vaive vasina kusimbiswa, zuva renguva dzenyasha raive risati rakwana; vakaparidza kururamiswa. MaMethodisti aive isina kusimbiswa.

Ndave kusvika kumubvunzo pano; tichasvika pauri pakanguva—pakanguva kari kutevera. Haina kusimbiswa, nokuti yaive isati yapera. Asi rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene ndiko kupedziswa kwemabasa aMwari!

⁸⁶ Iye akati “Pane vatatu vanopupura Kudenga: Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, zvino vatatu ava ndeMumwe.” Haukwanise kuve naBaba usina Mwanakomana, Mwanakomana usina Mweya Mutsvene, ivo ndeMumwe.

⁸⁷ Iye akati, “Pane zvitatu zvinopupura zviri panyika: mvura, Ropa, Mweya, uye izvozvo hazvisi chinhu chimwe asi zvinowirirana muhumwe,” hezvoka izvo, “mukusimbiswa kumwe chete kwakakwana.” Kururamiswa pasi paLuther, mvura; kucheneswa neRopa.

⁸⁸ Kururamiswa kwaive vaRoma 5:1, “Naizvozvo tinoruramiswa nokutenda tine rugare na . . . Mwari kubudikidza naIshe wedu Jesu Kristu.” Kururamiswa nokutenda!

⁸⁹ Kucheneswa kubudikidza neRopa, vaHebheru 13:12 ne 13, “Jesu Kristu wakatambudzika kunze kwesuwo kuti Achenese vanhu kubudikidza neRopa raKe pachaKe.”

⁹⁰ Ruka 24:49, “Tarirai, Ndinotumira vimbiso yaBaba vaNgu pamusoro penyu, asi mirirai muri muguta reJerusarema kusvikira mazadzwa neSimba rinobva Kumusoro.” Mabasa 1:8, “Shure kwekunge Mweya Mutsvene wauya pamusoro penyu, zvino muchava zvapupu zvaNgu muJerusarema, Judheya, Samaria, uye nekumagumo kwenyika.” Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwaizovapo kusvikira pakudzoka kwaJesu zvakare! “Kwechinguana nyika haichazoNdiona zvakare, asi imi muchaNdiona nokuti Ndinenge ndinemi, kunyange mamuri, kusvikira kumagumo enyika; ndichiita zvi—zvinhu zvaNdinoita, nemiwo muchazviitawo.” Kubudikidza neMweya waKe uchishanda kubudikidza nemuChechi! Iye akati, “Imi muchasekwa.” Akati, “Vakandidaidza iNi, Tenzi wemba, *Bherizebhabhu*, “mukuru wevanoshopera,” ndokuti, “ko kuzoti ivavo vachazovadana kuti kudii ivo veimba yaKe zvino?” Akati, “Makaropafadzwa imi kana vanhu vachitaura zvakasiyana-siyana pamusoro penyu, farai uye mugofarisisa zvakanyanya, nokuti mubairo wenyu mukuru Kudenga; nokuti saizvozvowo vakatambudza vaporofita vaive mberi kwenyu.”

⁹¹ Ndiro Gwaro, munoona. Heroka iRo. Saka, munoona, unofanirwa kunge unaWo, shamwari. Zvino unofanirwa kuita sarudzo yako; uri munhu akasununguka kuzvisarudzira.

⁹² Asi ndipo pane kubatana nechechi yechiProtestanti uye nechechi yeKatorike. Pamwe chete vari vaviri, sekutaura kweBhaibheri . . . ivo vanongobatirira bedzi pachechi; kwete pana Jesu, zvino, kune chechi. Vanhu vari muchechi vakabatirira pana Jesu Kristu uye vachinamata kuti Mwari azarure nzira uye ovaita . . . ovapa Chiedza, munhu iyeye akaponeswa,

handina basa kuti ari muchechi ipi. Ndizvozvo chaizvo. Asi kana akangobatirira pasangano rake, iye atitora munembo wokurasika, uri kutora nzvimbo yorubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zvinopesana! Zvino maKatorike nemaProtestanti, vose vakafanana, Bhaibheri rakati, “Iye aive chipfeve; vose vaive mhombwe, vanasikana vake.” Zvajeka here zvino? Zvakanaka.

28. Saka Mutsvene...Saka Mweya Mutsvene uchiri kupiwa here nokuturikwa kwemaoko? Vadzidzi vakazviita izvi, Petro, Pauro, nevakadaro, zvino zvichiri kukwanisika here? Pauro akaUgamuchira nenzira iyi.

⁹³ Hongu, hama inodikanwa, hanzvadzi, angave ani akanyora chi—chinyorwa chacho. Mweya Mutsvene unotogamuchirwa zvmazvirokwazvo nokuturikwa maoko.

⁹⁴ Zvino, vanhu vazhinji vanondidaidza kuti...sezvo ndichizivikanwa semuPentekosti, vachiti ini ndaive muPentekosti. Ini handina kumbova nhengo yesangano rePentekosti. Ini zvmazvirokwazvo ndakasununguka kubva kuma masangano ose, uye nokubatsira kwaMwari ndicharamba ndakadaro, nokuti ndinogona kumira pamukaha ndichiti, “Tiri hama! Huyai kuno, huyai titaurirane pamwe chete.”

⁹⁵ Pandakatanga shure uko, nenyasha dzaMwari...Uye imi vanhu pano, uye nemasekiritari angu uye neavo vagere pano vanozviziva, ndaigona kunge ndichizivana nevanhu mamiriyoni gumi, kana kupfuura, vari pasi rose nhasi. Raizove sangano rakadii raizovambwa! Maona? Ndizvozvo chaizvo. Asi ini handidi sangano, zvinopesana neBhaibheri. Ini ndiri kuedza nepandinokwanisa pose kuti vanhu vaponeswe vacho vari mumasangano. Ndizvo zvacho. Zvino kungave kuronzira kwakadii kwandakapihwa naShe kune vanhu, zvirokwazvo ndichakushandisa kuti zvipe mbiri kwaAri pane kuti ndiise pane rimwe sangano. Ini ndichaiisa pana Jesu Kristu kwayakakodzera. Hapana sangano rinogona kukuponesa; zvinotitora Ropa raJesu Kristu.

Asi zvino, pakuisa maoko, zvino, ndichapesana ne... .

⁹⁶ Zvino, imi vanhu vechiPentekosti vanodikanwa, zvino musagure hukama neni. Asi zvino kana masvika panzvimbo pokuzoti, “Isu tichaenda kunomirira Mweya Mutsvene,” ishoko rakadii rakashandiswa muPentekosti!

⁹⁷ Zvino ndichataura izvi nokuda kwei...ndisingade kurwadzisa manzwiro enyu. Kutsigirwa kukurasa kwandinako pakuvhangerwa kunobva kuvanhu vechiPentekosti, nokuti vanotenda mharidzo yekupodza kwaMwari uyezve nesimba raMwari. Vamwe vose vanofuratira kwaZviri.

⁹⁸ Asi kungoti zvedungamunhu achibva muchechi, uyo akatemerwa kuHupenyu Husingaperi, vachauya. Ndizvozvo chete. Asi avo vasina, havagone kuuya; zvino Mwari vakataura kudaro, vakati, “Vakatemerwa kuti varaswe.” Iye haangade

kuti pawanike anoparara, asi, nokuti ndiMwari, Akatoona kuti vachaZvishora. Saka ndizvo—ndizvo zvega, Akatofanozviona. Zvino ndiko kufanoziva kwaMwari zvakuri, kuona zvinhu izvozvo. Zvino Akafanotaura pamusoro peChechi kuti iyo ichazenge yakamira papi kusvika pazuva ranhasi. Zvino Mwari akazviziva kubvira kumavambo. Nyika isati yavambwa, Aiziva kuti chechi ichange iri sezvairi nhasi. Aiziva nyika isati yavambwa kuti ini ndaizomira papurupiti ino manheru anhasi. Iye ndiMwari; Anoziva magumo kubva kumavambo.

⁹⁹ Zvino, ikozvino, vanhu vechiPentekosti vakadzidzisa... Zvino, ini pamwe ndichawana yakawanda ichidzoka pane Izvi, asi ndinofanira kutendeseka kana ndichifanirwa kuuya paShoko. Hakuna chinhu chinombonzi “shumiro yekumirira.” Manga muri kukanganisa. Kumirira hazvireve kuti “namata.” *Mirira* zvinoreva kuti “kugarira.” Shure kwekukwira kudenga, shure kwaJesu Kristu... kurovererwa, kucheneswa kwenzvimbo tsvene. Zvino shure kweZuva reYananiso, rumuko... Zuva reYananiso, apo paAkaauraiwa, zvino kunozopera mazuva makumi mana kusvika pakukwira kudenga, zvino kwozouya Pentekosti. Izwi rokuti *pentekosti* rinoreva “makumi mashanu,” izvi zvinoreva mazuva makumi mashanu shure kwekupa chipiriso cheYananiso.

¹⁰⁰ Zvino shure kwekupiriswa kweYananiso, zvinhu zvose zvaifanirwa kubuda zvakakwana, patsamba, panzvimbo, zvinhu zvose sekutaura kwakaitwa naMwari. Zvino Pentekosti, yaive iri nguva yejubheri, apo pavaiunza michero yavo yokutanga yegohwo zvino vova nejubheri.

¹⁰¹ Zvino, michero yokutanga ye—yeChechi, Chechi yeMweya Mutsvene, iyo Chechi yaizovepo kwezviuru zviviri zvemakore kusvikira Jesu achiuya, muchero wokutanga wakauya paPentekosti. Akange ari mazuva gumi Pentekosti isati yaitwa; aive ari mazuva makumi mana shure kwekucheneswa, shure mekuurairwa kwechipiriso, kusvikira pakukwira kudenga kwaJesu Kristu. Iye akati, “Endai kuJerusarema munomirira kusvikira mazadzwa neSimba rinobva Kumusoro.” Mabasa 1 . . .

¹⁰² Mabasa 2, “Zvino zuva rePentekosti rakati rasvika, vaiva vose nomoyo mumwe chete, panzvimbo imwe chete. Zvino pakarepo kutinhira sekwemhepo inovhuvhuta nesimba kwakabva Kudenga, kukazadza imba yose mavakange vagere. Vose vakazadzwa neMweya Mutsvene, vakatanga kutaura nedzimwe ndimi, pavakapiwa napo neMweya kureva.”

¹⁰³ Zvino nyika yezvinamoto, vaive kunze kwacho, machechi makuru etsika, vakauyako ndokuona vanhu vachidzedzereka vachiita kunge vanhu vakadhakwa. Zvino vakauya vachivaseka nokuita dambe navo, vachiti, “Tarisai kune boka iri revaGarirea! Vose vakadhakwa!” Munoono kusanzwisisa kwacho?

¹⁰⁴ Zvino kune shamwari yangu muKatorike, mhandara Maria yakaropafadzwa yaive pakati pavo. Zvino kana Mwari vasina kutendera kuti auye Kudenga asina kugamuchira Mweya Mutsvene uye zviriro zvakadaro, zvino unofunga here iwe kuti ungapinde pasina izvozvo, hanzvadzi? Kwete. Saka ngatichiburukei kubva pabhiza redu rakareba mudenga, ngatiburukei.

¹⁰⁵ Usatomboita hanyin’ a nezvinotaurwa nenyika. Tarisa kune zvinotaurwa naMwari! Iri ndiro Shoko raMwari. Isu tinofanirwa kurivaka zvinoenderana nechinyorwa *ichi*, nokuti Akati kuna Petro, “Pamusoro pedombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu uye masuwo egehena haagone kuKunda.” Zvimwe zvose zvichaitika. Zvakaratidza kuti masuwo egehena achange achiRwisa, asi haagone kuKunda. Zvino vanhu vanofunga kuti vanogona kuImisa? Iwe ungapinda kutomisa zuva nokukurumidza. Ndizvozvo chaizvo. Asi haagone kuImisa. Mwari vakaigadzira kuti Ienderere mberi.

¹⁰⁶ Pano ini pandakatanga kutendeuka, kunyangwe mai vangu vanonzwisa *urombo* kare ikoko vakafunga kuti ndave kupenga. Ambuya vangu vakati, “Anofanirwa kuendeswa kunzvimbo yemapenzi.” Vaparidzi veguta vakati, “Achadzima manjemanje.” Ndange ndiri kubvira kwenguva yakareba. Kubvira kwepamweya, kunoita zviriro nani nguva dzose. Sei? Haugone kubvira uchipera, iWo ndiMwari! Pane kuti ubvire uchipera, Wakabva watopararira kune nyika dzose zvino.

¹⁰⁷ Zvimwe chetezvo zvaAkataura apo pandaibhabhatidza ndiri zasi uko kuRwizi rweOhio, vazhinji venyu maive mumire ipapo, makore makumi maviri nematatu apfuura, ipapo chaipo paRwizi rweOhio. Chiedza chiya, Ngirozi, yakanyatsodzika zasi kwataive tiri, uye ndokuti, “Sekutumwa kwakaitwa Johane muBhabhatidzi kuti atungamirire Kuuya kwaJesu Kristu kwekutanga, Mharidzo yako ichaunza Kuuya kwepiri kwaJesu Kristu.” Zvino zvakatoitika. Izvo...Iye haasati zvino auya, asi tarisai zvazvakaita, zvakatsvaira pasi rose, kuipoteredza. Maona? Uye nhasi uno zvino, imbofungai, uye ku—kushingaira kwese kwakaitika, kwakave chaizvoizvo nemamiriyoni.

¹⁰⁸ Kunyangwe *Sunday Visitor* yeKatorike yakataura pamusoro pazvo, kuti aive mamiriyoni mangani akauya, nekungoda kwekushingaira uku.

¹⁰⁹ Vamwe vanonzwa, ivo voti, “Ichi iChokwadi! Ini ndagadzirira kurasikirwa zvino, kune zvinhu izvi zvemunyika, zvino ndoenda kunoparidza Evhangeri yemazvirokwasvo.”

¹¹⁰ Zvino ndosaka ivo vachitidaidza kuti “Evhangeri yakazara,” zvino vanoita jee neEvhangeri yakazara. Asi, hama, ini handidi chidimbu chezvinhu, ini... chinofanirwa kunge chakatokwana, kwandiri. Kana chidimbu chaYo chakanaka, zvino saka zvimwe zvese zvaYo zvakanaka. Evhangeri izere!

¹¹¹ Zvino, cherechedzai, Mweya Mutsvene wakadzoka ikoko. Vanhu vechiPentekosti vakamirira, “Zvino pakarepo kwakauya ruzha kubva Kudenga rwuchinge mhengo huru inovhuvhuta, ndokuzadza imba yavaive vagere.”

¹¹² Hapana imwe nguva zvakare yavakazomirira shure kwazvo. Apo Petro paaitaura maShoko kune veMarudzi, Mweya Mutsvene wakawira pamusoro pavo, kunyangwe vasati vambobhabhatidzwa. Ndizvozvo here? Apo, Mabasa 10:49 . . .

Asi Petro akati achataura mashoko aya, Mweya Mutsvene akaburuka pamusoro . . . avo vakanzwa shoko.

Zvino vatendi vokudzingswa . . . vakanga vauya naPetro vakashamiswa, nokuti . . . chipo cheMweya Mutsvene chakange chadururwa . . . pamusoro pevaHedheniwo.

Nokuti vakavanzwa vachitaura nedzimwe ndimi, vachirumbidza Mwari. Ipapo Petro akapindura akati,

Kune munhu here ungasvika mvura, tichiona kuti ava vanofanirwa . . . vagamuchira Mweya Mutsvene sezvatakaita pakutanga?

Zvino akamirira akabhabha . . . akaraira kuti vabhabhatidzwe muzita raJesu Kristu! . . .

¹¹³ Ndizvozvo chaizvo; hapana kumirira, hapana kugarira. Nzira yechiapostori chaiyo, Mwari vaive vasina murairo wakatarwa; kana moyo uine nzara, Anokupa zvaune nzara nazvo. Kana uchida Mweya Mutsvene, Unogona kuwira pauri iko zvino.

¹¹⁴ Petro, paakadzika zasi kunoparidza, Petro aive ane makiyi eHumambo. Ndine mubvunzo wekuti ndisvike kune zvakadaro mumaminitsi mashoma. Aive ane makiyi ekuHumambo. AkaHuvhurira kuimba yaKonerio. AkaHuzarura, zasi kune maSamaria, iye akaHuzarura kumusoro kuno; asi rangarirai kuti Firipi akanga akadzika zasi uko ndokuvaparidzira uye aive avabhabhatidza muZita raJesu Kristu, zvino Petro ndokudzikako akavaisa maoko pamusoro pavo. Uye, zvino, akaita chimwe chinhu, nokuti n’anga iya zasi uko . . . Vaive vana Simoni n’anga, akati, “Ndichakupai mari, kuti mundipe Chipi ichocho, chokuti chero wandinoisa maoko angu paari anobva agamuchira Mweya Mutsvene.” Handizvo here? Chimwe chinhu chakaitika! (Kwete kuti mamwe maachibhishopi vane kora yavo yakapindurudzwa kumashure, vakauya vakaisa maoko avo pavari, ndokuti, “Ndinokupai ropafadzo rechiapostora.”) Chimwe chinhu chakaitika Petro paakaisa maoko ake pavari; uye neapo pavanozviti nazvino.

¹¹⁵ Ndakavaona vachingodonha senhunzi saizvozvo, apo Mweya Mutsvene pawakavarova, nokuiswa maoko. Hongu, ndiyo

dzi—dzidziso yechiapostora yokuisa maoko pamusoro. Mwari vakuropafadzei. Kana iwe wakati siyanei zvishoma naizvozvo, ingondinyorera kagwaro mangwana manheru. Zvakana.

29. Kana zvikamu zviviri kubva mune zvitatu zvevanhu munyika yose vakanzwa... havasati vanzwa Evhangeri nazvino, Shoko reEvhangeri, zvingani zvakambo...

Ndiregerereiwo. Izvi zvakanyorwa neingi, zvino ndanga ndichidikitira pano zvino raerera pauri. Regai tione.

Kana zvikamu zviviri kubva mune zvitatu zvevanhu munyika yose vasati vanzwa Evhangeri, ko Ishe wedu vanogona kuuya sei izvozvi, nokuti havasati vambonzwa Evhangeri, zvikamu zviriri kubva mune zvitatu zvavo?

Zvino, ndizvo chaizvo. Ndichakuudzai zvandinofunga.

¹¹⁶ Pano nguva shoma yapfuura, apo Chiremba Reidhead, Mukuru weSudan Mission, hurusa yakazara... hurusa yechiapostora... Kwete, ndiregerereiwo. Misheni hurusa yezvepakutanga panyika yose, Sudan Mission. Chiremba Reidhead, vane madhigirii akawanda kusvikira havatoziva kuti vane mangani pavari, vakauya kumba kwangu kumusoro uko, kwati pfuurei gore nemwedzi mitanhatu. Zvino vakamira mumba mangu, ivo neuyu Hyman Appleman, uyu mushumiri weBaptisti akagamuchira Mweya Mutsvene zvino ave kuparidza zasi kuMexico. Zvino vakauya kumba. Ivo ndokuti, "Hama Branham," ndokuti, "imi munoshanda here nemaPentekosti?"

Zvino ini ndokuti, "Hongu, changamire."

Zvino ivo ndokuti, "Ndini Chiremba Reidhead."

Ini ndikati, "Ndafara kukuzivai. Mungapindawo here mukati?"

Ivo ndokuti, "Hongu, changamire."

¹¹⁷ Vakagara pasi, ndokuti, "Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu." Ndokuti, "Ini ndinonzwisisa kuti makagadzwa muchechi yeBaptisti."

¹¹⁸ Ini ndokuti, "Ndizvozvo chaizvo." Ndikati, "Ndakabuda mairi," ndokuti, "nokuti handaikwanisa kumira nazvo. Ini—ini ndinotenda kuti ndinofanira kuparidza zvinotaurwa neBhaibheri, kwete zvinotaurwa nechечи yeBaptisti. Uye handina chandinopesena nechечи yeBaptisti, vakangofanana nemamwewo machechi." Zvino ndokuti, "Ini ndakabuda kubva mairi kuti ndinge ndakasununguka."

Iye ndokuti, "Zvino, ndizvozvo, imi munoziva kuti tiri maBaptisti."

Zvino ini ndokuti, "Hongu, changamire."

¹¹⁹ Uye iye ndokuti, "Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Ko zvakamira sei pamusoro perubhabhatidzo rweMweya Mutsvene?" Ndokuti, "Ndakambopinda mukati ndokuvaona

vachikava zvigaro uye vachidzana-dzana nokuzhambatata nokungodaro.”

¹²⁰ Ndakati, “Ini ndakazviona zvose izvi, zvakare.” Asi ndakati, “Hama, shure kwezvese izvi, pane chinhu chechokwadi cherubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.”

¹²¹ Zvino iye ndokuti “Hama Branham, ndinogona kuUgamuchira here?” Iye ndokuti, “Ndine mibairo yedzidzo yakawanda!” Iye ndokuti, “Ini ndiri Chiremba, ndiri *zvakati*, ndine Ph.D. yangu, ndine Dhigirii reBachelor, ndine mhando dzose dzemadhigirii uye nemadhigirii ekuremekedzwa kubva kune nyika dzakasiyana-siyana, nezvimwe zvakadaro,” ndokuti, “asi Jesu Kristu vari kupi?”

¹²² Ini ndikati, “Zvakanaka, hama, Aripo imo muno mukamuri ino.”

¹²³ Akati, “Ini ndakamira ndikataura nemuMahomedhi akasimbarara, anga achangobva mukudzidza muAmerica, zvino ndikati, ‘Ramba muporofita wako akafa uye ugamuchire Ishe Jesu akamuka.’ Iye ndokuti, ‘Changamire vane mutsa, ko Ishe Jesu wenyu akamuka anogona kunditirei kupfuura zvingaitwe naMahomedhi wangu?’ Ndokuti, ‘Vose vari vaviri vakanyora maBhaibheri, isu tinozvitenda.’ Ndokuti, ‘Vose vari vaviri vakafa.’ Uye ndokuti, ‘Vose vari vaviri vakavimbisa hupenyu shure kwerufu, kwatiri, uye tinozvitenda.’”

¹²⁴ Iye akati, “‘Oo, asi, unoona,’” ndokuti, “‘isu Makristu tine mufaro.’”

¹²⁵ “Ndokuti, ‘Nesuwo tinawo.’ Ndokuti, ‘Ndinogona kuratidza zvekushandisa pfungwa sezvamunogona.’” Uye ndizvozvo chaizvo. “Iye akati, ‘Zvino, tarisai, Mahomedhi wedu... Imi makati Ishe wenyu Jesu akamuka kubva kuvakafa.’”

¹²⁶ Zvino Chiremba Reidhead vakati, “‘Handiti, Akamuka!’”

¹²⁷ “Ndokuti, ‘Zviratidzei!’ Ndokuti, ‘Zviratidzei!’ Ndokuti, ‘Mange mune makore zviuru zviviri zvekuzviratidza, zvino chikamu chinenge chimwe bedzi kubva muzvitaturo chepanyika chakazvinzwa.’ Ndokuti, ‘Regai Mahomedhi wedu amuke kubva kuvakafa nyika yose inobva yazviziva mumazuva maviri.’” Iye ari pachokwadi. “Iye ndokuti, ‘Mahomedhi wedu haana kumbotivimbisa chimwe chinhu kusara kwehupenyu shure kwerufu.’ Akati, ‘Ishe wenyu Jesu akakuvimbisai, uye imi vadzidzisi, kuti zvinhu izvo zvaAkaita imi muchazviitawo zvakare.’ Uye ndokuti, ‘Tinoda kukuonai imi vadzidzisi muchizviita iye zvino, uye,’ ndokuti, ‘isu tinozotenda kuti Akamuka kubva kune vakafa.’”

¹²⁸ Akati, “Hama Branham, ini ndakavira tsoka yangu muvhu *saizvozvo* zvino ndokubva ndashandura nyaya yacho.” Nemadhigirii ose aya! Sei? Mwari ari kupi mumadhigirii

aya? Mwari havazivikanwe nemaPh.D., nemaD.D., nemaL.D., nezvimwe zvakadaro.

129 Mwari vanozivikanwa nokutenda kwakareruka, norubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ndiyo nzira bedzi. Mwari mauri, kusvikira Akusvitsa pokuti “mwanakomana waMwari,” oshandura hunhu hwako. Uye chinhu chacho chimwe chete, Mwari Musiki Uyo akaita zvinhu zvose uye akataura nyika kuti ivepo neShoko raKe, Mweya iwoyo mumwe chetewo uri mauri, unotenda zvinhu zvose zvinotaurwa naMwari. Zvino hapana chinhu chisingagoneki; iwe unoRitenda.

130 Hauzomirira pakachitendwa kaduku woti, “Ini handidaro, handigone kugamuchira IZvozvo. Handigone kutenda kuti Mwari vanogona kuita *izvi*. Ini handitende.” Iwe unoisira Mwari miganhū nokusatenda kwako! Ndizvozvo chaizvo.

131 Saka Chiremba Reidhead vakamira ipapo, ndokuti, “Hama Branham, ko munhu anogona kugamuchira here, zvechokwadi-chokwadi, Mweya Mutsvene?”

132 Ini ndikati, “Hongu, changamire, Chiremba Reed-. . . , munogona.”

133 Iye akati, “Kana Mwari achiziva moyo wangu; uye ndichikutendai imi, ndichiziva; uye pasi pekufemera iko zvino, ndinoda kuti imi mu. . . Munotenda here kuti ndiri kutaura chokwadi?”

Ini ndikati, “Ndinozviziva kuti muri kutaura chokwadi!”

Iye ndokuti, “Zvino ndingaUgamuchira sei?”

Ini ndikati, “Pfugamai.”

134 Zvino ivo vakapfugama paive netafura yekofi. Ndichangobva kunoitora kubva kumusoro kuno. Murume wacho agere kumashure uko iye wacho akaigadzirisira chinguva chichangoti pfuurei kumusoro kuno. Agere ipapo, akaputsa girazi repamusoro payo paainge achipfugama pasi. Iye ndokuti, “Mwari, ivai netsitsi pamusoro pemweya wangu uzere nezvivi.” Zvino ndakaisa maoko paari, zvino rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwuchibva rwauya pamusoro pake pakare ipapo. Ndizvozvo chaizvo.

135 Zvino akabatidza chechi yeBaptisti nemoto kwese-kwese zvino, kune vese kwakatenderedza ikoko. Heyoka iyo. Hongu, changamire.

136 Evhangeri haigone. . . Jesu haagone kuuya kusvikira ku. . .

137 Tererai! Isu takaendesa matirakiti kwese-kwese munyika dzose. Haugone kuenda kune kamwe kakona kaduku kusina kusvikwa nematirakiti, mumwe munhu akapfuura neko nedzidzo yebhaibheri. Ukaenda mhiri kwemakungwa nhasi uye wozvidaidza kuti “mumishinari,” zvino wovatarisa vachikuseka. Ukafamba uchipinda muIndia zvino woti, “Ndiri mumishinari.”

¹³⁸ “Saka, iwe uchatidzidzisei?” Vanoziva zvakawanda nezveBhaibheri kupfuura. . . Vamwe vana vavo ikoko vanoziwa zvizhinji nezvazvo kupfuura zvinozivikanwa nezvazvo nevamwe vadzidzisi vavo kuno kuAmerica. Zvisinei, iBhuku reKumabvazuva. Uye, rangarirai, vaive neVhangeri mazana nemazana nemazana emakore nyika yeAmerica isati yambovepo. Mutsvene Thomas, chechi huru yaakaparidza mairi, ichiri yakamira muIndia zuva ranhasi. Havadi kana imwe yedzidziso yenyu, ivo vanoziwa zvese pamusoro pazvo. Vakati, “Chii chamuchatidzidzisa?”

“Zvino, isu tiri mamishinari okuAmerica.”

¹³⁹ “Chii chamuchatidzidzisa, kuti tinonwa hwiski sei? Ndzivo zvamunoita mese uko kumachechi enyu! Kuputa midzanga? Kuzotidzidzisa kuti tingarambe sei madzimai edu, nezvimwe zvakadaro?” Ndokuti, “Kana muri kuzoita izvozvo, isu hatizvide.” Zvino ndokuti, “Imi munouya kuno nedzidziso dzebhaibheri itsva kana zvimwewo zvakadaro, muchaedza kutidzidzisa rimwe reShoko, isu tinoziva zvakawanda nezvazvo kupfuura zvamunoita.” Uye ndizvozvo chaizvo. Iye akati, “Asi kana muri kuuya kuzoratidza zvinotaurwa neShoko, isu tichaRigamuchira.” Ameni! Hezvoka izvo. Ndicho chinhu chavari kunzwira nzara.

¹⁴⁰ Cherechedzai Shoko rangu, Rinyorei mumapeji eBhaibheri renyu, nokuti IZVANZI NAJEHOVHA, “Rangarirai, kana tikasvika kuIndia, muchanzwa zvemakumi ezviuru akapetwa zviuru achaponeswa.” Mweya Mutsvene wakaZvitauro. Ini ndakaZvinyora pano muBhaibheri rangu. Zvakanyorwa mumakumi ezviuru zvemaBhaibheri ipo pano, senge kumutswa kwekamukomana kaduku, kubudikidza nechiratidzo icho chaAkataura. “Pane zviuru mazana matatu vavo vari imomo.” Zvino wogoona kuti handizvo here! Ndiyo nzira iyo Evhangeri ichaparidzwa husiku humwe. Ichatsvaira saizvozvo, kubva kune nzvimbo ichienda kune imwe nzvimbo.

¹⁴¹ MuAfrica, uko kune zviuru makumi matatu pakokero imwe chete kuartari vakagamuchira Mwari, ndakati, “Simudzai maoko enyu mugamuchire Mweya Mutsvene.” Ndikati, “Musamirire mumwe mumishinari achabva kuAmerica kuti auye zvino okudzidzisa kuti mufundire mitauro mumachechi.” Uye nanamai vachigeza mbatya pamapuranga, kuti vatumire mumishinari ikoko zvino otyaira ari mumotokari hombe yakanaka, achigara mune zvakanakisisa zvenyika; chokwadi, achigovera matirakiti mashoma obva adzoka. Havadi izvozvo; zvakazviratidza.

¹⁴² Ini ndakati pano paChipatara chemaJudha apo, husiku hushoma hwapfuura mumusangano nevashumiri navanachiremba, pamusoro penyaya yekupodza kwaMwari; ini ndakati, “Imi makandidana kuti muumburuki mutsvene, uye

mukati ndakange ndaita hope mupengo apo pandakakuudzai . . . Ngirozi yaShe.” Uye ndikati, “Zvino chechi yedu yakatumira zviuru uye ndokushandisa mamiriyoni emadhora, ichitumira mamishinari kuAfrica; zvino pandakasvika ikoko, vainge vakatakura tumipunzo tuduku twedhaka, vachiedza kuwana rubatsiro kubva kukamupunzo kedhaka, ivo vachizviti ‘Makristu.’” Zvino ndakati, “Zvino zvamakati ‘kupengereka’ zvakaunza mweya yakawanda kuna Kristu mumaminitsi mashanu kupfuura mamiriyoni emadhora edu uye nezviuru zvemamishinari zvakakaita mumakore zana nemakumi mashanu apfuura.” Vakangonyarara, ndizvo chete! Hezvo izvi pano. Ndakataura kwamuri, ivo varume vacho, ini ndakati, “Musa—musaedza kuti muwane dzidzo, ingotorai Evhangeri iyi mobuda nayo kunze kune—kune nyika dzekumaruzevha uko kusingakwanisike kuendwa nemunhu wechichena, nokuda kwezvirwere.”

¹⁴³ Zvino ini ndine zvakanyorwa, kubva mupepanhau remuDurban, rakati iro, “Kunyange mutana uyu aive asingazive kuti nderupi ruoko rwerudyi kana rweruboshwe, akagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, uye akanga achibhabhatidza vanenge chiuru pasvondo.” Ndiko kufamba kuri kuita Evhangeri, tingangoti muchidimbu, Inongoda bedzi mwedzi mitanhatu kuti ipararire pasi rose. Zvakanaka.

30. Mungatsanangurawo here pamusoro peChristian—Christian Science?

¹⁴⁴ Zvakanaka. Ini . . . Pano pane . . . Ini handisi kuzotaura nezvechinamoto chako, hama yangu kana hanzvadzi, angave ani aisa mubvunzo uyu. Christian Science ndeyezvepfungwa. (Zvino kupodzwa kwevarwere neDenga isimba raMwari!) Christian Science ine pfungwa pamusoro pezvinhu; Christian Science inoramba Ropa raJesu Kristu. Christian Science . . . Oo, ndine mabhuku aMai Eddy uko, uye ndakaaverenga ose. Maona? Ndizvozvo chaizvo, Christian Science inoramba huMwari hwaJesu Kristu, uye yoMuita “muporofita.” Jesu Kristu akange asiri munhu; Aive Mwari! Aive Mwari! Zvino ivo vanofunga kuti ipfungwa pamusoro pezvinhu.

¹⁴⁵ Zvino kana ndine chiveve paruoko rwangu kana mudumbu mangu, kana mu . . . kana marwadzo mumusoro mangu, ini ndine pfungwa dzakakwana kuti ndizive kuti uri kurwadza, uye hazvizi zvekuti ndiri kufunga kuti uri kurwadza. Asi ndinoziva kuti simba raMwari rinogona kuabvisa, kwete zvangu . . . ini ndichifunga pamusoro pazvo. Maona? Saka, Christian Science, ndingataura izvi pamwe chete nemumwe wandabvunzwa, ndicho chimwe chezvitendwa zvechimanjemanje, uye kukanganisa kwakadzika, kune rima. Ndizvozvo. Ndisiri kurwadzisa manzwiwo ako, shamwari, angave ani anyora izvi, asi ndinofanira kuperera. Nokuti iwe wakazvinyora, zvino ini, pamwe chete, tichamira mumwe musi

muHupo hwaJesu Kristu tichipa humbowo, uye ndichapindurira zvandinotaura. Zvino, handingambopinduri kunze kwekunge ndiri kuziva. Zvakanaka.

31. Zvino: Kana isu tiri...Kana tichigara kure nekuno kuti tipinde...Isu tinogara kure zvakananyanya kubva kuno kuti tiuye kutabhanakeri. Ndekupi kwamungatiudzewo kuti tinopindira, toungana pachedu pamwe chete, apo tiri kuona kuti machechi ave kufanana namai vemachechi, kana kuti, chiKatorike?

¹⁴⁶ Hama yangu inodikanwa kana hanzvadzi, angave ani azvinyora, handingakuudze chechi yokupinda. Asi zvandingaite, izvi, hama yangu, hanzvadzi, ini...Kana usina rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, unoono, saka, iwe chiwana rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene zvino woenda kune imwe ungoro uko kune vamwe vanhu vane rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Unofanira...wadzana pachako nevanhu vemhando yakadaro!

¹⁴⁷ Ndakaona mumwe murume, pano nguva shoma yapfuura, aive akazvarwa makore gumi kubvira iye...kana kuti, kwete kuberekwa, ndiregerere iwo, akange ave nemakore gumi kubvira paakapedzisira kuona chinhu. Aive weimwe chechi huru, zvino aigara kuKennett, Missouri. Zvino iye aive ne...akange ari—kange ari mugadziri webhutsu makore akapfuura, zvino achibva aita bofu. Zvino murume uyu akauya papuratifomu, zvino Mweya Mutsvene wakamuudza kuti aive ani uye chii chaive chakatsveyama paari, ndokumuudza kuti ainge ave bofu kwenguva yakadini, uye ndokumuudza pamusoro kamwe kachiitiko kaduku, kasina kunaka kaaive aiita. Iye akati, “Kana Mwari akanditendera kurarama kuti ndisvike ikoko, ndichazvigadzirisira.” Zvino, paakangotaura izvozvo, maziso ake akabva avhurika; zvino irori Bhaibheri rimwe chetero, akaverenga chitsauko nechitsauko kubva maRiri.

¹⁴⁸ Akadzokera kuchechi kwake uye achipa kurumbidza. Zvino mufundisi akamuudza, “Zvaigona kuzongoitika kukadaro. Handiti, iwe wangova nemanyawi, hapana chinge chiripo pazviri. Hapana zviripo pazvinhu izvozvo, ndezvadhiyabhore!”

¹⁴⁹ Ndinopikisa chero ani zvake kuti andiratidze Gwaro rimwe chete apo dhiyabhore anogona kupodza. Kana ukandiratidza apo dhiyabhore anogona kupodza, ini ndicharatidza kuti dhiyabhore ndibaba vako; ndizvozvo chaizvo, kana iwe ukazviita. Hazvimo muMashoko aMwari. Hazvigone kuratidzwa. Uye unogona...unogona kuda kuzviedza, wakasununguka. Asi izvozvo zvakanambosangana nemabhishopi uye nezvimwe zvese, hama, saka usataure izvozvo.

¹⁵⁰ Tarisai! Zvino murume mumwe chete akasvika pokuti, mumoyo make, aizvitenda. Zvino mwedzi mitatu yakatevera aive ari mushumiro dzangu, angori bofu sezvaave panguva yokutanga. Hezvoka izvo.

¹⁵¹ Saka garirai kunze kwezvitendzwa! Wadzana pachako nemunhu anotenda, wadzanai pamwe chete. Bhaibheri rakati, “Usazvibatanidze pamwe nevasingatendi.” “Zvipatsanure,” Mwari vanodaro. Buda kunze! Bhaibheri rakati, “Ibvai pakati pavo, uye mova... musabate zvinhu zvavo zvisina kuchena, zvino Ndichakugamuchirai. Ndini Ishe Uyo amire pakati pechechi.” Ndizvozvo chaizvo. Budai kunze! Musawadzane nevakadaro!

¹⁵² Asi regai...enda pachako pakati peimwe chechi, imwe chechi yakanaka. Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, Campbellite, ingave iri ani, hazvina zvazvinoita... Umo munenge mune vatendi vechokwadi imomo, ivo havana basa kuti chitendwa chechechi chiri kuti kudii, vanoenda ikoko kunosangana nehama nehanzvadzi dzavo vobva vanamata Mwari, pamwe chete. Zvakanaka.

32. Husiku hwapfuura makataura nezve “mhomho huru isina munhu aikwanisa kuiverenga, kubva kune marudzi ose, nyika,” ayo aka—akataurwa muna Zvakazarurwa chitsauko 7. Ndakakunzwisaisai here, zvakakwana, kutaura kuti “Ivo ndivo Mwenga waKristu”? Hongu, makandinzwisisa. Ivo ndivo Mwenga.

¹⁵³ Zvino kana mukacherechedza, chaizvoizvo muna Zvakazarurwa 7, iye akaona ivo vane zviuru zvine zana namakumi mana nezvina. Zvino, ini handisi kukupai mhosva pane izvi, hama yangu, asi ivo zana... Kazhinji weZvapupu zvaJehovha ndiye anotenda kuti vane zviuru zvine zana nemakumi mana nezvina ndivo vachazova Mwenga. Zvino izvozvo kukanganisa! Johane waiziva mumwe nomumwe wavo, uye akavadana nezita. Vose vaive mumwe nomumwe maJudha. Iye akati, “Zviuru gumi nezviviri zvaGadhi, zviuru gumi nezviviri Zabhuroni, zviuru gumi nezviviri zvaBhenjamini, zviuru gumi nezviviri zvaJudha.” Ndizvozvo here? Zvino kune marudzi gumi nemaviri eIsraeri, zvino gumi nembiri tikazvipeta kagumi nembiri... ndizvo zviuru zvine zana nemakumi mana nezvina. Ndizvozvo here? Iye akati, “Vose, vana veIsraeri.” Johane akavacherechedza ivo.

¹⁵⁴ Zvino iye akatarisa *uku*, zvino ndokuti, “Nhai, pano pamire mhomho huru isina munhu anogona kuiverenga, yendudzi dzose, ndimi, nedzinyika; vakamira vane nguwo chena, mumaoko avo... nezvanza, zvino vachisimudzira, uye nokudanidzira, uye vachiimba mahozana zvino...kuna Mambo.” Iye akati, “Avo ndivana ani?”

¹⁵⁵ Iye akati, “Avo ndivo vakabva mukutambudzwa kukuru uye ndokugeza nguwo dzavo muRopa reGwayana. Vari pamberi paMwari, zvino vachashumira Gwayana muTemberi maKe pamwe naYe. Masikati nehusiku, havazoMusii.” Hoyo Mwenga, munoona, Mudzimai, Mwenga weMarudzi.

¹⁵⁶ Rangarirai, Mwenga ndeweMarudzi. Akati, “Achauya ozotora vanhu kubva kuMarudzi nokuda kweraKe” (kuda kwei?) “kweZita raKe.”

¹⁵⁷ Zvino, pane madzimai echidiki akawanda munyika. Asi ini ndakatora mudzimai mumwe chete, uye ndiye Meda Broy, uye ndiye Mai William Branham zvino. Iye ane... Haachisiri wekwaBroy zvachose; ave wekwaBranham zvino. Maona?

¹⁵⁸ Zvino ndizvo zvazviri, iwe ukatora Jesu Kristu zvino wobva wava Mwenga, nhengo dzeMwenga.

33. Ko ndeapi mashoko echiLatin ari pamusoro peGuta reVatican? Isu tinoda kuziva kuti anosanganiswa sei kusvika pamazana matanhatu nemakumi matanhatu nenhanhatu, uye kuti anorevei.

¹⁵⁹ Saka, haasi pamusoro... mashoko echiLatin—echiLatin haasi pamusoro peGuta reVatican; ari pamusoro pechigaro chapapa, apo paanogara pachigaro chake. Pakanyorwa pamusoro pacho, “VICARIVS FILII DEI.” Kana muchida henyu, mangwanani, ndichauya nazvo ndakazvinyora, zvese, zvino ndozviisa pachidimbu chepepa. Zvino kana muchizvida, handiti, ndichakuvigirai mangwanani. Apo pamunogona kupaperengera nemavara echiRoma, VICARIVS FILII DEI, mashoko acho anoreva kuti “Pachinzvimbo cheMwanakomana waMwari”; iye ndiye anotora chinzvimbo cheMwanakomana waMwari.

¹⁶⁰ Chechi yeKatorike inotenda kuti “Petro ndiye aive papa wekutanga; ndiye akatora nzvimbo yaJesu Kristu.” Zvinova izvo kukanganisa! Zvakanaka. Zvakare vanotaura kuti “Papa wese anotevera anenge achitora nzvimbo yake; zvino papa aripo zvino, iye aripo zvino, ndiye ari pachinzvimbo chaJesu Kristu.” Zvino ipapo pakanyorwa pamusoro pacho, “*Ari panzvimbo yaJesu Kristu*, ‘VICARIVS FILII DEI,’” zvakanorwa ipapo. Torai mavara echiRoma uye mobva manyora (X ari gumi, V ari shanu, zvichingoenda zvakadaro), pamunoperengera “VICARIVS FILII DEI,” zvino monyora mutsara, zvino munenge mava nemazana matanhatu nemakumi matanhatu nenhanhatu. Zvinyorei zvese uye mozoona.

¹⁶¹ Zvino, ndine *Zvitaurova Pamusoro Pekutenda Kwedu*, ndizvo zvarinodaizwa, muchechi yeKatorike, nokuti vanhu vangu vaive maKatorike echiIrish. Saka ndinoziva zvandiri kutaura nezvazvo. Maona?

¹⁶² Zvino izvi ichokwadi chemazvirokwazvo, ndizvozvo chaizvo, kuti imomo... Zvino Bhaibheri rakataura kuti “Achange akagara muchechi, kana pa—panzvimbo, kana chechi igere pazvikomo zvinomwe muRome, uye simba rake richaenda munyika dzose. Zvino iye anonzi antikristu.”

¹⁶³ Zvino kubva muchechi iyoyo kwakabuda tumwe tumachechi twakazvarwa mumashure mayo, zvino ndokuti, “Iyo yaive chipifeve, zvino iwo aive mombwe dzaiitevera.” Ndizvozvo

chaizvo. Hezvoka izvo. Nokuti ivo vakazorongwa mune zvinhu zvimwe chetezvo, uye vakave nezvitendwa nedzidziso dzavo. Zvakangoti shomekei, zvisina kuzove nesimba rainaro, asi dzichine simba. Uye *chikara* zvinoreva “simba.” Hezvoka izvo. Saka vakawana, maKatorike ndivo vane simba gurusu. MaMethodisti, uye tevere maPresbyteriani, zvino kwozouya maLutherani, tevere maBaptisti, uye tevere vamwe vakadaro, uye zvichingoenda zvichidzika. Idzo dzaive masimba maduku, akarongwa, “Chechi yangu! Chechi yangu! Chechi yangu! Chechi yangu!”

¹⁶⁴ Asi mutendi wechokwadi hapana zvaanotaura zveizvozvo. Kuti “Kristu wangu! Kristu wangu! Kristu wangu!” Ndiwo mutsauko. Munoziva sei? Mweya Mutsvene ndiwo unopupurira nezviratidzo nezvishamiso.

¹⁶⁵ Pano pane kadiki, kanenge kanorangaridza zvakare. Handifarire kuverenga izvi, asi mumwe munhu azviisa pamusoro pano:

34. Mabvunza chikonzero chekuti sei tabhanakeri ino isina kuenderera mberi. Chikonzero ndechekuti, zviripakuti mamwe emadhikoni ari kuramba chipo chendimi uye nokupodza. Tose tinoziva kuti izvi ndezvechokwadi.

¹⁶⁶ Regai ndizive kuti iye wacho ndiani, ndichiri pano pa—pambuserere ino, zvino iyeye anozobviswa nokukurumidza.

35. Ndapota tsanangurai kana Mukristu achifanirwa kucherechedza kugezana tsoka, uye nerubhabhatidzo muZita raJesu Kristu (Zita) panzvimbo yezita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Ndapota.

¹⁶⁷ Zvakanaka. Ndanga ndine inenge mitatu yakadaro muno umu yabvunza chinhu chimwe chete.

¹⁶⁸ Zvekugezana tsoka, zvino, ndochitongotanga hangu neiwoyo. Zvakanaka, zvino unogona kupesana, izvozvo zvakanganaka. Regai ndingoverenga zvisihoma, kwekanguvana. Kana kuti kana muchida kuzviverenga, zvitorei pana Mutsvene Johane, chitsauko 13, kwekanguvana. Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu pano. Zvino tererai kune zvakaturwa naJesu Kristu, paChake, zvino ndichazokutorai kuno muTestamende zvino ndokuratidzai kuti zvichiri kuitwa. Tangirai pandima yechi 2.

Zvino akati vapedza kusvuvura, dhiyabhore ave. . . atoisa mumoyo maJudasi Iskarioti, mwanakomana waSimoni, kuti amupandukire;

Jesu achiziva. . . Baba vakamupa zvinhu zvose mumaoko ake, . . . iye akabva kuna Mwari, uye kuti anoenda kuna Mwari; (Akauya achibva muMweya, akapinda munyama, zvino ndokudzokera muMweya. Maona?)

Akasimuka pakudya, akabvisa nguwo dzake;... akatora mucheka, ... akazvisunga muchiuono.

Shure kwezvo akadira mvura mumudziyo, akatanga kushambidza tsoka dzavadzidzi, akapukuta nemucheka waakanga akazvisunga nawo.

Akasvika kuna Simoni Petro: zvino Petro akati kwaari, Ishe, imi moshambidza tsoka dzangu kanhi?

Jesu... akati kwaari akati, Cha—chandinoina hauchizive zvino... asi uchanzwisisa pashure.

Petro akati kwaari, Hamungatongoshambidzi tsoka dzangu nokusingaperi. Jesu akamupindura zvino ndokuti kwaari, Kana ndisingakushambidze, hauna mugove neni. (Oo, ungazvifungawo here izvozvo! Zvakanaka.)

Simoni... ndokuti kwaari,... dzirege kuve tsoka dzangu dzoga, asi... maoko angu nemusoro wanguwo.

Zvino Jesu akati kwaari, Wakashambidzwa ... kunze... anofanira ... ashambidzwe tsoka dzake, zvino wakachena kwazvo: ... asi hamuzi mose.

Nokuti wakanga achiziva uyo aizomupandukira; saka akati, Hamuna kuchena mose.

Zvino akati ashambidza tsoka dzavo, aka—akatora nguwo dzake, akagarazve pasi, akati kwavari, Munoziva zvakuitirai here?

Munondiidza Mudzidzisi uye Ishe: munoreva zvakanaka; nokuti ndini iye.

Zvino kana ini, Ishe noMudzidzisi wenyu, ndashambidza tsoka dzenyu;... munofanira kushambidzana tsoka dzenyu.

Ndakuratidzai muenzaniso, kuti multe imi mumwe kune mumwe sezvandakuitirai imi.

... makaropafadzwa kana muchiziva zvinhu izvi uye muchizviita.

¹⁶⁹ Umo muna Timotio weChipiri, Pauro akati, achinyorera kuchechi, “Musaita kuti shirikadzi iunzwe muchechi kusvikira yageza tsoka dzevatsvene.” Ndizvozvo chaizvo. Kugezesana tsoka kwaitwa mumazuva ose emuBhaibheri. Uye nokubatsirwa naMwari, kana ndikachengetedza pfungwa dzangu dzakakwana, uye Mwari vakandibatsira, ini ndichazviita kusvikira ndafa. Ndizvozvo chaizvo. Uku kuraira chaiko kwakaitwa naJesu Kristu!

Zvino, pano pari kuzova nemubvunzo unoti tswinyei.

36. Ko sei munhu achizobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu pane kuti “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene”?

Ndine miviri kana mitatu. Heuno mumwe ipo pano apa:

- 37. Hama Bill, nderwupi rubhabhatidzo rwenhema rwamaitaura pamusoro parwo manheru apfuura, kuti imvura kana Mweya? Kana iri mvura, uye makati Zita raJesusu Kristu, saka seyi Mateo 28:19, ichiti, “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene”? Ndapota tsanangurai.**

¹⁷⁰ Zvino, iyi inoti tswinyei, asi ndinotenda kuti ndine mumwezve pamwe pano, zvimwe chetezvo. Oo, dzinogona kuita nzvimbo nhatu. Ndichaedza kusvika kwauri. Regaitione. Munga—mungatsungirirawo here neni kwemaminitisi mashoma? Zvakanaka. Zvino, ngatitangei zvino uye topindura mibvunzo iyi. Pamwe tinogona kusiya mishoma yacho, zvino tozoiona pamwe (yasara yacho) mangwana; kana pasina zvimwe, kuSunday school, kana imwe nguva. Asi vanhu ava dzimwe nguva...vari kubvunza izvi, uye mangwana pane rubhabhatidzo. Zvino, ingave nzira ipi yawakabhabhatidzwa nayo, izvozvo hazvina kana basa kwandiri. Asi ndinoda ku—kukutaurirai Dzidziso yechiapostora yemuBhaibheri. Maona?

¹⁷¹ Zvino, isu takaona, manheru apfuura, kuti apo pakarongwa chechi yeKatorike, kuti yakabuda ine chirairo chenhema, vachitaura kuti “Ukagamuchira Sakaramende dzvene, zvichireva chirairo chitsvene ipapo, wagamuchira Mweya Mutsvene.” Ichocho hachisi Mweya Mutsvene; kangori kahwendefa kechingwa.

¹⁷² Machechi echiProtestanti anokwazisana maoko, voisa mazita avo mubhuku, ndizvo zvavanoti “kuUgamuchira.”

¹⁷³ Zvino, asi nzira chaiyo yokuUgamuchira rwaive rwuri rubhabhatidzo rweMweya.

¹⁷⁴ Uye, zvino, chechi yeKatorike yakauya nekatekazi. Luther aive nayo, chechi yeMethodisti inayo, maEpiscopalian vanayo, vazhinji vevamwe vacho vanayo, katekazi. Tsika zhinji dzechечи yeKatorike dzichiri dzakaremba pamachechi echiProtestanti; zvinoiumba iyo iri pamwe nayo, maererano neBhaibheri.

¹⁷⁵ Asi hakuna kumbova nemunhu, zvachose, mumapeji ose eBhaibheri, akambobvira abhabhatidzwa nemuzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Hapana kumbova nemunhu akabhabhatidzwa nemuzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene” kusvikira pachechi yeKatorike yepakutanga. Hazvimo muBhaibheri, hamuna zvachose! Kana munhu akagona kuwana kachidimbu imomo, zvino ndiudze wondiratidza apo pane munhu mumwe chete akambobhabhatidzwa achishandisa zita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene” ndapota ndiratidzei, ndakadzokorora uye ndikadzokorora uye ndikadzokorora uye ndikadzokorora uye ndikadzokorora Izvi, kwemakore

makumi maviri neanoraudzira zvino. Uye uku kukanganisa! Ichi chitendwa cheKatorike kwete murairo weBhaibheri.

¹⁷⁶ Zvino tichazviona kuti sei, isu tichaenda kumubvunzo wako, hama inodikanwa. Mutsvene Johane . . . ndinoreva Mateo 28:19. Zvakana, ngatidzokerei zvakare. Imi mochi vhora maBhaibheri enyu, pamwe chete neni, kuti mugoverenga pamwe chete neni. Iyi ndiyo nzvimbo yazvakataurwa. Nzvimbo imwe chete muBhaibheri yekuti . . .

¹⁷⁷ Jesu haana here kutaura kuti, “Mumuromo wezvapupu zviviri kana zvitatu shoko rose ngarisimbiswe”?

¹⁷⁸ Ini ndinogona kukutorai muBhaibheri paRakati, “Judhasi Iskarioti akaenda akanozvisungirira,” zvino, “Iwe enda unoita zvimwe chetezvo.”

¹⁷⁹ Ndinogona kukuendeswa apo Jesu akati, “Apo Mwanakomana wemunhu,” izvo zvaaive pachaKe, “ari zvino Kudenga, achadzoka zvakare,” zvino akamira ipo pano panyika. Zvino ndokuti, “Mwanakomana wemunhu iko zvino ari Kudenga,” uye akamira ipo pano panyika.

¹⁸⁰ Unofanira kuziva Mwari kuti uzive Shoko raKe. Iwe haukwanise . . . Ndosaka uchiti, “Iro rinozvikipisa pachezvaRo.” Izvi zvinotenderedza musoro; nokuti Mwari vakati VakaRinyora saizvozvo kuti vaRivanze kune vakadzidza ava nevakadaro. Zvino regai vanhu vazvinipise paaritari, zvino Mwari vanoziRizarura kwauri.

¹⁸¹ Zvino herino Gwaro, Mateo 28:19, nzvimbo imwe chete muBhaibheri parakataura madunhurirwa aya.

*Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose,
muvabhabhatidze muzita raBaba, nero Mwanakomana,
nero Mweya Mutsvene:*

¹⁸² Zvino, nzira yamunobhabhatidzwa nayo, ndeyi, “nemuzita raBaba, nemuzita reMwanakomana, uye nemuzita reMweya Mutsvene.” Izvozvo hazvimborimo muMagwaro! Asi zviri pano apa, “Dzidzisa marudzi ose, muvabhabhatidze muZita!” Zvino tarisa muBhaibheri rako uye wogoona kuti iro rinoti here “nemumazita” kana kuti “nemuZita.”

¹⁸³ Zvino unoti . . . Zvino, pano nguva shoma ichangopfuura mumusangano, mumwe muchinda akati, “Pane kupesana kuri muBhaibheri!” Ndokuti, “Ini ndinoshuwira kuti dai mazvitsanangura kwandiri. Sei Jesu akaudza vanhu kuti vabhabhatidzwe nomuzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, zvino Petro ndokutendeuka achibva avabhabhatidza nomuZita ra ‘Jesu Kristu,’ muna Mabasa 2:38?” Akati, “Kana izvi zvisingapesane pachazvo, handione kupesana!”

Ini ndakati, “Nokungoda kwekuti hauna kumbotsvaga Mwari nemazvo.”

184 Iye akati, “Hama Branham, zvine mutsauko here ndikabhabhatidza nenzira *iyi* kana nzira *iyoyi*?” Chaizvoizvo zvinawo, uye ndichazviratidza neBhaibheri.

185 Ko dai—ko dai Mosesi . . . Mwari vakaudza Mosesi, huya kuno kugwenzi, ndokuti, “Mosesi, bvisa shangu dzako, uri paivhu Dzvene.”

186 Iye oti, “Zvino, Ishe, ndiri munhu anoremekedza. Shangu dzangu dzinoti netsei kubvisa, saka ndichangobvisa ngowani yangu.” Haana kumboti “ngowani,” Akati “shangu!” Zvino zvinotaurwa neBhaibheri ndezveChokwadi. Zvino dai . . .

187 Pano, aya mazuva gumi, uku kwaive kukwira kudenga. Zvino Jesu paakakwira kumusoro, Akaraira vadzidzi vaKe kuti vaende kunyika dzose vachidzidzisa ndudzi dzose, vachivabhabhatidza nemuzita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Zvino mazuva gumi akatevera . . . Vakaenda kuJerusarema ndokunomirira vari muimba yokumusoro kusvikira Mweya Mutsvene wauya. Zvino ipapo vakatanga kuparidza vachienda mberi . . . Vakati, “Isu toita sei kuti tiponeswe?”

188 Petro akati, “Tendeukai, mumwe neumwe wenyu, mugobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu.”

189 Zvino akaenda kuimba kwaKonerio, ndokuti, “Tendeukai, uye mugobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu.”

190 Zvino akaenda akawana vamwe vanhu vakanga vakatobhabhatidzwa kare, ndokuti, “Munofanirwa kubhabhatidzwa zvakare muZita raJesu Kristu!”

191 Zvino akadzika zasi kuSamaria zvino ndokuti, “Vabhabhatidzei muZita raJesu Kristu.”

192 Zvino hapana kana nguva imwe chete pakashandiswa madunhurirwa aya pane mumwe munhu. Hapana kana! “Zvino, pane kupesenaka apa,” imi munodaro. Kwete, hapana kudaro. Ingobvunza Mweya Mutsvene zvino, uye woMutarisa achiZvizarura kwauri. Zarura moyo wako.

193 Zvino, iwe usave nepfungwa yakatofanotonga. Kana ukadaro, Mwari havagone kutaura newe. Asi ukasave nepfungwa yakafanotonga, woti, “Ini ndiri kutsvaga Chokwadi chaicho, Hama Branham.”

194 Kana Jesu akaudza vadzidzi, “endai munoita *izvi*,” zvino vobva vaenda vonoita zvimwe zvinhu kuno *uku* zvakasiyana, uye zvisinei Mwari vozviropafadza, nemoshe muBhaibheri. Zvino, vakaita here zvavakaudzwa naJesu kuti vasaite? Kana vakadaro, havana kuteerera, uye Mwari havazomboremekedzi kusateerera. Kana Vakadaro, Vaizoremekedza Evha vobva vamisa zvinhu zvose kubvira pakutanga. Kana Mwari vakataura chimwe chinhu, Vanofanirwa kuchengetedza Shoko raVo; Vanozvitonga. Saka zvaireva kuti kuda Petro aive akanganisa . . .

¹⁹⁵ “Oo,” akati, “izvo ndizvo zvakataurwa navaapostora.” Mumwe muchinda akati, “Ndizvo zvakataurwa nevaapostora. Ini ndichaita zvakataurwa naJesu.”

¹⁹⁶ Saka, kana vaapostora vakaita zvavakaudzwa naJesu kuti vasaite, zvino zvonzi? Uye kana vaapostora vakanyora Bhaibheri iri... Pauro akanyora zvose izvi, zvino Pauro ndiye akaita kuti vabhabhatidzwe zvakare. Zvino kana Pauro ari iye akanyora chikamu chikurusa cheTestamende Itsva iyi, saka une Bhaibheri remhandoi rakanyorwa rauri kuedza kuverenga?

¹⁹⁷ Zvino ngatingozviitai kuti zvive Izvi. Nyatsobvunzai zvine musoro uye moona kuti Shoko rinoti kudii. Zvino, izvi ndezvekuti mudzidze, kuti imi muzive Shoko raMwari.

¹⁹⁸ Zvino, kana Petro akabhabhatidza muZita raJesu Kristu shure kwekunge Jesu amuudza kuti abhabhatidze nemuzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” akaita zvaipesana nezvakataurwa naJesu. Ichokwadi here? Zvino, panofanirwa kunge pane chimwe chinhu apa. Zvino ngatichionei, uye tokumbira Mweya Mutsvene kuti atiratidze. Zvino, nzvimbo yokutanga, zvino ngatitorei—ngatitorei Rugwaro rwekutanga, Mateo 28:19.

*Endai naizvozvo, . . . mudzidzise marudzi
ose, muvabhabhatidze muzita raBaba, . . .
Mwanakomana, . . . Mweya Mutsvene:*

¹⁹⁹ Tarisa pasi muBhaibheri rako uye ugoona kana richiti “nemumazita raBaba, neroMwanakomana, neroMweya Mutsvene.” Rinodaro here? Kwete, changamire. Rakati here, “nemuzita raBaba, nemuzita reMwanakomana, nemuzita reMweya Mutsvene”? Iro rakati, “NemuZita!” Ndizvozvo here? Saka, “zita” raive rimwe. Ndizvozvo here? Zvino, Aida kuti vabhabhatidzwe nezita ripi, zita raBaba, kana zita reMwanakomana, kana zita reMweya Mutsvene? Iye akati, “NemuZita!” Saka, chaizvoizvo, hapana kana rimwe rawo rinova zita.

²⁰⁰ Vangani vanababa vari muno? Tionei ruoko rwako—ruoko rwako. Zvakanakai. Ndiani pakati penyuru anonzi “Baba”? *Baba* harisi zita; *baba* ringori “dunhurirwa.” Ko vangani vanakomana vari muno? Chokwadi, murume wese, munhurume wose, ivo vanakomana. Saka, ndiani pakati penyuru anonzi “Mwanakomana”? Harizi zita; idunhurirwa. Handizvo here? Harizi zita; idunhurirwa. Zvino, ndiani pakati penyuru anonzi “Munhu”? Mune vanhu vangani vari muno? Imi mose. Zvino, ndiani wenyuru anonzi “Munhu”? Hakuna chinhu chakadaro; ndizvo zvaUri. Mweya Mutsvene harisi zita; ndizvo zvaUri. Ini ndiri munhu. Saka kana Baba, Mwanakomana, kana Mweya Mutsvene harizi “zita”; anongori *madunhurirwa* matatu anoenda kuZita rimwe chete.

²⁰¹ Zvino chinyatsotererai. Ko . . . Tarisai pano! Ndichatora izvi semaitirwo ezvemwana. Kana iwe ukati, zvino, sokunga wanga uchiverenga bhu—bhuku rengano, zvino robva rati, “John naMary vakabva vagara vachifara nokusingaperi.” Zvino iwe woshushikana zvino kuti, “Ko ndiani John naMary?” Zvino, nzira bedzi yokuziva kuti John naMary vaive ani, kudzokera zvakare woverenga kubva kumavambo kwenyaya zvino wopedza yose. Ndizvozvo here?

²⁰² Zvino, kana Jesu akati pano, “Bhabhatidzai nemuZita raBaba, Mwanakomana neMweya Mutsvene,” zvino Baba harisi zita, uye Mwanakomana harisi zita uye Mweya Mutsvene harisi zita, chii, Ndiani Muchinda uyu? Isu tinoda kuziva kuti Ndiani Wacho. Zvino, chinhu chakanakisisa chokuita . . . Ndicho chitsauko chokupedzisira chaMateo, ndima yokupedzisira. Zvino ngatidzokerei kune chitsauko 1 chaMateo, uye ndima dzokutanga, tobva tatanga, toona kuti Iye uyu Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene ndiyani. Zvino, ndinoda kuita izvi kuitira vana vari apo, kuti ivo vazvibatewo zvakare.

²⁰³ Chinhu chokutanga, izvi zvichakuswatanudzai pane zvenyu “zvavanamwari vatatu mumwe,” Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. [Hama Branham vanoratidza nezvinhu zvitatu—Mupepeti.] Zvino, pokutanga, hapana nzvimbo imwe muBhaibheri pakambotaurwa *zvavanamwari vatatu mumwe*. Kana wapawana ndiratidze. Hakuna chinhu chakadaro. Kukanganisa kweKatorike, zvino imi maProtestanti munokotamira kwazviri. Cherechedzai. Zvino, *ichi* chii? Ini ndati *ichi* Ndiani? Baba. *Ichi* Ndiani? Mwanakomana. Uye *ichi* Ndiani? [Ungano inoti, “Mweya Mutsvene.”] Zvino, Baba ndiBaba vaAni? Mwanakomana. Ndizvozvo here? Zvino, *uyu* ndiBaba vaJesu. Iwe usazvisanganise, zvino. *Uyu* pano ndiBaba, *uyu* Mwanakomana, uye *uyu* Mweya Mutsvene. Ndizvozvo here? Zvino, vanhu vanozviisa, “Vanhu vatatu vakasiyana, vanaMwari vatatu vakasiyana, hunhu hutatu hwakasiyana.” Ndosaka muJudha asingagone kuZvinzwisisa! Zvakanaka.

²⁰⁴ Mateo chitsauko 1, chinotanga nemadzitateguru aJesu Kristu, “Abrahama akabereka Isaka, Isaka akabereka Jakobho,” zvichingodaro, zvichidzika zvakadaro, kusvikira zvasvika pandima 18.

Zvino kuberekwa kwaJesu Kristu . . .

²⁰⁵ Hezvinoi zvazviri pano, ndima 18.

Zvino Kuberekwa kwaJesu Kristu . . . (Nditevere neBhaibheri rako) . . . *kuberekwa* kweMurume uyu *Jesu Kristu kwaive kudai*: Apo . . . *Maria mai vake vakati vanyengwa naJosefa, . . . vakaonekwa vane mimba ya . . .* (Mwari, Baba?)

NdaPaverenga zvakanaka here? Ipo Panoti kudii? [Ungano inoti, “Mweya Mutsvene!”—Mupepeti.] Akawanika ane Mwana

waAni? [“Mweya Mutsvene.”] Ndafunga kuti mumwe munhu ati Munhu *uyu* ndiye aive Baba vaKe? Bhaibheri rakati Munhu *uyu* ndiye aive Baba Vake.

. . .vakaonekwa vane mimba yoMweya Mutsvene.

²⁰⁶ Zvino imhandoi yemwana wamunaye? Jesu anoti pachena Mwari vaive Baba vaKe. Ndizvozvo here? Mwari ndiye Baba vaKe! Saka, Mweya Mutsvene unei nechokuita nazvo zvino? Kana Bhaibheri rakati Mweya Mutsvene ndiye aive ari Baba vaKe, uye Jesu akati Mwari ndiye aive Baba vaKe; zvino iwe woti Mwari aive Baba vaKe, zvino Bhaibheri rinotaura, pano apa. Kana pane vanhu vatatu, vaviri vakasiyana, Mwari vaisava nechokuita nazvo. Mweya Mutsvene ndiwo Baba vaKe.

²⁰⁷ Zvino ngativerengei pamberi zvisroma.

. . .Josefa murume wake, zvaakanga ari munhu akarurama, asingade kumunyadzisa, asi akafunga kumurega chinjararire.

Asi, tarira, *acharangarira izvozvo, . . .mutumwa waShe wakazviratidza kwaari pakurota, akati, Josefa, mwanakomana waDhavhidhi, usatye. . .tora Maria mukadzi wako: nokuti icho chakagamuchidzwa mukati make ndecheMweya Mutsvene.* (kwete Mwari Baba; Mwari Mweya Mutsvene!)

²⁰⁸ Munooni kuti pfungwa yenyu yevanamwari vatatu inozosvika kupi? Inoita kuti Jesu ave mwana wehupombwe. Zvirokwazvo. Uku kukanganisa! Hapana Gwaro raizvozvo. Zvino, unofanira kubvuma kuti Mwari Baba naMwari Mweya Mutsvene, Munhu mumwe chete, kana kuti Jesu aive navanababa vaviri vakasiyana. Ndizvozvo here? Ndizvozvo, ichokwadi. Bhaibheri rakati, “Mweya Mutsvene ndiwo waive Baba vaKe,” uye Bhaibheri rakati, “Mwari ndiye aive Baba vaKe.” Zvino, Baba vaKe ndevapi apa? Mweya Mutsvene naMwari Mweya mumwe chete; Vari Chinhu chimwe chete.

. . .izvozvo zvese zvakaikwa, kuti zviitike . . . zvakaikwa nomuporofita, naShe, achiti,

. . .mhandara ichava nemimba . . .ichazvara mwana, ivo . . .(uyu Wacho)

. . .uye vachamutumidza zita rinoti JESU: nokuti uchaponesa vanhu vake kubva muzvivi zvavo.

Uye izvo zvole zvakaikwa, kuti zvizadziswe, . . .

. . .uye zita rake richadaidzwa Emanueri, ndokuti kana zvichishandurwa, Mwari anesu.

²⁰⁹ Zvino, Ndiani Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene? Ko Petro akaita zvisirizvo here? Akaita zvaakaudzwa naJesu. Ndiwo madunhurirwa matatu.

210 Ini ndiri mushumiri, uye ndiri baba, uye ndiri “Mufundisi,” ivo vanoriti, idunhurirwa, asi pane ose hapana riri zita rangu. Zita rangu rinonzi William Branham.

211 Iye *aive* Baba, Iye *aive* Mwanakomana, Iye *aive* Mweya Mutsvene. Iwe ukaedza kuita vanaMwari vatatu, shamwari; zvakatsveyama; kukanganisa.

212 Pane nguva nhatu idzo vanotenda vananamwari vatatu vakavhiringidza. Mwari, Baba, vaive Mweya wakanga wakaremba pamusoro pevana veIsraeri uri muShongwe yeMoto. Ndizvozvo here? Mwari vaive varipo. Zvino Mwari vakaitwa nyama vakagara pakati pedu (ndizvo here?) ari muMwanakomana waKe. Zvino Ari kuzvideredza kusvikira Aya mumoyo memunhu, kubudikidza neMweya Mutsvene.

213 Mwari akaita serura yemafiti matatu, kana, rura yemafiti matatu, hongu. Mainji okutanga gumi nemaviri aive Mwari, Baba; mainji gumi nemaviri echipiri, Mwari, Mwanakomana, Mwari mumwe chete; mainji gumi nemaviri echitatu aive Mwari, Mweya Mutsvene, Mwari mumwe chete. Jesu akati. . .

214 Imi munoti, “Saka, isu tine Mweya Mutsvene matiri.” Ndizvozvo chaizvo.

215 Asi Jesu akati, “Chinguvana chiduku, zvino nyika haichazoNdioni zvakare. Asi imi muchaNdiona, nokuti iNi. . .” “Ini” chisazita singwi. “Ndichange ndinemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika.” Ko Mweya Mutsvene uri kupi zvino? “Handingakusiyeyi musina munyaradzi; Ndichadzoka zvakare ndova nemi.” Ndizvozvo.

216 Uri kuona, hauna kuzvinzwisisa, shamwari. NdiMwari mumwe chete ari munguva nhatu. Nguva yehuBaba, huMwanakomana, neMweya Mutsvene, NdiMwari mumwe chete. Zvino paAkati, “Endai munovabhabhatidza nemuZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” Aive ari Jesu Kristu. Ndosaka akabhabhatidza muZita raJesu.

217 Zvino tarisai, ngatitorei rubhabhatidzo pano. Pekutanga pakataurwa nezverubhabhatidzo muTestamende Itsva, aive Johane Mubhabhatidzi. Ndizvozvo here? Ini ndichaisa *izvi* kumusoro kuno. Muri kuonaka, ufanira kuswatanudza Humwari hwako usati wagona kuswatanudza rubhabhatidzo. *Ndiye* Johane Mubhabhatidzi, rubhabhatidzo rwekutanga.

218 Kechipiri apo pakataurwa nezverubhabhatidzo, maive muna Mabasa 2:38, apo pavakabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, pachechi itsva. Nzvimbo yechipiri yaive mumba maKonerio, kana kwete. . . ndiregerereiwo, vaSamaria, Mabasa 7:48 ne 49. Zvino Mabasa 10:49 ndipo apo paakavabhabhatidza muimba yaKonerio. Zvino nguva yakatevera apo rubhabhatidzo rwakataurwa nezvarwo, zvino pachidaidza mazita kana madunhurirwa, maive muna Mabasa 19:5.

²¹⁹ Zvino, pavaKhabhatidzwa neZuva rePentekosti, vakabhatidzwa, Mabasa 2:38, muZita raJesu Kristu. Ndizvozvo here? Zvinyorei pasi, mozozvitsvaka.

²²⁰ Zvino tevere, Firipi akadzika zasi, mazuva maviri aitevera, ndokutanga kuparidza kune maSamaria; uye ndokuparidza kwavari, achipodza varwere, zvino akave nemusanganano mukuru zasi ikoko, uye ndokuvabhatidza nemuZita raIshe Jesu Kristu. Petro akadzikako akanoisa maoko ake pavari; vakagamuchira Mweya Mutsvene.

²²¹ Petro akaenda pamusoro pemba mazuva mashoma akatevera, ainge ane nzara, achibva aona chiratidzo. Mwari vakamutuma kuimba yaKonerio. Zvino, “Petro achiri kutaura Mashoko aya, Mweya Mutsvene wakawira pavari,” zvino vachibva vatanga kutaura nendimi uye vachingoenderera sezvavakaita pakutanga. Petro akati, “Havasati vatombobhatidzwa zvino.” Saka akavaraira, munhu wese, kuti abhatidzwe muZita raJesu Kristu.

²²² Munhu wese muBhaibheri akabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Pauro...ndinoreva, vadzidzi vaJohane havana kubhatidzwa muZita raJesu Kristu, vakabhatidzwa mukutendeuka. Ngativhurei kuna vaKorinte Vekutanga... ndinoreva, ngativhurei kuna Mabasa, chitsauko 19, kwekangavana. Uye tingoverenga kweminiti kuti muone, shamwari, kuti hazvisi—hazvisi... Ivo havazi... Gwaro hapana parinozvikipisa pachezvaRo. Tarisai apa.

Zvino zvakaitika, kuti, apo Aporo achiri paKorinte, Pauro...akagura nemativi enyika okumusoro kwe... Efeso: akawana vamwe vadzidzi,

Akati kwavari, Makagamuchira Mweya Mutsvene kubvira pakutenda kwenyu?...vakati...Kwete hatina kutongoziva kuti Mweya Mutsvene uriko.

...iye akati...ko makabhatidzwa norubhatidzo rwupi?

Oo, vakati, isu takabhatidzwa.

Ndokuti, Sei?

...ndokuti, Kuna Johane, Johane...

Iye akati, Johane Akangobhatidza chete kuti mugotendeuka, akavaudza vanhu kuti vatende kuna iye auya...ndokuti, kuna iye Ishe Jesu Kristu.

Vakati vazvinzwa izvozvo, vakabhatidzwa muzita raJesu Kristu.

...Pauro akati aisa maoko ake pamusoro pavo, zvino Mweya Mutsvene wakauya pamusoro pavo; zvino vakataura nendimi, vakaporofita.

²²³ Mutsvene Pauro mukuru...

224 Tererai! Ko dai wakabhabhatidzwa naJohane muBhabhatidzi, murume mumwe chete akabhabhatidza Jesu Kristu? Murume mutsvene, wokuti Jesu akati, “Hapana kumbenge pane murume akazvarwa nemudzimai, aive mukuru saJohane muBhabhatidzi.” Ndiye mukuru wevaporofita vose. Akatungamirira Jesu kupinda mumvura zvino ndokuMubhabhatidza imomo muJorodhani chaimo. Hama, dai ndakabhabhatidzwa naye, ndainyatsonzwa zvakanaka pamusoro pazvo. Ndizvozvo here?

225 Asi Pauro akatendeuka ndokuti, “Izvozvo hazvichashanda zvino!” Akati, “Munofanirwa kubhabhatidzwazve, zvakare.”

226 “Oo, isu takanyudzwa, hako, Pauro! Isu takanyudzwa naJohane, chaimo muRwizi Jorodhani.”

227 Akati, “Izvozvo hazvichashanda zvino. Munofanirwa kubhabhatidzwa zvakare.”

“Sei?”

228 Ndokuti, “Johane akabhabhatidza kusvikira pakutendeuka. Izvi ndezvekuregererwa kwezvivi, uye hapana rimwe zita pasi peDenga rakapiwa pakati pevanhu, kusara kweZita raJesu Kristu.” Zvino vakatozobhabhatidzwazve, zvakare, muZita raJesu Kristu.

229 Zvino hapana nzvimbo imwe chete muBhaibheri, kana munhorondo yose pamakore mazana matanhatu epakutanga mushure mekufa kwemuapostora wekupedzisira, apo pava kumbobhabhatidza neimwe nzira kunze kwemuZita raJesu Kristu.

230 Zvino enda unobvunza chero muprisita wechiKatorike waungada, vabvunzei kuti ndiani akashandura izvozvo, mugoona kuti vanokuudzei. Torai katekazi mugoiverenga; vanoti, “Ichokwadi, vamwe vechiProtestanti vachaponeswa nokuti vanokotamira kurubhabhatidzo rwedu.” Vakarwushandura. Vanoti vane simba nemvumo yekuzviita, uye imi munozvitenda! Ndizvo zvavanotaura, ndizvo zvavanokambira, izvozvo ndizvo zvinokotamirwa nechechi yechiProtestanti. Asi, paMagwaro, hazvimbori kana nekachidimbu hako keGwaro pazviri.

Vakatozobhabhatidzwa zvakare, muZita raJesu Kristu!

231 Zvino tererai, tichikurumidza zvino, kuti isu tichipinda . . . Handidi kukubatai kwenguva refu pamibvunzo iyi. Tarisai, muzuva rakadzika Jesu achibva muGomo reKushandurwa nevadzidzi vaKe, Akati, “Ko vanhu vanoti Ndini ani, uye vanoti kudii?”

232 “Vamwe vanoti iMi muri ‘Johane Mubhabhatidzi,’ vamwe vanoti Muri ‘Eria,’ vamwe vanoti ndiMi ‘muporofita uya.’”

Iye akati, “Asi imi munoti ndiNi ani?”

233 Zvino Petro akati, “Imi ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu!”

234 Iye akati, “Wakaropafadzwa iwe, Simoni—Simoni Barjona,” ndokuti, “nokuti nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri. Hauna kumbozvidzidza mune imwe chechi, hauna kumbozvidzidza mune imwe seminari. Asi Baba vaNgu ndivo vazvizarura kwauri, zvino pamusoro pedombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu uye masuwo egehena haagone kuKunda.”

235 Zvino, chechi yeKatorike inoti, “Aive Petro. Vaive nedombo ipapo, uye richiri pasi peGuta reVatican.” Zvino maive muJerusarema, kana muParastina. Zvino vakataura kuti iroto ndiro raive dombo racho.

236 Chechi yechiProtestanti inoti, “Pakange pari pana Petro pakavakirwa Chechi.” Kana zviru izvo, iyo yakazodzokera kumashure pamazuva mashoma akatevera. Zvakanga zvisiri izvozvo.

237 Chechi yakavakirwa pamusoro pechizaruro cheKudenga chaMwari. “Nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri, Petro, asi Baba vaNgu vari kuDenga vazvizarura kwauri. Zvino pamusoro pedombo iri, chizaruro chemweya cheShoko raMwari, Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haagone kuKunda.”

238 Ndipo pandinoti ini, Luther, Methodisti, uye chero zvauri, chero, maPentekosti, kana chero chaungava, hazvina kana mutsauko wazvinoita; kana Chechi yaMwari yave kufambira mberi, musimba rekufemera, ichaenderera mberi uye kumberi nekumberi nekumberi. Uye hapana sangano rinogona kuImisa, hapana kana chinhu munyika chichaImisa. “Pamusoro pedombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haagone kuKunda.” Chokwadi chepamweya, chakazarurwa!

239 Zvino tarisai zvinotevera zvino, Iye anoti, “Zvino iwe ndiwe Simoni, Ndichakupa,” nokuti aive neChokwadi chepamweya, chakazarurwa. Ndosaka aiziva mutsauko pakati paBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, uye neZita raIshe Jesu Kristu. Aive nechizaruro chemweya. Ndizvo zvamuri kunzwisisa manheru ano, apo Mweya Mutsvene uri kuvizarura kwatiri.

240 Akati, “Iwe ndiwe Simoni, zvino Ndichakupa makiyi eHumambo hweKudenga. Zvino chero chipi chaunosunga pano panyika, Ndichachisunga Kudenga. Chingava chii chauchasunungura panyika pano, iNi ndichachisunungura Kudenga.” Ko Akazviture here? Mutsvene Mateo, chitsauko 16, “Chingave chii chaunosunga panyika, iNi ndichasunga Kudenga. Chingava chii chauchasunungura panyika, Ndichasunungura Kudenga. Zvino Ndichakupa makiyi eku” (chii?) “Humambo hweKudenga.” Chii Humambo hweKudenga? Mweya Mutsvene! Bhaibheri rakati, “Humambo hweKudenga

huri mamuri...” Ndinoreva, “Humambo hwaMwari,” ndiregereriwo. “Humambo huri mamuri.”

²⁴¹ Zvino Akati, “Vamwe vamire pano havachazoono rufu kusvikira vaona Humambo hwaMwari huchiuya nesimba.” Mumazuva mashoma akatevera, paPentekosti. Maona? “Vamwe vamire pano,” vari imomo mumwe chetewo mutse-... chinhu chaAitaura. “Vamwe venyu vamire pano,” Iye aive ashandurwa, ndokuti, “havakwanisi kuona rufu kusvikira vaona Humambo hwaMwari huchiuya nesimba.”

²⁴² Bhaibheri rakati, “Humambo huri mamuri.” Jesu paakamuka kubva kuvakafa, rangarirai, parutivi paKe Aive aine makiyi erufu negehena, kwete makiyi eHumambo, aive apihwa kuChechi. Zvino, Petro aive nemakiyi. Munotenda here kuti Jesu aizochengeta Shoko raKe? Kana Asingadaro, hama, Aive asiri Mwari! Ndizvozvo chete. Zvino, Akati, “Petro, Ndichakupa makiyi eHumambo,” nemamwe mashoko, “kuMweya Mutsvene. Chingave chii chaunosunga panyika, Ndichachisunga Kudenga.”

²⁴³ Chitarisai kukanganisa kwavakaita, kuenda kunze munoregerera zvivi, nezvimwe zvakadaro. Kukanganisa kwakadii! Ngationei. Vakaisa makiyi paari. Zvino, Akaisa chiso chake chakananga kuPente-...kana chakananga kuJerusarema.

²⁴⁴ Akarovererwa, akafa, zuva rechitatu ndokumuka, akaita mazuva makumi mana ari panyika pakati pevanhu, ndokukwira Kudenga. Akavaudza kuti vamiire kusvikira vaona Humambo hwaMwari hwaya pamusoro pavo, panguva iyi Baba vachadzoreredza Humambo kwavari huri muchinhanho chepamweya. Ivo vakaenda kumusoro kuguta reJerusarema vakamirira kwemazuva gumi nehusiku, zvino, pakarepo, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, Humambo hwaMwari, hwakauya nesimba pamusoro pavo. Ndizvozvo here?

²⁴⁵ Zvino tarisai! Petro, asina kudzidza, akange asingagone kana kusaina zita rake (papa? Hongu, papa), akamira ari pakabhokisi kana chimwewo chinhu ndokutanga kuparidza. Iye akati, “Imi varume veJudheya nemi imi munogara muJerusarema, izvi ngazvizivikanwe kwamuri, uye inzwi maShoko angu. Ava havana kudhakwa sekufunga kwenyu, tichiona kuti iawa yechitatu yezuva, asi izvi ndizvo zviya zvakataurwa nemuporofita Joere. ‘Zvichaita kuti mumazuva okupedzisira,’ Mwari vakataura, ‘Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose. Vanakomana venyu nevanasikana venyu vachaporofita, zvino pane varandakadzi nevashandisikana vaNgu Ndichadurura Mweya waNgu uye vachaporofita. Ndicharatidza zvishamiso mumatenga kumusoro; uye nepasi panyika, moto, shongwe dzemoto, shongwe dzeutsi.” Akaenderera mberi, achitaura

nezvaDhavidhi nezvimwe zvakadaro. Zvino vatsoropodzi ava pavakamira ipapo. . .

246 Ndokuti zvino, “Varume hama, tingaitei kuti tiponeswe?”

247 “Oo, chenjera, Petro, une makiyi akaremba zvino.” Ndizvozvo here? Ndiyo mharidzo yeEvhangeri yokutanga!

248 Jesu, mazuva mashoma zvisati zvaitika, asati Arovererwa, akati, “Petro, Ndichakupa makiyi. Chingava chii chaunosunga, iNi ndichachisungawo; chingave chii chauchasungura, iNi ndichachisungura. Zvino, chingave chii chaunoita, Ndichachicherechedza Kudenga.” Kana Ari Munhu weShoko raKe, Achachengetedza Shoko raKe!

249 Zvino heunoi amire pano, Mweya Mutsvene waive wadonha kekutanga kwaWo, zvino Petro ndokubvunzwa, “Toita sei kuti tiponeswe?”

250 “Ngwarira, uri kuisa kiyi muHumambo kekutanga. Jesu akakuudza, mazuva mashoma apfuura, mazuva gumi apfuura, akati, ‘Endai munobhabhatidza vanhu muZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.’ Zvino iwe uchaita sei? Asika Akakupa makiyi nokuti waive nechizaruro chepamweya! ‘Nokuti Chechi yaNgu ichavakwa, uye masuwo egehena haagone kulkunda.’”

251 Zvino torai zvitendwa nedzidziso dzenyu, nezvimwe zvamungade, asi zvichakundika zvinonzwisa tsitsi (zvagara zvakadaro), asi simba raMwari mupenyu richafamba richienda mberi nemberi nokumberi, munaZiendanakuenda. Kunge kamutsara keredium, Inofambira mberi, cherechedzai, zvisina magumo.

252 “Petro, une makiyi. Chingave chii chaunoita pano, Mwari anofanira kuchicherechedza Kudenga.” Ndizvozvo here? “Unoti kudii, Petro? Tingaite sei kuti tiponeswe?”

253 Petro akati. . .Iwe usaende uchiti, “*Kaziwa Maria,*” hakuna chinhu chakadaro, ita *novena*. Usauye uchikwazisana maoko zvino woisa zita rako mubhuku rechechi wovaita kuti vakusase tumvura tushoma pauri; hakuna chinhu chakadaro. Idzidziso yeKatorike inova iyo yave kukotamirwa nechechi yechiProtestanti.

254 Haana kuti, “Mese imi endai. . .Zvino, Jesu akandiudza, mazuva mashoma apfuura, kuti mose imimi muende munobhabhatidzwa muzita ra ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.’” Kwete munhu aive nechizaruro chepamweya, haaigona kutaura izvozvo.

255 Akati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, zvino mugobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, zvino muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti vimbiso ndeyenyu, nekuvana venyu, nekune avo vari kure, uye kunyangwe nevose avo vachadanwa naIshe Mwari

vedu.” Ndizvozvo chaizvo. Zvino kiyi yakabva yapinda mukati ndokukiya, kukakiya Kudenga!

²⁵⁶ Ndicho chikonzero Pauro akati kune vadzidzi vaJohane, “Munofanirwa kubhabhatidzwazve zvakare, muZita raJesu Kristu, kuti mugamuchire rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.”

²⁵⁷ Wanga usingaUzive kumashure, zvino wave kuUziva zvino! Huh! Zvakanaka. Zvave kwauri. Ndicho chokwadi. Asi uyo anotenda muna vananamwari vatatu, rubhabhatidzo rwemuhutatu hazvina kumbogara zvagamuchirwa muChechi, Testamende Itsva; kusara bedzi kwemucheche yeKatorike, zvino chechi yechiProtestanti inokotamira kwazviri. Tarisai! Vanhu vazhinji vanogona kusakufarira nokuda kwaizvozvo. Asi, hama, unofanira kuita sarudzo yako.

²⁵⁸ Zvino iwe unoti, “Hama Branham, ndakabhabhatidzwa muzita ra ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.’ Ndine rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.”

²⁵⁹ Ini handipokane shoko rako. Handina chikonzero zvachose chokuti ndipokane shoko rako; ndinoritenda. Ndinotenda kuti Mwari vakavapa Mweya Mutsvene, kumusoro uko ivo vasati vabhabhatidzwa zvachose; asi Petro paakavaudza zvokuita, vakaenda vakanozviiita. Ndizvozvo chaizvo. Iko zvino wave kuziva zvokuita, ndizvozvo chaizvo; zvino kana ukaramba kufamba muChiedza kana Chiedza chaunzwa, unoenda kurima. Ndizvozvo! Amen! Zvakanaka. Ndiregerereiwo. Handidi kukumbira ruregerero pakuti ndadanidzira “ngazvive saizvozvo” kuShoko raMwari. Kwete, changamire. Ini ndichadanidzira “ameni” zvakare. Ndizvozvo chaizvo. Hongu, changamire.

Ko sei kubhabhatidza neZita raJesu Kristu, Hama Branham? Sei muchidaro pane kuti “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene”? Nokuti Bhaibheri rinodzidzisa izvozvo! Zvajeka here?

Sei muchigeza tsoka, Hama Branham? Nokuti Bhaibheri rinozvidzidzisa. Ini ndinotenda mune Evhangeri yakazara. Zvakanaka, zvino.

Ko nderwupi rubhabhatidzo rwenhema rwamakataura nezvarwo? Ndizvozvo. Ndirwo chairwo. Hapana kumwe . . . Verenga zvakare muTestamende ugoona pokuti munhu mumwe . . .

²⁶⁰ Zvino kunemi vanhu vanodikanwa, handizi kurwadzisa manzwiro enyu, handidi kudaro. Ndinokukumbirai kuti muzvininipise uye murege. . . Tarisai pane chinhu ichi kuchiso, zvino moona kuti chinoratidzika sei. Chitarisei sezvazviri muBhaibheri, kwete muchechi mako kana chimwe chinhu chohupenzi, chinhu chakapusa icho mumwe munhu

chaakangofungawo mumusoro make, asi tarisa paShoko raMwari. Chokwadi!

²⁶¹ Imi munofunga here kuti Mwari Samasimba vangandipe shumiro yaVainayo pano yakadai, ine zviratidzo zvepamweya uye nezvinhu zvisati zvamboonekwa kubvira muTestamende Itsva, zvino ondisiya ndichifamba mukukanganisa saizvozvo? Chokwadi hazvibviri! Uye, hama, kana ndadzoka kubva mhiri kwemakungwa, ini ndiri kuisa nguva yangu zhinji kwete pane kupodza kwaMwari neminana asi mukuparidza Shoko raMwari. Ndizvozvo chaizvo. Chokwadi. Zvino ngationei.

38. Ko chechi ino inodzidzisa here kuti unofanira kutaura nendimi kuti ugamuchire Mweya Mutsvene?

²⁶² Kwete, changamire. Kwete, hatidaro. Kutaura nendimi chipo cheMweya Mutsvene, munoona, kwete Mweya Mutsvene. Ichi chipo. Muti uyu unobereka michero ine mhando pfumbamwe. Ndizvozvo here?

²⁶³ Kana ukatarisa muti wemuapurosi, uine maapurosi, iwe unoti muti wemaapurosi. Ukatarisa muti, une mapeya, unoti muti wemapeya. Hazvina basa kuti une gwati remuonde pauri, uye une mapeya pauri, hupenyu huri mauri ndehupi? Hupenyu hwawo hupenyu hwemuti wemapeya. Ndizvozvo here?

²⁶⁴ Zvino, Muti waMwari uyu unobereka michero mipfumbamwe yemweya. Ndizvozvo here? Zvakanaka. Yose yakasiyana. . . .Ndokuti, “Mumwe akapihwa kudzidz-. . . .ruzivo, huchenjeri, kunzwisisa, uye kutaura nendimi, kududzira ndimi,” zvipo zvipfumbamwe zvakasiyana zvomweya zvinokura paMuti waMwari uyu. Ndizvozvo here? Saka, zvino, kungotaura nendimi handiwo wega, pane mimwe imomowo, zvakare.

²⁶⁵ Zvino ingogona kutaura nendimi asi usati wava neMweya Mutsvene. Zvino, ingorangarirai izvozvo. Ini ndakange ndiri chaipo. . . .Ndakaona varoyi nen’anga vachiuya vachitaura nendimi, uye havana kana Mweya Mutsvene. Munoziva, ndakavaona vachiuya vachidanidzira uye vachichirika, asi havana Mweya Mutsvene. Ndakambomira ndiri mumutambo wechibage pano nguva pfupi yapfuura, kunze. . . .pamwe panzvimbo duku kumusoro kubva kuDouglas, Arizona, kumusoro uko. Ndakaona mutambo uyu wechibage uko pavenenge vainawo kumusoro uko, uye zvokuti n’anga iya yakauya ikoko ndokungoenderera mberi nokuita zvakaipa kwazvo, nezvimwe zvose, ndokuenderera zvino ndokukanda mavhu pamusoro pake ipapo. Izvozvo hazvairereva kuti akaponeswa. Murume wacho aive ari—ari n’anga.

²⁶⁶ Ndakamira muIndia. . . .muAfrica uye ndikaona n’anga dzichiuya kuzondipikisa saizvozvo, nokushopera kwavo, uye vachitonwa ropa kubva mudehenya remunhu. Ndizvo chaizvo. Unotofanirwa kuziva zvauri kuitaura pamusoro pazvo kana watarisana nazvo. Asi ndakaona simba raMwari saMasimba

richisunga murume iyeye kusvikira asisakwanise kufamba. Saka zvino, maziso ake aive sekunge girazi saizvozvo, zvino vachibva vamutakura. Hongu, changamire.

²⁶⁷ Hama, Mwari ndewemazvirokwazvo! Ndizvozvo chaizvo. Asi Mwari Mweya, haangoperera bedzi mukutaura nendimi, kana *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*. Ini ndinoti chero munhu ari...Ndiro dambudziko riri muchechi pano. Munoono, imi...Pentekosti yakabva yapengereka pane chinhu chimwe chete ichocho. Vakadzika kune vanhu...Pane kuti—kuti vaise maoko pavari, ivo vachigamuchira Mweya Mutsvene, ivo vanovaisa paartari votanga kuvarova pamusana vachidanidzira, “Zvitaure! Zvitaure! Zvitaure!” Zvino voramba vachingodzokorora kutaura shoko rimwe, kusvikira vazungaira uye kwete ndimi.

²⁶⁸ Kana munhu wechokwadi weMweya Mutsvene akaberekwa neMweya waMwari, anorarama hupenyu wehumwari. Vamwe vevarume vacho vairarama hupenyu hwakaipa kwazvo, uye imi munozviziva, uye zvibereko zvavo zvakararidza kuti havazi. Jesu akati, “Nezvibereko zvavo muchavaziva.” Zvino zvibereko zveMweya hazvizi kutaura nendimi, ichocho chipo cheMweya.

²⁶⁹ Petro haana kumboti, “Tendeukai, uye mugobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, muchagamuchira Mweya Mutsvene.” Iye akati, “Muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene,” zvino pavakanzwa ndimi idzodzi uye nevanhu vachitaura. Chimwe chezvipo zveMweya Mutsvene chavakagamuchira. Amen. Zvakanaka. Ndinofanirwa kukurumidza.

39. Ndine vanakomana vaviri (mumwe, ane maviri; uye mumwe, mashanu), zvino vakasaswa. Zvino vanofanira here kubhabhatidzwa nokunyudzwa?

²⁷⁰ Saka zvino hanzvadzi kana hama, ungave uri ani, izvozvo zviri kwauri. Ini ndine musikana mudiki...Mukomana wangu muduku, Billy Paul, aive nemakore gumi nematanhatu okuberekwa, zvino ndakamubhabhatidza muZita raIshe Jesu ipo pano. Musikana wangu muduku aive nemakore masere. Iye akauya kwandiri ndokugara pagumbo rangu, achibva ati, “Baba, ini ndinoda kutenda pana Ishe Jesu Kristu, uye ndi—ndinoda kubhabhatidzwa.” Zvino ndakabhabhatidza kasikana kacho kane makore masere. Pose, kana vaduku ava vachida kubhabhatidzwa, vabhabhatidzei. Kana vasina, handiti, kana vari...ingoendai mberi, izvozvo zviri kwamuri, chero izvo zvakataurwa naShe.

40. Ko ndeavo chete here vane rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene vachapinda muKubvutwa kweChechi, kana kuti vose vatendi vachazivisa?

²⁷¹ Hatina...isu hatina nguva yekutsigira izvozvo. Asi, hama, Mwenga weMweya Mutsvene bedzi ndiwo uchapinda muKubvutwa. Maona? Bhaibheri...?. . . vamwe havazoraswi.

²⁷² Tarisai! Ndiani achatonga nyika? Vatsvene. Dhanieri akati, “NdakaMuona, achiuya kuMukweguru paNguva, zvino—zvino Akauya nezviuru gumi zvakapetwa nezviuru gumi zveVatsvene vaKe.” Ndizvozvo here? Kubvutwa, Chechi yainge yatoenda. Zvino vanouya zasi, zvino Kutongwa kuchibva kwagadzirirwa.

²⁷³ Zvino maBhuku akavhurwa. Ndizvozvo here? Zvino rimwe Bhuku rakavhurwa, raive Bhuku roHupenyu, mutendi akacheneswa aive asina kugamuchira Mweya Mutsvene.

²⁷⁴ Haana here Jesu kudzidzisa kuti mhandara gumi dzakaenda kunosangana neChikomba? Zvino vashanu vavo...kana kuti vose vakange vari mhandara, dzakachena, tsvene. Zvino ivo, *ava*, vakaenda kunorara vasina kuwana Mweya Mutsvene; zvino *ava* vaive vawana Mweya Mutsvene uye vaive neMafuta murambi ravo. Zvino pakauya Chikomba, Inzwi rakauya, richidanidzira, ivo vakati, “Oo, ngatichiendai mukati. Tipeiwo mamwe eMafuta enyu!”

²⁷⁵ Iye akati, “Endai kune avo vanotenga, namatai, Awanei zvino.” Asi havana kukwanisa. Zvino apo pavaive vaenda, mha—mhandara dzakaenda kuMabiko eMuchato, zvino ivo vachibva vakandirwa kurima rekunze-kunze, uko kwavaichema nokuungudza nekugedageda kwemeno. Ko Zvakazarura haina here, husiku hwapfuura, muchitsauko 12, husiku hwamarimwezuro, kudzidzisa kuti chikara chitsvuku chakasvipa mvura kubva mumuromo macho chichiita hondo nevakange *vasara* veMbeu yemudzimai, avo vaive nokutenda muna Mwari uye vakachengeta mirairo yaJesu Kristu?

²⁷⁶ Kunemi madzimai, kana mukaisa patani pasi. Unenge uri mucheka wakanaka, mucheka mumwe chete mariri, asi munotora *sezvizvi* moisa patani yenyu nenzira yamuchazocheka nayo. Zvino mobva maicheka. Izvozvo zviru kwauri. Asi munotora micheka yamunenge macheka, kuti mugadzire hanzu yenyu kubva pairi, zvinosara zvawo zvinozoshandiswa. Iwo mucheka wakangonaka semimwe yose, asi nokusanangura unozosarudza *izvozvo*. Handizvo here? Wese wasara waro ungori mutsvene uye wakangonaka, uye uchingodhura serimwe rose, asi iyo yanga iri sarudzo yako.

²⁷⁷ Zvino Mwari vakavimbisa kuti isu tiri kuenda muKubvutwa nekusanangurwa! Uye Bhaibheri rakati, “Zvino vamwe vose vakasara vakafa havana kuzorarama kwechiuru chemakore.” Ndizvozvo here? Saka bedzi...Iwe hauzoraswe, asi Mwenga wakazadzwa neMweya Mutsvene uchaenda muKubvutwa. Vamwe vose vakasara vachapinda nomuKutongwa; apo Vainge vasina.

41. Kana uchifanirwa kubhabhatidzwa muZita raJesu, ko seyi Jesu akati muna Mateo 28, “Bhabhatidzwai muzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene”? Ndizvo zvandangobva mukutsanangura, izvozvo.

278 Zvakanaka, mave kuneta here? Ndinoziva kuti mave kudaro.

42. Asika Mwari havana here ruremekedzo pamusoro perubhabhatidzo rwa “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene”? Hakuna vanhu here vari kubhabhatidzwa muzita, mumazita aya, vakagamuchira Mweya Mutsvene? Ko Jesu akauya here kuzobwinyisa Baba? Ko rubhabhatidzo urwu harwungacherechedzwawo here?

279 Hongu, Jesu akauya kuzobwinyisa Baba. Tarisai muna Mutsvene Johane chitsauko 14. Ndave kuda kuto...ndine... Kana mukangomirira kwemimwe inenge mitatu, tinobva taipedza, ndinotenda. Tarisai, zvino tozowana mimwe mitsva mangwana, zvino, nokuti ndichatowana mimwe ichadzoka kubva mumanheru ano, ndinotenda. Cherechedzai, iyi ichechi, zvakadaro, iyi. Isu tiri kuenda mberi.

280 Onai, Jesu akauya kuzoratidza Baba. Tarisai, pakutanga, Mwari akagadzira munhu nomufananidzo waKe pachaKe. Ndizvozvo here? Zvino, Mwari chii? Mweya. Mutsvene Johane chitsauko 4, Jesu achitaura nomudzimai patsime, Akati, “Mwari Mweya uye vanoMunamata vanofanirwa kuMunamata muMweya nomuZvokwadi.” Ndizvozvo here? Kana Mwari vakagadzira munhu nomufananidzo waVo pachaVo, zvino munhu wemhandoi waVakagadzira ipapo? Munhu wemweya.

281 Muna Genesi 2, paive pasina munhu anorima ivhu, zvino Mwari vakagadzira munhu kubva muguruva renyika; kwete mumufananidzo waVo, asi mumufananidzo wehupenyu hwemhuka. Zvino Vakaisa mweya wemunhu mune munhu wemhuka uyu pano, zvino akave mweya unorarama. Zvino, ndiwo mutsauko pakati pemunhu nemhuka.

Mhuka haigadzire motokari, haiite zvinhu zvekuti z vibatsire kurarama kwayo, nezvimwe zvakadaro. Iyo imhuka, chikara chisingataure. Haina munhu wemukati. Haigone kuverenga kana kunyora. Haigone kutaura, kana kubuditsa mazwi. Ingori chikara chisingataure.

Asi munhu munyama ari sechikara, asi ane mweya waMwari maari, unomuita kuti agare nokusingaperi. Zvino anogona kugadzira... Onai zvaanogona kuita! Iye ari, potse, pakuenzana naMwari, nokuti iye mwanakomana waMwari kunyangwe ari muchinhanho chake chokuwa. Iye anoshamisa! Mutarise! Maona? Ndizvozvo chaizvo.

282 Zvino pakawa munhu munyama...Zvino dai Mwari vakatuma mumwe munhu pasi asiri ivo pachaVo, Vainge vasina nduramo. Nzira bedzi Mwari yavaigona kuzviita zvine nduramo kwaive kutatora nzvimbo yacho yemunhu Pachavo.

283 Ko toti ndaita kuti Hama Neville vafire mudzimai *uyu* pano? Ko toti ndaita kuti mudzimai *uyu* afire mudzimai *uyu* pano, dai zvainge zviri zvokuti ndinenge ndichikutonga? Ini handaiva nenduramo uye ndodaro. Kana ndikatamera rufu, uye

ndichida kuti urarame, ndinofanirwa kutora nzvimbo yako kuti ndikururamise.

²⁸⁴ Zvino ipapo Mwari, Uyo aive mumufananidzo weMweya. . . asina mufananidzo, waro. Bhaibheri rakati, “Mwari haana chimiro.” Zvakanaka. Saka Mwari vakazotora chimiro, zvino Vakafungatira mhandara ndokusika mairi Chizenga cheRopa, pasina kusangana kwepabonde kana chimwewo chinhu chokuita nezvazvo, zvino vachibva vasika Chizenga cheRopa icho chakazoumbika kuve Mwanakomana waMwari. Zvino Mwari vakadzika pasi vakagara mune Mwanakomana waVo, Kristu Jesu, vachiMuita Mwari panyika.

²⁸⁵ Apo, Mutsvene Johane. . . Tomasi akati, “Ishe, tiratidzei Baba, zvino zvigotiringana.”

²⁸⁶ Iye akati “Ini ndagara nemi kwenguva ndefu asi imi haMundizive?” Iye akati, “Ko munotaurirei imi, ‘Tiratidzei Baba?’” Handiti, Akati, “Kana muchiNdiona munooa Baba. Ini naBaba vaNgu tiri Mumwe. Baba vaNgu vanogara Mandiri.”

²⁸⁷ Mumwe mudzimai pano nguva shoma yapfuura, ndaitaura ipapo, ndokusvetuka, akati, “Oo, Hama Branham,” ndokuti, “Ndinoziva zvamunoreva. Ivo vamwe, chokwadi vamwe.” Ndokuti, “Imi nomudzimai wenyu muri vamwe, zvakare. Ndiyo mhando yehumwe hwavari.”

²⁸⁸ Ini ndikati, “Ruregerero,” ndikati, “havazi.” Ndikati, “Uri kundiona here?”

Ndokuti, “Chokwadi.”

Ndikati, “Uri kuona here mudzimai wangu?”

Ndokuti, “Kwete.”

²⁸⁹ Ini ndikati, “Apoka! Zvino ava vari mune imwe mhando yehumwe hwakasiyana nezvandiri ini nemudzimai wangu.” Maona? Ndakati, “Ndizvozvo chaizvo.”

²⁹⁰ Jesu akati, “Imi hamugone kuNdiona musina kuona Baba.” Zvirokwazvo hazviite! Chikamu chechipiri cherura yemafiti matatu, rura imwe chete. NdiMwari. Jesu Kristu akange ari Mwari kana kuti munyengeri mukurusa ati ambova panyika.

²⁹¹ Tererai! Mumwe mudzimai akati kwandiri nguva shoma yapfuura, akati, “Ndichakuratidzai,” mudzimai weChristian Science. Zvino, shamwari muChristian Science, iva nokuremekedza kwekanguvana, munooa. Ivo vakati, “Ini ndichakuratidza kuti hapana zvaAive asi aive munhu.” Ndokuti, “Munonyanyisa kudada naJesu.”

²⁹² Ini ndikati, “Kana ndikadada zuva neusiku ini handimbokwanisa kuMupa zvinoenderana naYe.” Ini ndikati, “Ndosaka. . .”

²⁹³ Handiti, Isaya akaedza kuMutumidza zita, ndokuti, “Iye Anoshamisa, Gurukota, Muchinda weRugare, Mwari

Wemasimba, Baba Vokusingaperi.” Zvose izvozvo! “Ndiye Arufa, Omega, Mavambo neMagumo, Mudzi neBukira raDhavhidhi, Nyeredzi yeMangwanani uye Inopenya; Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” “Maari munogara huzaro weHumwari mumutumbi,” Bhaibheri rakadaro. Huzaro hwaMwari hwaive maAri!

²⁹⁴ Mudzimai akati, “Ndichakuudzai, apo paakaenda kunonamatira Razaro, kuti amutse Razaro,” ndokuti, “Ndichakuratidzai kuti aingovewo munhu.”

²⁹⁵ Ini ndikati, “Ngationei muchizviita!”

²⁹⁶ Ndokuti, “Bhaibheri rakati, ‘Akachema.’ Zvino zvinoratidza kuti aive munhu, aigona kuchema.”

²⁹⁷ Ini ndikati, “Chokwadi, aive ari Mwanakomana aive achichema.”

²⁹⁸ Iye aive Mwari-Munhu. Aive ari munhu ari muhutatu sezvandakaita ini, iwe zvauro; isu tiri munhu wemukati, mutumbi, nemweya. Iye aive Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, muhuMwari hwaMwari; ndizvo Iye zvaAive. Aive Mwari pachaKe! Ko Aigona sei kuita chimwe chinhu ipapo apo . . . Vana vaKe pachaKe vachichemera Ropa raKe? Dai chaive chimwewo chinhu . . . Vakange vari vana Vake pachaKe vachichemera Ropa raKe; ndosaka Akavachemera. Ko munhu aizodini . . . uye vana vaKe pachaKe vachichemera Ropa raKe, ko Aizonzwa sei? Aigona kuvatonga zvokuvaendesa kugehena zvachose, kana kupa hupenyu hwaKe; Aive ari Mwari achipa hupenyu hwaKe kuitira vana vaKe! Mwari aigara maAri! Ndizvo zvaAive Ari.

²⁹⁹ Mudzimai uyu akati, “Tarisai,” ndokuti, “Mufundisi Branham, ndichakuratidzai! Paya paakachema, zvakaraidza kuti aive munhu.”

³⁰⁰ Ini ndikati, “Mudzimai, Aive munhu paAive achinamat- . . . kana paAichema, ndizvozvo chaizvo. Aive munhu paAichema, asi paAkazoswatanudza kamutumbi kaKe kasina simba zvino ndokuti kune murume aive afa kwemazuva mana, ‘Razaro, muka!’ Zvino murume aive nemazuva mana afa, uye aora, makonye emunyama ave kutakanya-takanya mukati make, kuora kwakaziva Tenzi vako uye mweya ukaziva Musiki wawo, zvino munhu aive afa kwemazuva mana akamira netsoka dzake akararama zvakare! Uyu akange apfuura munhu!”

³⁰¹ Aive ari munhu apo paAkadzika kubva mugomo husiku huya, aine nzara, achitarisa-tarisa mumuti achitsvaga chokudya. Aive ari munhu paAive achitsvaga chimwe chinhu chokudya mumuti wemaonde. Asi paAkatora mabhisikiti mashanu nezvidimbu zviviri zvehove ndokupa chokudya kuvanhu zviuru zvishanu, uyu aive apfuura munhu! Akange ari Mwari imomo! Iye Musiki mumwe chete Aigona kutora hove yakabikwa oimhedura uye yoramba iri hove yakabikwa, ndokutora

chingwa chakabikwa ndokuchimhedura; imhandoi yeatomu yaAkaregedzera? Hareruya! Aive ari Mwari, Musiki wemaatomu nezvinhu zvose! Akange apfuura munhu!

³⁰² Aive ari munhu paAive ari muigwa husiku huya, apedza kuparidza zuva rose nokupodza varwere, anyatsoneta, kusvikira zviuru gumi zvemadhimoni emugungwa akapika kuti aizoMunyudza. Iko kaigwa kaduku kunze uko, kave kutomuka-tomuka kunge chivharo chebhodhoru, mafungu makuru ave kufufuma kubva panzvimbo nenzvimbo, uye Iye arere, akanyatsoneta zvokuti mafungu haana kuMumutsa. Madhimoni aive owomba, achiti, “Tave kumutura zvino arere.” Asi paAkamuka, ndokumuka ipapo, Aive munhu, Aive akaneta kwazvo. Asi paAkaisa tsoka yaKe pamusoro peigwa, ndokutarisa kunze achiti, “Rugare, nyarara!” zvino mhengo nemafungu zwichibva zvaMuterera. Akange apfuura kuve munhu! Akange ave Mwari, Musiki Iye akaisa Matenga.

³⁰³ Ndosaka muapostora akati, “Munhu wemhandoi uyu wekuti kunyangwe mhengo nemafungu zvinoMuteerera!”

³⁰⁴ Akange adarika munhu. Aive ari Mwari. Aive munhu apo paAkarovererwa pamuchinjikwa seChipiriso, kuti chibvise zvivi. Aive ari munhu paaive nezvipikiri zvakarovererwa muruoko rwaKe. Aive ari munhu paaive neminzwa yakaiswa pamusoro paKe. Aive ari munhu aine mate ekunyombwa aAkasvipirwa nemasoja. Aive ari munhu apo paakakuvadzwa, ndokuiswa mavanga, uye ndokuiswa maronda. Aive ari munhu! Aive ari munhu apo paAkachema, “Mwari waNgu, ko iMi maNdisiireiko?” Aive ari munhu achichemera rubatsiro. Asi mangwanani eEsta apo zvisimbiso zverufu pazvakapamurwa uko kubwiro, aive apfuura munhu! Akaratidza kuti Aive Mwari.

Kurarama, Akandida; kufa, Akandiponesa;
 Kuvigwa, Akatakura zvivi zvangu kuresa;
 Kumuka, Akaruramisa pachena
 nokusingaperi:
 Rimwe zuva Ari kuuya, O zuva
 rakabwinyiswa!

Oo, pakati pematombo aitsemuka nematenga
 aive oita matema,
 Muponesi wangu akakotamisa musoro waKe
 ndokufa;
 Kuzaruka kwechidzitiro kwakazarura nzira
 Yekumifaro yeDenga nezuva risingaperi.

³⁰⁵ Ndosaka Eddie Perronet akadanidzira nesimba:

Rumbidzai mose simba reZita raJesu!
 Regai ngirozi dziwe dzozvambarara;
 Unzai korona yehumambo,
 MuMugadze Ishe wavose.

³⁰⁶ Ndiye uya Munhu mukuru, Ishe Jesu. Aive Jehovha, Mwari akaputirwa munyama. Bhaibheri rakati, “Chingave chipi chaunoita mushoko kana mubasa, ita zvose nemuZita raKe.” Bhaibheri rakati, “Mhuri yose yeKudenga inonzi ‘Jesu,’ uye mhuri yose yepanyika inonzi ‘Jesu.’” Ngatinamatei muZita raKe, torarama muZita raKe, todzidzisa muZita raKe, tigofa muZita raKe, tigovigwa muZita raKe, tigobhabhatidzwa muZita raKe, tigomutswa muZita raKe, tigoenda kuDenga muZita raKe. Ndiro Zita raKe, uye Mwenga waKe unonzi “Mai Jesu.” Richatora vanhu kubva kuvaHedheni, nokuda kweZita raKe.

³⁰⁷ Zvino ini handizi muOneness. Kwete, changamire. Imi vanhu vanotenda vanamwari vatatu mumwe bvisai izvozvvo pamuri. Ini handizi muOneness. Kwete, changamire. Handizi muOneness, kana wevanotenda vanamwari vatatu mumwe. Ini ndinotenda zvinotaurwa neBhaibheri. Ndizvozvvo chaizvo. Amen. Whew! Ndagarisa pane mumwe chete. Wanga uri chii? Ndazvibuditsa here? Kana kuti, regai tione, wange uri chii? Oo, hongu, ndizvozvvo, pamusoro pe. . .kuti Baba vaive sei muna Kristu. Aive Munhu, Aive Mwari-Munhu.

43. Ko vechechi yePentekosti havabhabhatidze here nemuZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene? Vamwe vavo.

44. Kana munhu akafa asina rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, anenge arasika here?

³⁰⁸ Kwete, changamire. Kana ari mutendi, achauya murumuko, rumuko rwechipiri. Aine rubhabhatidzo, anoenda murumuko rwekutanga. Zvino, iwe unofanirwa kutenge wototoro shoko rangu. Kana zvisiri kugutsa, zvino iwe—iwe ugondibunza, ndichakupa Gwaro. Nokuti, ndiri kuedza kutora iyi miviri kana mitatuzve pano, zvarado tobva tapedza.

45. Hama Bill, ko Bhaibheri rine zvarinotaura here pamusoro pezvokubheja?

³⁰⁹ Hongu, Rinodaro, asi iyezvino handigone kuparangerira zvino. Ndinoziva kuti masoja akakanda mijenya pamusoro pehanzu dzaKe, uye nezvimwe zvakadaro, asi handisi kugona kuzvitauro.

46. Mungatsanangurawo here vaKorinte Vekutanga 15:29?

³¹⁰ Ndiwanireiwo imomo, kana mukakwanisa, Hama Neville, vaKorinte Vekutanga 15:29. Tichaiwana.

³¹¹ Zvino, pamwe mangwana ndinogona kuti ndikuwanire iwoyo zvakare. Seuyu. . .Mavara aya, kuti anoperengerwa sei, “VICARIVS FILII DEI.” Kana muchizvida, ndizivisei.

47. Ko chiporofita chaEzekieri 38 na 39 chichazadzikiswa here Kubvutwa kusati kwaitika?

³¹² Handifunge kudaro. Ndinofunga kuti chinhu chiri kutevera chatakatarisira Kubvutwa kweChechi. Zvino ndipo paya, “apo Gog naMagogi vanodzika zasi,” mauto eRussia vanouya pa. . .

313 Tarisai, VaBohanon vaimbove supuritendenti pano paPublic Service Company, murume weChikristu akaisvonaka. Zvino akataura neni rimwe zuva, ndokuti, “Billy, ndakaedza kuverenga, uye ndakaedza kukumbira mufundisi wangu kuti atsanangure Zvakazarurwa.” Ndokuti, “Takasvika ikoko zvino tikaZvikanyanisa zvose.” Ndokuti, “Johane anogona kunge akadya chimwe—chimwe chinhu husiku ihwohwo zvino akave nechiroto.”

Ini ndakati, “VaBohanon, munonyadzisa.” Ndikati. . .

Ivo vakati, “Saka, hapana anogona kuRinzwisisa.”

314 Ini ndakati, “Kwete hakuna munhu wenyama, asi Mweya Mutsvene unogona kuRizarura.”

315 Ivo vakati, “Zvino, tarisa kuno, Billy.” Vakati, “Mwenga waive wakamira paGomo reSinai. Zvino apa paive nemvura yakasvipwa kubva mumuromo wechikara, kuti chiite hondo—hondo neMwenga. Zvino Mwenga waive Kudenga panguva imwe cheteyo. Zvifungisise!”

316 Ini ndakati, “VaBohanon, chinhu bedzi chamunacho, mune zvinhu zvitatu zvakasiyana zvamakasanganisa, muchizviti ‘Mwenga.’ Imi muri kudaidza vane *vane zviuru zvine zana namakumi mana nezvina*, avo vakamira neGwayana paGomo reSinai, ‘Mwenga.’ Vaive vasiri. Muri kudana (uyo akasvipa mvura kubva mumuromo make, kuti aite hondo ne) *vakasara veMbeu yemudzimai*, vakanga vasiri Mwenga; ndeavo vaive vasara. Mwenga waive *Kudenga*; vane zviuru zvine zana namakumi mana nezvina *ikoko*; uye neMukristuwo hake achienda *pano* achipinda nemukutambudzwa. Uye ndizvozvo.”

317 Verengai, hama, zvino kana mave naro. [Hama Neville vanoverenga VaKorinte Vokutanga 15:29—Mupepeti.]:

Kana zvisina kudaro ko vachagoita seiko avo vanobhabhatidzirwa vakafa, kana vakafa vasingatongomutswi? vakagobhabhatidzirweiko ivo vakafa?

318 Zvino, zvino, hama, pane vanhu vamwe—vamwe vanotenda izvozvo, ndivo vanobhabhatidzira vafi, ndiwo maMormon. Uye ndakambopinda mumatemberi avo, nguva zhinji, ivo vanhu vakanaka zvikuru. Zvino unogona kunge uri muMormon, zvino. Handizi kuedza kukurwadzisa manzwiwo ako. Asi, shamwari yangu inodikanwa, iwe haugone kubhabhatidzirwa baba vako; ndicho chitiko chavaifanirwa kunge vakaita. “Kwakarerekera muti, ndiko kwaunodonhera.”

Pauro, achitaura pano, aitaura pamusoro pe “akafa,” Jesu Kristu, “kana vakafa vasingamuke, sei muchibhabhatidzwa muZita raJesu Kristu zvino kana vakafa vasingamuke?” Munoona here zvandinoreva? Saka muri. . .Iye akati, “Ngatidyei, nokunwa, uye tigofara, nokuti mangwana

tichafa, kana vakafa vasingazomuki.” Asi anoenderera mberi achibwinyisa Mwari nokuda kwerumuko rwevakafa. Zvino isu tinobhabhatidzwa kuna Jesu Kristu, murufu rwaKe, kuvigwa, uye nokumuka. Ndosaka isu tichibhabhatidzwa kune “akafa.” Zvakanaka.

Ndinotenda, zvino, uyu ndemumwewozve mushure meuyu.

- 48. Hama Bill, ndapota ndiudzeiwo kuti—kuti ndingawane sei rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zvinoitwa nemunamato, hupenyu hwakazvipira, kuUgamuchira sezvatinoina kupodzwa? Ndinoziva zvazviri kuye nekutenda kwekupodzwa apo pamakandinamatira pano. Munonamatira muchiisa maoko pamusoro here, kuitira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene? Ini ndakabhabhatidzwa nemuzita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Ndapota ndiudzei kana ndichifanira kubhabhatidzwa zvakare nemuZita raJesu, sekutaura kwamakaita nguva shoma yapfuura.**

Zvino, shamwari yangu Mukristu inodikanwa, ini handizi kukuudza zvekuita. Ndiri kungoisa Gwaro pasi. Zvino unozivei, kuti Mweya Mutsvene unogona kutouya iko zvino tiri kutotaura. Mweya Mutsvene chipo chaMwari. Maona? Iwo chipo chaMwari. Chinogona kuuya tichitotaura. Zvino ndinokuudza, kana... Kana vanhu vakadzidziswa zvakanaka,...

Vamwe venyu imi vekare vari pano, regai ndikubvunzei chimwe chinhu, imi vekare vagara vari mutabhanakeri. Tarisai pandinenge ndichibhabhatidza vanhu. Uye imi vashumiri motora izvi semuenzaniso. Ini ndakadzidzisa vanhu ivavo kusvikira vakave nehupenyu ihwohwo hwacheneswa vasati vaenda kumvura, uye ndakavaita kuti vatende kuti Mwari vakasungirwa kuti vachengetedze vimbiso yaVo; vachingobva chete mukubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, Mweya Mutsvene waive uripo ipapo kuti vaugamuchire. Zvino pavaizobuda mumvura, vaibva vagamuchira Mweya Mutsvene. Ndzivo chaizvo. Kana iwe ukango...

³¹⁹ Vafudzi, dzidzisa makwai enyu, vatorei movaisa muBhaibheri umu. [Hama Branham vanorova Bhaibheri ravo—Mupepeti.] Ibvai pane bhuku rakare rezvinyorwa zveimwewo chechi, zvino modzika muno muBhaibheri umo Mwari vakadzidzisa, uye hamuzove nematambudziko iwayo.

³²⁰ Hongu, kuisa maoko pamusoro ndiwo magamuchiriro atinogona kuita Mweya Mutsvene, nomumwe munhu akazodzwa achiisa maoko.

- 49. Hama Bill, zviri here... Zviri here kunze kwehurongwa kuti mumwe munhu asimuke opa mashoko nendimi panguva iyo muparidzi paanenge achigovera... kubva muShoko? Munhu uyu ane mibvunzo mitatu pano.**

49b. Zvino mumwe wacho ndeuyu: **Zvakare, zviri kunze kwehurongwa here kuita zvimwe chetezvo kana yave nguva yekudanirwa kuartari kuchiitwa?**

50. Wetatu, wechitatu: **Zvakare, zviri kunze here kwe... Zviri kunze kwehurongwa here kuti mumwe munhu asimuke muchechi zvino otsiura mushumiri pane chimwe chinhu chaanenge ataura kana kuita mukati meshumiro, uye iye ari seri kwetafura yakayereswa? Zvinhu zvose izvi zvakamboitwa patabhanakeri kakawanda.**

³²¹ Zvino, regai ndiende pane uyu nokukurumidza zvino, izvi zviri kutaurwa pamusoro pechechi zvino. Ini... Zvino, kune imi vayeni vari pakati pedu, ini ndinofanirwa kupa chechi kashamhu zvishoma zvino, saka imi—imi imbozvibatai kwekanguvana, munoona, kana muchikwanisa.

³²² Tererai, vana vangu! Zvipo izvozvi zvinoshamisa. Hapana munhu anoziva kuti ndinokukoshesai zvakadii, uye ndinokudai nerudo rwehumwari. Asi zvipo izvozvo zvinogona kukukuvadza mukasazvishandisa panzvimbo chaiyo.

³²³ Tarisai pane vanhu nhasi uno, vanhu vakanaka vari muminda uko, vari kunamatira varwere vachivabhadharisa mari. Izvozvo zvakatsveyama. Kana munhu ane kutenda kwekupodza uye achinamatira varwere, anofanirwa kunge ari munhu akazvibata zvakakwana anonamatira vanhu vasina mari. Tinotenda Mwari! Hama, ini ndinoda kutaura kuti, kwete ndichizvitaure pachangu, asi tichipa mbiri kuna Mwari, handina kana nguva imwe pandakambotora mari kubva muvanhu, kana chimwe chakadaro; zvino ndakatoramba, chaiyo, miriyoni, nezviuru mazana mashanu zvemadhora, mumupiro mumwe chete. Uye munozviva; pakange pari ipo pano, pepa. Maona? Ndizvozvo chaizvo. Hazvizi zve... Paunoita kukadaro, uchazorasikirwa nekutenda kwako kunze uko naMwari.

³²⁴ Zvino imi vanhu vanotaura nendimi uye mune zvipo zvendimi, Mwari vakuropafadzei. Munodiwa mutabhanakeri muno. Ndinokudai pano. Asi, zvino, zvi—zvinhu zvacho zviri muhurongwa, usambofa wakazviita kana muparidzi ari kuparidza. Kana ukazviita, uri kunze kwehurongwa. Maona? Haufanire kuzviita. Nokuti Bhaibheri rakati, “Mweya wemuporofita uri pasi pemuporofita.” Zvino kana munhu achiparidza, ndiye wacho ane zvaari kuita, ndiye ane ungoro, Mweya Mutsvene uri kuzotaura kubudikidza naye. Kana apedza, zvino yave nguva ndimi, munoona. Saka usabude muhurongwa; kana ukadaro, zvino unozokanganisa uye unozo—unogumbura Mweya Mutsvene unenge une mharidzo iri kuenda mberi.

³²⁵ Pano nguva shoma yapfuura, ndaive ndiri mumusanganano kumusoro kuno pamwe panhu muWashington, zviuru zvizhinji zvevanhu zvaive zvigere imomo. Zvino maneja wangu,

anova iye mujekesi chaiye weBhaibheri, aive amire ipapo achitaura pamusoro pekupodza kwaMwari, akazodzwa, Mweya Mutsvene waitaura. Mumwe mudzimai akasimuka ndokutanga kutaura nendimi, zvino akambomirira kwekanguvana, zvino achibva aenderera mberi. Mweya Mutsvene wakatanga... wakagumbutswa, waitogona kuzviona muvanhu. Akatanga kutaura zvakare, zvino mudzimai ndokusimuka. Akati, “Hanzvadzi, garai pasi, nemuZita raIshe.” Ndokuti, “Muri kunze kwehurongwa.” Zvino vashumiri vakamutora mudzimai ndokumendesa uko kwakadaro vachibva vamuzivisa.

³²⁶ Zvino, zvazviri, zvipo izvi zviri munyika, zviri muchechi zvino. Zvipo zviri muchechi, asi vana vaduku vanonzwisa urombo vanatora zvipo izvi uye vasina kudzidziswa kuti vanochidzora sei. Kana ukatadza kuchidzora, unozokuvadza zvakananyanya kupfuura chakanaka chaungaite. Maona?

³²⁷ Zvakangofanana nemurume ari kubuda kunze, achinamatira varwere mumwe munhu achibva apodzwa, oti, “Zvino, unofanira kundipa chiuru chemadhora nokuda kwazvo.” Zvino, atokuvadza zvakananyanya kupfuura zvakanaka zvaaita. Zvaive zviri nani dai murume uyu ayenda mberi obva afa hake pane kuunza kunyadziswa kwakadaro pamusoro pechikonzero chaKristu.

³²⁸ Zvino, kana iwe... Kana mufudzi kana muvhangeri, kana angave ani zvake, achiparidza, zvibatei imi. Pauro akataura kuti zviitwe kudaro, munoona. Zvino, zvino ndokubva ati, “Mose munogona kutaura, mumwe nomumwe.” Ichokwadi chakakwana. Zvino ndokuti, “Dai zvaibvira ndaida kuti mose mutaure nendimi. Izvozvo zvakanaka.”

³²⁹ Asi haugone kutaura nendimi kunze kwekunge une chipo chendimi. Uye pasina kupokana zvachose asi kuti pane zvipo zvizhinji seizvozvo muchechi muno zvino. Pane zvipo zvakananda zvacho pano muchechi yeMethodisti, pane zvakananda zvacho kuno uku muchechi yeBaptisti, dai zvaingoparidzwa kuitira kuti zvipo zvitange kushanda.

³³⁰ Sei? Ukaisa mbeu muvhu zvino worega kuisakurira, chii chichaitika kwairi? Munoona, inogara imomo muguruva rakaoma, yobva yaora; haiite zvakanaka. Zvipo izvi zvagara zviri muchechi kwenguva dzose, asi zvino mvura yatanga kudonha, mvura inonaya yePentekosti, kuidiridzira kuti ibuditse muchero. Zvino, ishandise munzvimbo yakafanira.

³³¹ Zvino, unoti, saka, ndinotenda mubvunzo unotevera wanga uri ipapo, munhu abvunza, ati:

Kana va... kana vave kudanira kuartari?

³³² Kwete, handingafungi zvino. Kana macherechedza, uye motora vaKorinde mugoiverenga, vamwe venyu pano, kana—kana mune zvipo zvekutaura nendimi, zvino cherechedzai. MuBhaibheri, apo pavaive... shure kwenguva shumiro yapera,

maropafadzo aMwari akawira pane ungoro, ipapo vaibva vatanga kutaura, zvino vaibva vatanga kurumbidza Mwari. Uye, nguva yose, rinenge riri shoko rakananga kune mumwe munhu. Kwete. . . Munofanirwa kutarisa izvozvo zvino. Maona? Hazvizi zvinhu zvingori zveunyama. Rinenge riri shoko kune mumwe munhu, kuti mumwe munhu aite chimwe chinhu, kana chimwe chinhu chokusimudzira chechi. Chinenge chiri chimwe chinhu chokubwinyisa chechi.

³³³ Apa ndipo apo vanhu vechiPentekosti pavakaunza kushorwa pazita ravo. Iro zita rokungoti *Pentekosti*, unogona kuritaura zvino vanhu vobva vatofuratira vachienda voti, “Hazvina maturo,” nokuti vakaona zvakawanda zvokungoenderera; zvokuti, vanhu vacho vaive mukuperera asi vasina kudzidziswa.

³³⁴ Pauro akati, “Kana ini ndikauya kucheche yePentekosti kumusoro uko,” ndokuti, “ndichaiisa muhurongwa.” Inofanirwa kunge iri muhurongwa, uye zvinhu zvose zvinofanirwa kuitwa zvakarongeka, sekungoraira kwakaitwa neMweya. Saka akati, “Zvino, kana kukauya, zvino mose motanga kutaura nendimi; zvino asina kudzidza ouya, iye achati, ‘Zvino, imi mese hamupenge here?’; obva abuda kunze.”

³³⁵ Ndizvo chaizvo zvinoitwa nechechi yechiPentekosti. Akati, “Zvino, panzvimbo yaizvozvo, kana mumwe wenyu akaporofita uye ozarura zvakavanzika zvezvimwewo, (mumwe wenyu anofanirwa kunge ari muporofita, nemamwe mashoko),” akati, “zvino vanhu havazowira pasi here voti ‘Mwari anemi?’”

³³⁶ Zvino, ndingagoramba sei chipo chokutaura nendimi apo ndinotofanirwawo kuramba chipo chokuporofita, ndinotofanirwawo kubva ndaramba zvimwe zvipo zvose izvi? Zvino, machechi mazhinji, machechi makuru, veNazarene, Pilgrim Holiness, neakadaro, vanofunga kuti munhu akataura nendimi idhimoni. Uku kumhura kunopesana neMweya Mutsvene, zvekuti hakuna kuregererwa. Ndizvo zvakaitwa nemaJudha, vakaita jee nevanhu vane Mweya Mutsvene, zvino vakapomerwa ndokurasika, nokuda kwazvo. Ndizvozvo! Jesu haana here kuti, “Kana ukataura shoko rimwe chete rinopesana neMweya Mutsvene, haumbofa wakaregererwa munyika ino kana nyika inotevera”? Saka chenjererai; kana usinganzwisise, gara wakadzikama.

³³⁷ Zvino imi vanhu vane Mweya Mutsvene uye makadanirwa mumahofisi, vadzidzisi. . . Zvino, mungambofungawo here. . . ndini pano ndakamira ndichiedza kudzidzisa, zvino pobva pasvetuka mumwe murume, parutivi rwangu, obva atanga kudzidzisa panguva imwe cheteyo, mumwewo murume amire apo otanga kuimba nziyo yejubheri? Saka, inyonganyonga yakadii!

338 Saka, ndizvo zvazviri pamusoro pokutaura nendimi. Ngazviuye zviri muhurongwa, sekupihwa kwazvinoitwa neMweya, unogona kutaura nendimi.

339 Zvino iwe unoti, “Saka, Hama Branham, ini hapana zvandinogona kuita nezvazvo.”

340 Oo, hongu, unogona! Pauro akati unozvigona. Akati, “Kana pane mumwe wenyu, pakati penyu, anotaura nendimi, uye pasina anodudzira, ngaanyarare.” Hazvina basa kuti ari kuda zvakadii kutaura, nyarara. Ichocho chipo, hama. Ini—ini ndinonamata, Mwari vazoita kuti ndive nerumutsiriro pano pane mamwe mazuva ano kuti tipinde mune zvinhu izvi nokuda kwenyu, muri kuona. Apo paunoona kuti chipo, zvino chipo ichocho chinoda kushanda nguva dzose. Maona? Asi unofanira kunge une huchenjeri hweMweya Mutsvene pano kuti uzive kuti ndirinhi uye unoita sei kushandisa chipo ichocho. Uye kuti . . .

341 Unoti, “Zvakanaka, mbiri kuna Mwari, Bhaibheri rakati kana Mweya Mutsvene wauya hauzodi mumwe mudzidzisi. Iye ndiye Mudzidzisi pachaKe.” Oo, hama, ungave sei mudiki kudaro kuverenga Magwa- . . . Sei Mweya Mutsvene wakaisa vadzidzisi muchechi, zvino?

342 Woti “Ini handisungirwe kuve nemunhu anondidzidzisa. Mweya Mutsvene unondidzidzisa.” Unodaro, kubudikidza nemudzidzisi. Wakaisa vadzidzisi muchechi.

343 Iye akati, “Vese vadzidzisi here, vese vaapostora here, zvese zvipo zvokupodza here?” Mweya Mutsvene wakaisa zvinhu izvi muchechi, zvino Unozvishandisa zvose, uye chimwe nechimwe chazvo chinoshanda chiri muhurongwa.

344 Zvino zvakangofanana netsoka yangu; imwe yacho inoti, “Ndiri kuenda nenzira *iyi*,” zvino imwe yoti, “ini ndiri kudzokera nenzira *iyi*.” Zvino, iwe uchaita sei? Ruoko ndokuti, “Ini ndave kukwira kumusoro,” zvino rwumwe rwuri kupota nenzira *iyi*. Zvino chichave chimiro chemhando ipi icho mutumbi uchapinda machiri? Maona?

345 Asi, zvino, kana pfungwa pano ikati, “Tsoka, famba uende mberi, mese muri vaviri. Ruoko, enda nadzo. Musoro, iwe gara wakatwasanuka. Maoko, itai zvimwe chetezvo,” zvinhu zvose zvichifamba muhumwe. Zvino, kana ndikasvika ikoko, handina kushandisa maoko angu. Zvino, tsoka yaita basa rayo, mufundisi vapedza kuparidza; zvino, maoko, chiitai basa renyu. Maona? Munoono zvandinoreva?

346 Zvino, ko dai maoko anga ari kutambanuka kunze *sezvizvi*, “Oo, ko chiri kupi? Ko chiri kupi?” zvino makumbo achiparidza? Munoono, hausati wasvika ipapo nazvino. Munoono, chimbomira, ruoko; ichasvika nguva yako yokuti ushandiswe mushure mechinguva; mirira kusvikira wasvika ikoko. Munoono here zvandinoreva? Ndicho chipo, ndicho chipo cheMweya chichishanda.

³⁴⁷ Ndinoda Ishe. Hamumudiwo here? Ameni. Tererai, ndinoziva chinhu chimwe chandinogona kutaura pamusoro penyu, zvechokwadi mune moyo murefu; maminitisi makumi maviri dzadarika nguva dzegumi. Zvino, shamwari, tarisai kuno seizvi zvino. Ini... Izvi ndizvo sekuzivisisa kwangu. Ndinofanirwa kupfuura nekuchimbizika nemuchinjumba chawo chikuru chakadai. Kana ini... Kana usingawirirane nazvo, usagura hukama neni. Iwe iva hama yangu, munoona. Ini ndinokuda, uye ndinotaura zvinhu izvi nokuti zviri mumoyo mangu. Ndzivo zvandinotenda, uye ndiyo nzira yandinovitsanangura nayo, ndiyo nzira yandinoviuza nayo, yekubva muBhaibheri.

³⁴⁸ Zvino, kana iwe ukati, “Hama Branham, ini handingozvitendi nenzira iyoyo.” Zvinenge zvakanyatsonaka zvachose, munoona. Hatimbofi takafunga zvakasiyana, tichangoenderera mberi sehama neshamwari.

³⁴⁹ Zvino—zvino kana iwe ukati, “Saka, ndi—ndinotenda kuti kana ndikava nhengo yechechi yeMethodisti kana chechi yeBaptisti, ndichaponeswa zvakadaro.” Zvakanaka, hama, izvozvo zvakanyatsonaka zvachose. Ndichiri kukudana kuti “hama yangu,” nokuti iwe unotenda Jesu Kristu. Maona? Ndzivozvvo chaizvo. Saka isu tichave hama neshamwari zvakangodaro.

³⁵⁰ Asi ndiri kungozviisira kuchechei ino, mazuva mashoma pano, iyo Dzidziso inomirirwa nechechi ino. Maona? Ndzivo zvinomirirwa nechechi! Zvino kana pano pane mudhikoni asingatende mukubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, uye nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kana zvipo zveMweya zvichiratidzwa, mudhikoni iyeye, ipo pano ndimire pano, haakodzere kunge ari muchechi kusvikira azvigadzirisira. Ndzivozvvo chaizvo. Zvino bhodhi rinofanirwa kuona nezvazvo. Ndzivozvvo! Chechi ino haitungamirirwe nemadhikoni; chechi ino inotungamirirwa neBhaibheri neMweya Mutsvene, chete. Hongu, changamire. Zvino, zvinhu izvozvo, isu tinotenda kuti ndiyo Dzidziso yechechi ino.

³⁵¹ Isu hatina hunhengo zvachose. Hapana munhu ari nhengo pano, asi munhu wese anouya inhengo, nokuti tinotenda kuti tose tiri nhengo dzeMutumbi mumwe chete kubudikidza nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

³⁵² Zvino isu tinokugombedzera, hama yangu inodikanwa Mukristu kana hanzvadzi, kuti ubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu uye ugamuchire Mweya Mutsvene. Kana iwe wakasogamuchira Mweya Mutsvene nechekare, shure kwekunge wanga wakabhabhatidzwa muzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, Mwari vakuropafadze! Iwe unoti, “Hama Branham, zvino ndoitei pamusoro pazvo?” Mubvunzo wacho wapindurwa. Ini ndinogona kutaura saPauro akati, unofanira kubhabhatidzwa zvakare!

³⁵³ Zvino, tarisa pano, Mabasa. Regai tiverenge izvi, vaGaratia 1:9. Inyorei pasi, imi muri kuzvinyora. Pauro akati, murume mumwe chete iyeye akataura izvi, akadzidzisa chinhu ichi. Munozvitenda here zvino? Ndizvozvo here? Pauro aive avaudza kuti vanofanira kubhabhatidzwazve zvakare muZita raJesu Kristu. Zvino Pauro akati, “Kana Ngirozi inobva Kudenga. . .” VaGaratia 1:8, “Kana Ngirozi inobva Kudenga ikakudzidzisa chimwe chinhu chakasiyana neIchi, ngaave kwamuri akatukwa.” Kana ari muachibishopi, kana ari papa, kana ari mushumiri, kana ari muporofita, kana ari mufundisi, kana iri Ngirozi inobva Kudenga, kana kuti angave ari ani, akati, “Kana vakadzidzisa chimwe chinhu kunze kweIchi, ngaave kwamuri akatukwa!” Ndizvozvo here? Zvino akazvidzokorora zvakare, achiti, “Sezvandakataura, zvino ndinoti zvakare: Kana vakadzidzisa zvimwe zvinhu zvisiri Izvi, ngaave akatukwa!” Ndizvozvo here?

³⁵⁴ Saka Ishe ngavakuropafadzei. Ini ndazviverenga kubva muShoko, zvino iwe chiita sarudzo yako.

³⁵⁵ Zvino vangani vanofarira rumbo rwakare rwuya rwakanaka:

Kutenda kwangu kunotarisa kwaUri,
Iwe Gwayana reKarivhari,
Muponesi weKudenga;
Zvino ndinzwei pandiri kunamata,
Bvisai kupomerwa kwangu kwose,
Uye ndiitei kubvira nhasi
Ndive weNyu zvachose!

³⁵⁶ Zvino ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu, imi muri muचेchi muno. Semunhu ari kufa achiparadzira munhu ari kufa, ndichicherechedza kuti iyi inogona kunge iri iyo mharidzo yokupedzisira yandatoparidza; uye ndinoedza kuparidza mharidzo yose yandinoita, sekunge ndiyo yangu yokupedzisira, semunhu ari kufa kune munhu ari kufa. Zvino ndinokubvunzai, hama dzangu, nevamwe vangu vagari vemunharaunda ino nenyika ino, uri kunyatsonzwa here kuti ungame kufamba pedyo naMwari shure kweshumiro dzino? Mwari vakuropafadzei! Ini semu. . . hama yenyu, ndichitaura kwamuri, munamato wangu wakaperera, kwamuri, ndewekuti mugamuchire kufamba pedyo uku naMwari.

³⁵⁷ Zvino dai, paZuva reKutongwa, apo manheru ese aya andanga ndichiparidza, kuchave nese—sezitepi guru rakarekodhwa richaridzwa paZuva iroro, uye inzwi rangu richabuda, zvino ndichamira ipapo ndigopa humbowo, nokuti mashoko angu achandiropafadza kana kuti achandipomera paZuva iroro. Zvino ndiwo anga ari mashoko angu kwemakore makumi maviri neanoraudzira akapfuura, semukomana mudiki angaite makore makumi maviri okuberekwa, ndichiparidza

Evhangeri, zvino ndave nemakore makumi mana nemashanu zvino. Uye ini handisati ndamboIshandura nepaduku pose, nokuti handaikwanisa kuIshandura chero bedzi Bhaibheri richiramba riri zvariri.

³⁵⁸ Zvino ndakaIdzikisa midzi mumabhishopi uye nezvimwe zvese, uye handisati ndamboona mumwe nazvino anogona kutaura achipesana naYo, maererano neShoko. Ivo vanoti... Saka, zvino, ini...Muprisita uyu, pano mazuva mashoma apfuura, akati, “Mufundisi Branham, isu hatitore Bhaibheri; chechi ndiyo yacho, kwatiri isu.” Saka haugone kutaura nemunhu iyeye. Asi kana uri kuzozviisa panheyo yeBhaibheri, zvinenge zvasiyana. Maona?

³⁵⁹ Ini ndinonamata kuti Mwari vazo...Mumwe nemumwe weshamwari dzangu dzechiKatorike ari pano, uye mumwe nemumwe weshamwari dzangu dzechiProtestanti, uye kunyangwe...Ivo havachisiri...Kana chero...Ndi—ndinoda mumwe nomumwe wenyu. Uye Mwari vanoziva kuti ichokwadi here kana kwete. Tarisai mumutsara wemunamato, kana mapofu—mapofu nevakaremara, Iwo hauti, “Katorike.”

³⁶⁰ Pano pagere murume pano chaipo papurat-...ipo pano, muKatorike, ari kufa nekenza, adyiwa; akauya kumba kwangu, zvino Mweya Mutsvene ndokuuya pamusoro pake, ndokumupodza kenza iyoyo. Haana kumbomuudza kuti aive muKatorike here kana kwete; handina shoko randakamuudza. Iye akangouya, ndokubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu achibva agamuchira Mweya Mutsvene. Hapo pagere murume wacho apo chaipo, muzvinabhizimu muLouisville. Hongu. Maona?

³⁶¹ Haubvunze kuti uri muKatorike here kana kwete. Zviri pakuti moyo wako une nzara here yaMwari. “Vakakomborerwa avo vane nzara nenyota yekururama, nokuti vachazadzwa.” Ndizvozvo here? Amen. Ishe vakuropafadzei.

³⁶² Vangani vanoziva rwumbo urwu rwakare rwakanaka, *Ngachiropafadzwe Icho Chisungiso Chinosunganidza?* Vangani vanhu muno vakapfuura makore makumi mana okuzvarwa, simudzai maoko enyu pamwe chete neni, zvino moti, “Ndinorangarira rwiyo rwakare, kubva pane makore makumi mana, *Ngachiropafadzwe Icho Chisungiso Chinosunganidza?*”


Ngachiropafadzwe icho chisungiso
chinosunganidza
Moyo yedu nerudo rweChikristu;
Kuwadzana kwepfungwa dzine hukama
Zvakafanana nezviri kudenga.

³⁶³ Hamudi here nziyo dzakare idzi? Tererai, ndinoda kutaura izvi, dai tikave nenziyo dzakawanda dzakare pane kunge tine zvakawanda izvi zvekungoenderera zvatinaazvo, ndinofunga

kuti chechi inozenge iri zviru nani. Ini ndinoda nziyo dziya dzakanaka, dzakare dzakanyorwa neMweya Mutsvene.

³⁶⁴ Ivo vekare, ndaisimborangarira, mumwe murume mutana wechitema, aisimbogara seri kwemba, zasi uko kumakomo ekuKentucky. Aiti kana aneta, aigara pachidanda chekare—kare orava pachidanda ichi nemaoko ake. Ndinomurangarira zvakanaka kwazvo, aive nekadenderedzwa kebvudzi jena kaitenderedza musoro wake. Iye aizoimba rwiyo rwuya rwekare, rwiyo rwekare:

Ini ndichasimuka ndoenda kuna Jesu,
Iye achandimbundira mumaoko Ake;
Mumaoko eMuponesi wangu akakosha,
Oo, mune zviuru gumi zvezvinoshamisa.

³⁶⁵ Rwakange rwusina kutsetseka pakuimbwa kwaro. Vangani vakambonzwa nziyo yakare iyi? Ini zvangu! Zvakanaka. Tererai. 

MIBVUNZO NEMHINDURO SHO54-0515
(Questions and Answers)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEMAZVIBATIRO, HURONGWA NE DZIDZISO ZVEKEREKE
Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga
neChirungu Mugovera manheru, 15 Chivabvu, 1954, paBranham Tabhenakeri
muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa
ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku
muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org